Альфа ҳәм Омега

# Мухаддес Китапқа шолыў жасаў

## 40 сабақ



Режеп ҳәм Лайло Айдын

*Альфа ҳәм Омега*

# Мухаддес Китапқа шолыў жасаў

## 40 сабақ



Режеп ҳәм Лайло Айдын

KITABI-KNIGI.COM

Скачать и читать на любом устройстве, на вашем родном языке, бесплатные электронные книги для всей семьи.

KITABI-KNIGI.COM

© 2022 Альфа ҳәм Омегадан
*alphaomegasilkroad@gmail.com*

© 2023 Қарақалпақ тилинде басып шығарылыў
Рухсат пенен аўдарылған. Барлық хуқықлар сақланған.

Төмендеги көрсетилген бетлерден тысқары барлық сүўретлердиң авторлық хуқықы © 2023 Джим. Барлық хуқықлар сақланған.
68, 69, 127, 128 , 196, 197 ҳәм 198 бетлердеги сүўретлердиң авторлық хуқықы © 2016 Фил Кроутер. Рухсат пенен пайдаланған. Барлық хуқықлар сақланған.

Барлық авторлық хуқықлар сақланған. Барлық аятлар Мухаддес Китаптан алынған.
Мухаддес Китап © КркМК22 2022

# Кирисиў

Сизлерге төменде Мухаддес Китап ўақыяларын билип алыўыңызға жәрдем беретуғын 40 сабақ берилген.

Ҳәр бир сабақта сизлер жууап бериў керек болған көплеген сораўлар бар. Ҳәр бир сораўдан кейинги скобканың ишиндеги сан, сол сабақтың соңында келетуғын жууапларлардың санын көрсетеди. Сораўға жууапты оларды көрместен бурын жууап бериўге ҳәрекет етиң!

Ҳәр бир сабақ силтемелерге ийе. Егер олар **қалың** ҳәрип пенен жазылған болса, оларды таўып, оқып шығыў әҳмийетли болып табылады. Ал егер олар қалың ҳәрип пенен жазылмаған болса, оларды ўақтыңыз болғанда көрип шығыўыңызға болады.

Бул әжайып ўақыяларды қызығыўшылық пенен үйренип, басқалар менен бөлисиўиңиз ушын дууа етип қаламан!

# 1-Сабақ:

# Мухаддес Жазыўдағы китаплар



Бул сабақ ушын өз Мухаддес Китабыңыздың басындағы китаптың Мазмунына қараўыңыз керек болады.

## Кирисиў:

- Мухаддес Китап сөзи (русшада Библия) «Библиотека», яғный «китапхана» дегенди аңлатады. Онда ҳәр қыйлы китаплар бар. Мухаддес Китапта 66 китап бар. Ески келисимде 39 китап, ал Жаңа келисимде 27 китап. Бул китаплар ҳәр қыйлы ўақытлары ҳәм ҳәр қыйлы авторлар тәрепинен жазылған. Олар да бир биринен өз жанрлары менен ажыралып турады (мысалы: тарийх, поэзия, хат).

  Мухаддес Китапта неше китап бар? [1]

- **Мухаддес Китап екиге бөлинген:** Ески ҳәм Жаңа келисим. Келисим сөзи өз ара келисип алыўды билдиреди. Ески келисимде Қудай Өз халқы менен келисим дүзеди. Мысалы: Ибрайым менен, Нух пенен, Синай таўында израиллылар менен, Даўыт пенен. Бирақ Жаңа келисимде Ол таза келисимди Ийса Масийхтың қанында дүзди. Бул келисим Ески келисимдеги ҳәмме келисимлерден де уллысы болып есапланады. Себеби ол Ески Келисимниң барлық ўәделерин орынлайды.

  Мухаддес Китап қалай бөлинеди? [2]

  «Келисим» деген не? [3]

- **Мухаддес Китаптағы еки Келисим де бизлер ушын Қудайдың сөзлери болып есапланады** (2 Петр 3:15–16-аятларына қараң). Ийсаның ўақтында әлле қашан Мухаддес Китап, яғный Ески келисим бар еди. Яҳудийлер оны «Жазыўлар» деп атап, оны мәжилисханаларда оқыйтуғын еди. Олар «Жазыўлар» Қудайдың руўхының илҳамы менен жазылған деп исенетуғын

еди. Бирақ елшилер қайтыс болғаннан соң исениўшилер Ийса ҳаққында жазылған Хош Хабар китапларын ҳәм елшилер тәрепинен жазылған хатларды жыйнады. Ҳәтте елшилердиң дәўиринде де исениўшилер елшилердиң хатлары да Қудай тәрепинен илҳамланған деп түсинген еди (2 Петр 3:15−16-аятына қараң). Павел Тимофейге: «Мухаддес Жазыўлардың ҳәммеси Қудайдың Мухаддес Руўхының илҳамы менен жазылған болып, тәлим бериў, әшкаралаў, дүзетиў ҳәм ҳақыйқатлық бойынша тәрбиялаў ушын пайдалы» деп жазады (2 Тим. 3:16).

Мухаддес Жазыўлардың барлық китаплары не нәрсеси менен пайдалы? [4]

# Ески келисим

Мухаддес Жазыўда Қудайдың дүньяны ҳәм адамларды қалай етип жаратқаны ҳәм Ол Өзине **халықты** қалай етип таңлап алғаны ҳаққында жазылған.

Ески Келисимде тек ғана Жаңа Келисимде орынланатуғын әжайып ўәделер бар.

Ески Келисимде китаплардың ҳәр қыйлы түрлери бар. Оның ишинде нызам китаплары, тарийхый китаплар, даналық китаплары ҳәм пайғамбарлар китаплары бар.

## Таўрат

Биринши 5 китап Таўрат деп аталады.

Бул китап дүньяның жаратылысынан баслап Мууўсаның өлимине шекемги тарийхты, яғный Қудайдың халқы ўәде етилген жерди ийелеп алмақшы болған дәўирди өз ишине алады.

Таўрат китабы бизге:

1. Дүньяны Қудай жаратқанын.
2. Адамлардың гүна ислегенин.
3. Қудай барлық адамларды набыт етиў ушын жер бетин суў алдырғанын, бирақ Нухты ҳәм оның шаңарағын қутқарып қалғанын.
4. Қудай Өз халкының атасы болыўы ушын Ибрайымды таңлап алғанын ҳәм солай етип оның урпақлары Қудайдың таңлаған халқына айланғанын оның урпақлары халыққа айланғанын.
5. Қудай бул халықты Мууўса арқалы Мысырдағы қуллықтан қутқарғанын.
6. Синай таўында Қудай олар менен келисим дүзгенин: Ол бул халықтың Қудайы болғанын ҳәм олар Қудайдың нызамын орынлайтуғынын
7. Өзлериниң бойсынбаўшылығы себепли Қудайдың халқы шөлистанда 40 жыл жасаўы керек болды ҳәм 40 жылдың соңында Қудай оларды ўәде етилген жердиң шегарасына алып келди.
8. Ақыр соңында Мууўса жаңа әўладқа Қудайдың нызамын үйреткенин баянлап береди.

Жаратылыс китабының 12:1–7-аятларында Қудай Ибрайымға әжайып ўәделерди бергенин оқыўымыз мүмкин.

Мухаддес Китаптың гүрриңи — бул Қудайдың усы ўәделерди қалай орынлайтуғыны ҳаққында баян етеди.

Ески Келисимде олардың тек бир бөлеги ғана орынланды.

Қудай Ибрайымға не берди? [5]

## Қудайдың халқының тарийхы ҳаққында китаплар: Ешуадан Эстерге шекем

12 тарийхый китаплар бар. Бул китаплар Қудайдың халқының ўәде етилген жердеги тарийхы болып есапланады.

Қудай оларды басқарыў ушын басшыларды ҳәм патшаларды берди. Бирақ олардың көпшилиги Қудайға бойсынбаўды мақул көрди. Ең уллы патшалар Даўыт ҳәм оның улы Сулайман болды. Олардың патшалық дәўиринде Қудайдың Ибрайымға берген барлық ўәделери орынланғандай болды.

Бирақ биз соңында Қудайдың халқы Оған емес, ал басқа қудайларға табынғанын көремиз.

Ақыр соңында Қудай оларды басқа жерге сүргинге жиберди. Арадан 70 жыл өткеннен соң Қудайдың халқының айырымлары ўәде етилген жерге қайтып келди.

Ең уллы патшалар кимлер болды? [6]

Не ушын Қудай **халқын** басқа жерлерге сүргинге жиберди? [7]

## Даналық китаплары

5 китап: **Аюп, Забур, Сулайманның ҳикметлери, Сулайманның пикирлеўлери, Сулайманның қосықлары китаплары.**

Бул китапларда исениўшилердиң өмири ҳаққында дана тәлимлер топланған. Олар қалай етип биз табыслы жасай алатуғынымыз ҳаққындағы даналыққа үйретеди. Забурда Қудайға дуўа етиў ҳәм табыныў қосықларының топламы жазылған. Бизлер өз табыныўымызда ҳәм дуўа етиўлеримизде олардан пайдалана аламыз!

Бул 5 китап нени үйретеди? [8]

Забур неси менен пайдалы? [9]

## Пайғамбарлар китаплары

Ески келисимдеги басқа 17 китап — **пайғамбарлар китаплары** болып есапланады. Пайғамбарлар Қудайдың хабаршылары еди.

Пайғамбарлар китапларын түсиниўимиз ушын биз тарийхий китапларды билиўимиз тийис. Соның менен бирге биз пайғамбарлардың не жазғанын түсиниўимиз ушын олардың қашан жазылғанын билиўимиз тийис:

1. Гейпара пайғамбарлар өз китапларын Израил патшаларының басқарған дәўирлеринде жазған. Олар Қудайдың халқын егер олар Қудайға қарай жүзлерин бурмаса, Қудайдың жазалайтуғынын **ескертти**.

2. Гейпара пайғамбарлар китапларын олар сүргинде болған ўақытлары жазған.

3. Бул пайғамбарлар Қудайдың халқына Ол сизлерден мәңгиге жүзин бурмады деп **жубаныш береди**.

Пайғамбарлардың гейпаралары китапларды сүргиннен өз елине қайтып келгеннен соң жазған. Олар Қудайдың халқын Ол сизлердеги шерменделикти алып таслайман деп ўәде берген деп **жигерлендиреди**.

Пайғамбарлар арқалы Қудай Өз халқын ескерткен, жубаныш берген ҳәм жигерлендирген.

Пайғамбарлар китапларын түсиниў ушын нелерди билиў керек? [10]

Қудай пайғамбарлар арқалы қандай 3 нәрсени ислейди? [11]

# Жаңа Келисим

Жаңа келисимде биз Әлемниң Жаратыўшысы болған Қудайдың Өзи бизиң өмиримизге қалай кирип, кәмил Инсаны болғаны ҳаққында оқыймыз. Ийса — Ол ўәде етилген Қудайдың Патшасы, қутқарылыў алып келетуғын Масийх. Жаңа Келисимде Ески Келисимде берилген ўәделердиң барлығы орынланады.

Басқаша сөз бенен айтқанда Мухаддес Китапта тек ғана бир қаҳарман бар.Ол Ийса Масийх.

Ийса, бизлерди Қудайдан алыслататуғын гүнаның Қудай тәрепинен белгиленген шешими болды.

Мухаддес Китаптағы баслы қаҳарман ким? [12]

Жаңа Келисимде де ҳәр қыйлы китаплар бар.

## Хош Хабарлар ҳәм Елшилердиң ислери

Дәслеп тарийхый китаплар бар. Биринши 4 китап Ийсаның өмири ҳаққындағы ўақыяларды айтады (олар Хош Хабарлар ямаса Инжил деп аталады). Олар **Матта, Марк, Лука ҳәм Юхан** Ийсаның өмириниң әҳмийетли болған ўақыяларын жазған.

Соңынан **елшилердиң ислери** китабы бар. Бул китап Лука тәрепинен жазылған. Ол Қудайдың жаңа шаңарағы, яғный жәмәәт ҳаққындағы тарийхый китап болып табылады. Бул китап Масийх ҳаққындағы Хош Хабар қалай етип көплеген еллерге тарқалғаны ҳаққында айтады.

Жаңа Келисимде неше тарийхий китаплар бар? [13]

Масийхтың елшилериниң ислери ҳаққындағы китапты ким жазған (Елшилердиң ислери)? [14]

## Хатлар

Елшилердиң ислери китабынан соң Петр, Юхан, Павел ҳәм басқа да елшилердиң 21 хаты бар. Бул хатлар жәмәәтти Хош Хабарға үйретеди, жигерлендиреди ҳәм (керек жеринде) дүзетеди.

Хатларды кимлер жазған? [15]

## Аян

Мухаддес Китаптың соңғы китабы — **Аян** китабы. Бул Юханның көрген көриниси болып, ол Ийсаның гүнаны, өлимди ҳәм шайтанды жеңгенин көрсетеди! **Қудай** ҳәм **Оның халқы** жаңа жерде **мәңги** бирге жасайды! Бул Қудайдың Ибрайымға берген ўәдесиниң толық орынланыўы болып табылады.

Тарийхтың соңында ким бирге жасайды? [16]

# Әмелий тапсырма

Егер сиз бурынлары булай ислемеген болсаңыз ҳәр күни Мухаддес Китаптан бир үзинди (яғный бир неше аятларды) оқың. Өзиңизге төмендеги сораўларды бериң:

1. Бул жерде Қудай (Әке, Ул, Мухаддес Руўх) ҳаққында не жазылған?
2. Бул жерде адам (оның минез қулқы, жақсы ямаса жаман ҳәрекетлери) ҳаққында не жазылған?
3. Бул жерде ўәде ямаса бизлер әмел қылыўымыз керек болған буйрық, ескертиў ямаса жақсы мысал бар ма?
4. Қудай бул үзиндиден бизлерге не үйретпекши?
5. Мен бул ҳаққында кимге айтып бериўим мүмкин?

Жуўапларыңызды дәптерге ямаса блокнотқа жазың.

# Жуўаплар

1 – 66
2 – Ески Келисим ҳәм Жаңа Келисим
3 – Келисим (еки тәреплеме дүзилген) келисим (шәртнама) дегенди аңлатады
4 – Тәлим бериў, әшкаралаў, дүзетиў ҳәм ҳақыйқатлық бойынша тәрбиялаў ушын
5 – Әжайып ўәделер
6 – Даўыт ҳәм оның улы Сулайман
7 – Қудайдың халқы Оған емес, ал басқа қудайларға табынғаны ушын.
8 – Даналық — қалай табыслы жасаў
9 – Биз оларды табынғанымызда ҳәм дуўа еткенимизде пайдаланыўымыз мүмкин.
10 – Биз олардың қашан жазылғанын билиўимиз тийис
11 – Қудай пайғамбарлар арқалы ескертти, жубаныш берди ҳәм жигерлендирди.
12 – Ийса Масийх
13 – 5
14 – Лука
15 – Петр, Юхан, Павел ҳәм басқа елшилер
16 – Қудай ҳәм Оның халқы.

2-Сабақ:

# Ең баста



**Жаратылыс 1:1–2:15-аятларын** оқың (Жаратылыс китабының биринши бабының биринши аятынан баслап, екинши баптың он бесинши аятына шекем).

## Үшбирлик

**Жаратылыс 1:1:** *Ең баста Қудай аспан ҳәм жерди жаратты.*

Қудай аспан ҳәм жерди жаратпастан бурын не бар еди? [1]

**Жаратылыс 1:3:** *Сонда Қудай: «Жақтылық болсын!» — деп буйырды ҳәм жақтылық пайда болды.*

Қудай дүньяны қалай жаратты? [2]

**Юхан 1:1–3:** *Ең баста Сөз бар еди. Сөз Қудай менен бирге еди. Сөз Қудай еди...*

Ең баста ким Қудай менен бирге еди? [3]

**Юхан 1:14–17-аятларын** оқың. «Сөз» деген ким? [4]

**Жаратылыс 1:2:** *Жер түр-түссиз қаңырап атырған болып, туңғыйық үстин қараңғылық қаплаған еди. Ал Қудайдың Руўхы болса, суўлардың үстинде ушып жүр еди.*

Суўлардың үстинде ким ушып жүр еди? [5]

Олай болса биз Мухаддес Китаптың ең биринши бабында Үшбирликти көремиз: Қудай, Ул (яғный бул жерде Сөз) ҳәм Мухаддес Руўх.

**Жаратылыс 1:26–27-аятларын** оқың. Қудайдың Өз көринисимиздей ҳәм Өзимизге уқсатып деп айтқаны жүдә қызық.

Бул бизлерге Қудайдың биреў екенин көрсетеди, бирақ басқа перспектива бойынша жалғыз емес.

**Нызамның қайталаныўы 6:4-аятын** оқың. Қудай — жалғыз бир Қудай.

Биз неше Қудайға сыйынамыз? [6]

Биз үш қудайға сыйынбаймыз, бирақ Қудайымыз биреў болып, Ол үш бирликтен туратуғынын билемиз. Сол бир Қудай үш бирликтен ибарат болып, Олар бир — бирин жүдә жақсы көреди (сүйеди).

Бул сүйиў романтикалық түрдеги сүйиў емес, ал басқаларды қуўандырыў ушын бәрқулла Өзинен кешетуғын сүйиспеншилик болып табылады.

Қудай — (Ол) сүйиспеншилик (1 Юхан 4:8). Сүйиў ушын және бир адам жаныңызда болыўы керек. Егер сүйиспеншиликти көрсететуғын басқа адам болмаса, онда сүйиў мүмкин емес.

**Нызамның қайталаныўы 6:5-аятын** оқың. Қудай Өз халқына не ислеўди буйырып атыр? [7]

Қудай дүньяны жаратпасынан бурын не ислеп киятырған болса, бизлерге де соны ислеўди айтады. Қудай Оның Өзин ҳәм адамларды сүйиў ушын бизлерди жаратты.

Биз Үшбирликти Ески Келисимде де Жаңа Келисимде де ушыратамыз. Мысалы:

- Жаратылыс китабының 18–19-бапларында: Қудай аспанда да, жерде де болады (яғный бар).
- Юхан 14:16–17-аятларында Ийса Өз шәкиртлерине: «Мен Әкемнен сорайман ҳәм Ол сизлер менен мәңги бирге болыўы ушын басқа Жақлаўшыны жибереди. Ол — Ҳақыйқат Руўхы», — дейди.

Биз Мухаддес Китапта биринши мәрте Үшбирликти қай жерде ушыратамыз? [8]

# Адамлар Қудай менен қарым-қатнаста болыў ушын жаратылған

**Жаратылыс 1:26–27-аятларын** оқың. Биз ҳайўанлардан не нәрсемиз бенен парықланамыз? [9]

Қудайдың көринисиндей болыў дегенимиз не? [10]

Қандай адамлар қәдир-қымбатлыққа ийе? Ересек адамлар ма? Байлар ма? Жүдә күшли адамлар ма? Жүдә ақыллы адамлар ма? [11]

Биз Қудай жаратқан хеш бир адамды айырмаўымыз керек. Бизиң парызымыз — адамлардың жасына, денесиниң реңине, қәбилетине ҳәм т.б. қарамастан олардың ҳәммесин сүйиў болып есапланады.

**Аян 4:11-аятын** оқың. Биз не ушын Қудайға табыныўымыз (сыйыныўымыз) тийис? [12]

Биз Қудайға сыйыныў ушын жаратылғанбыз. Биз Қудайға сыйынған ўақтымызда өзимиз де, Қудай да қуўанышқа бөленеди!

# Адамның жумысы



Қудай Адам-ата менен Ҳаўа енени Эден бағына жайластырды. Бирақ Қудай оларға пүткил дүнья жүзин берген еди!

**Жаратылыс 1:28-аятын** оқың. Қудай оларға не ислеў керек деп айтқан еди? [13]

Бул нени билдиреди? Қудай олардың не ислеўин қәлеген еди? [14]

Адам-ата не ушын жаныўарлардың үстинен патшалық етиўи керек еди? Жаныўарлар нелери менен пайдалы? [15]

Қудай оларға жерди қорғаў ушын, ямаса музейде сыяқлы оны қозғамай қойыў ушын бермеди. Қудай оларға жерди пайдаланыў, жаңа нәрселерди ашыў ҳәм соның менен бирге дүньяны еле де сулыўырақ етиў ушын берген еди.

Сол ўақытлары Адам-ата менен Ҳаўа ене дүньяны **Қудайдың бийлиги астында патшалық етиў ушын** Оған уқсатылып жаратылған еди.

**Жаратылыс 2:9-аятын** оқың. Қудай не ушын көп тереклерди жаратты? [16]

**Жаратылыс 2:10—14-аятларын** оқың. Не ушын Қудай оларды дәрьяның бойына жайластырды? [17]

Теңиз ҳәм дәрьяның бойларында қумлар бар еди. Қудай бизге қумды не ушын берди? [18]

**Жаратылыс 2:12-аятын** оқың. Олар излеп табыўлары ушын Қудай қандай жақсы нәрселерди жаратты? [19]

Қудай не ушын жерде бизге қымбат баҳалы тасларды ҳәм алтынларды берди? [20]

**Жаратылыс 2:15-аятын** оқың. Адам-ата не ислеўи керек еди? [21]

Мийнет етиў бизлер ушын жақсы (пайдалы)! Кимдедур жумыс болмай, күн бойы бийкар отырыўы қандай жаман!

Қудай адамлардың тек ғана өзлерин тойдырыўы ушын егин еге алыўларын қәлеген жоқ, ал Ол бизиң бул дүньяда рәҳәтлениўимизди де қәледи. Биз Қудайдың (жаратқан) дүньясынан көбирек рәҳәтлениўимиз ушын не ислей аламыз? [22]

Бул дүньяның еле де сулыўланыўы ушын биз бир нәрселерди ислесек, онда сол арқалы биз Қудайға даңқ алып келемиз. Ҳәм биз бул дүнья сулыў болмайтуғындай бир нәрсе ислесек, онда бул арқалы биз Қудайға дақ әкелемиз. Мысалы: Шығындыларды (қәлеген) жерге таслаў арқалы.

**Сиз өмириңизде қалай етип Қудайға даңқ әкелесиз?**

# Жуўаплар

1 – Ҳеш нәрсе болмады, бирақ Қудай ол жерде ҳәмме ўақыт болды.
2 – Ол айтты ҳәм солай болды да. Ол сөзи арқалы жаратты.
3 – Ең баста Сөз Қудай менен болды.
4 – Ийса.
5 – Қудайдың Руўхы.
6 – Биреў!
7 – Мәңги болған Қудайыңды шын жүрегиң, пүткил кеўлиң ҳәм бар күшиң менен сүй.
8 – Биринши бапта
9 – Биз Қудайға уқсаўымыз бенен парықланамыз
10 – Биз сөйлей аламыз, жаза аламыз, келешекке жобаларды дүзе аламыз ҳәм ҳәммесинен де уллы болған Қудай менен қарым-қатнас ислей аламыз.
11 – Ҳәр бир адам, ҳәтте кишкене балалар да, майып (ямаса имканияты шекленген) адамлар да Қудайға уқсатып жаратылғаны себепли олар өз қәдир-қымбатына ийе.
12 – Себеби Ол бизди жаратты.
13 – Олардың тапсырмасы: көбейиў ҳәм урпақ көбейтиў; жер бетин толтырыў ҳәм оны басқарыў.
14 – Ол (яғный Қудай) адамлардың:
- дүнья жүзин балалар менен толтырыўын
- мийўе тереклерин, ғоза тереклерин, палыз өнимлерин, салы, бийдай ҳәм т.б. өнимлерди өсириўин
- кофе, шоколад, специяларды ҳәм т.б. ларды табыўын қәледи.

15 – Олар мыналары менен пайдалы:
- сүт ҳәм мәйеклер,
- кийим ҳәм одеяллар ушын жипеклер,
- атызларда плугларды тартыў,
- затларымызды жүклеп (салып) сапарларға шығыў ушын арбаларды тартыў (әсиресе атлар),
- қурбанлықлар ушын (Жаратылыс 4:4),
- соңынан жеў (аўқатлық) ушын (Жаратылыс 9:3 — Қудай Нухқа гөшти жей алатуғынын айтқан еди).

16 – Мазалы мийўелерди бериў ушын.
От жағыўға отынларды бериў ушын.
Биз жайлар сала алыўымыз ушын.
Биз мебельлер, музыкалық әсбаплар ислеўимиз ушын.
Оларға қараған ўақтымызда, әсиресе гүзде жапырақлары түрлерин өзгерткен ўақтында көзге жағымлы болыўы ушын. Адамлардың терек жоқ жерлерде жасап атырғанын көриў қандай аянышлы (адамды қапа қылады)!
17 – Олар ишиў ҳам жуўыныў ушын таза суў болыўы ушын.
Олар ишиў ҳам жуўыныў ушын таза суў болыўы ушын.
Олар саяхат сапарларына шығыўы ушын, себеби әзелде жоллар жоқ еди. Эден бағы қамақхана емес еди!
18 – Биз қумнан сарайлар салыўымыз ушын!
Биз айналар ислеп шығарыўымыз ушын.
Телефон ҳәм компьютерлерге чиплар ислеп шығарыўымыз ушын.

19 – Алтын, хош ийисли майлар, оникс таслары
20 – Адамлар өзлерин безей (әшәкөйлей) алыўы ушын.
Күйеўлери ҳаялларына сүйиспеншиликлерин көрсете алыўы ушын!
Бизде пул болыўы ушын.
Бир күнлери биз компьютер ҳәм телефонлар ислей алыўымыз ушын.
Бир күнлери аспандағы ибадатхананың сүўрети болатуғындай етип, оны (яғный ибадатхананы) безей алыўымыз ушын (Аян 21:18–20).
21 – Бағ қылып оны қорғаў
22 – Мазалы аўқатларды писирген ўақтымыз Кудайды қуўандырады.
Үй ишиндеги затларымызды сулыў ҳәм ықшам етип қойғанымызда, бизлер мүтәж адамларға миймандослығымызды көрсете аламыз.
Адамлар таза нәрселерди ойлап тапқан ўақтында.
Сизде басқа қандай пикир бар?

3-Сабақ:

# Гүна



## Эден бағы

**Жаратылыс 3:1–24-аятларын** оқың.

Шайтан жылан пишининде келип, Ҳаўа-енеге не деди? (3:1, 4–5) [1]

Ол (шайтан) оған Қудай ҳақыйқатты айтпағанлығын ҳәм Қудайдың сақый емес екенлигин айтты.

Шайтан ҳақыйқатты айтты ма? [2]

Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ене әлле қашан Қудайға уқсас еди. Олар Оның көринисинде жаратылған еди! Ҳәм Қудайдың көринисинде жаратылмаған бул кимсе, олар менен сөйлесип атырған еди. Бул кимсе (яғный шайтан) оларға егер оның айтқанын қылса, олардың Қудайға уқсас болатуғынын айтады!

Егер Адам-ата гүна ислемегенинде, не болған болар еди? (3:24) [3]

Шайтанның айтқан ақылы олар ушын жақсылық алып келди ме? Бул оларды бахытлы қылды ма? Олар 7-аятта нени билип алады? [4]

2:15-аятында Қудай Адам-атаға қандай жумыс берген еди? [5]

Солай етип, жылан олар менен сөйлескен ўақтында, олар не қылыўы керек еди? [6]

Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ене Қудайдан жүз бурды. Қудай оларға бахытлы болыў ушын не керек болса ҳәмме нәрсени берген еди. Бирақ оларға бул жетерли болмады. Олар өзлериниң өмирин басқарыў ушын, Қудайдың орнында болыўды қәледи.

Бул сондай қорқынышлы! Бирақ бизлер де солай ислеп атырмыз. Қудайды емес, ал шайтанды тыңлағанымызда, бизлер Қудайға азар беремиз.

Қудайдың бизлерди басқарыўын қәлемеймиз. Бизлер өзимизге унайтуғындай болып жасаўды қәлеймиз. Бизлер Қудайды ғәзеплендиремиз.

Бизлер қайсы тәрепимиз бенен Адам-ата ҳәм Ҳаўа-енеге уқсаймыз? [7]

# Олардың гүнасының 5 нәтийжеси:

## 1. Олар уялды.

**Жар. 3:7:** Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ене гүна қылғанында, олар жудә жаман ис ислегенлигин бирден тусинди ҳәм оннан уялды. Олар не иследи? [8]

Олар алдын бахытлы еди. Енди өзлеринен уялып, өзлерин жақсы көрмейди.

## 2. Гүна олардың өз-ара қатнасын бузды.

**Жар. 3:12:** Адам-ата не ислейди? [9]

**Жар. 3:16:** Енди Адам-ата менен Ҳаўа-ене бир-бирине қандай қатнаста болады? [10]

Тилекке қарсы, бул қағыйда аңсат ғана жаўызлыққа ҳәм менменликке алып келеди. Бирақ шаңарақлық өмир ушын Қудайдың жобасы бундай емес.

## 3. Қудай жерди нәлетледи.

**Жар. 3:17–18:** Олардың гүнасы азықларды өсириўге қалай тәсирин тийгизди? [11]

## 4. Гүна аўырыў ҳәм өлим алып келди.

**Жар. 3:16–19:** Енди олардың өмири қалай өзгереди? [12]

Бирақ Қудай мийримли олар бирден өлмейди. Қудайдың адамларды қутқарыў бойынша режеси бар!

## 5. Гүна олардың Қудай менен қарым-қатнасын бузды.

**Жар. 3:8:** Олар ҳәзир Қудай менен сөйлесиўди қәлейди ме? [13]

**Жар. 3:21:** Қудай оларды бирден қуўып шығармайды. Дәслеп Ол не иследи? [14]

Адамлардағы гүнаны ҳәм уятты алып таслаў ушын Қудайдың Өзи адамларға қарата адым атады. Қудай менен жарасыў бәрқулла Оның (Қудайдың) сүйиўши ҳәрекети менен басланады. Жаныўардың өлими болғанын белгилеп қойың (ямаса есте сақлаң).

Қудай менен қайтадан қарым-қатнас ислеп баслаў ушын бир нәрсе қурбан болыў (ямаса өлиў) керек.

**Жар. 3:23:** Қудай не иследи? [15]

Олар енди Қудай менен жасай алмады. Гүна бизлерди Қудайдан мәңгиге узақластырады.

Гүнаның 5 нәтийжеси қандай? [16]

1.

2.

3.

4.

5.

Гүна ҳәмме нәрсени бузады. Гүна дозаққа алып барады. Бирақ бул ўақыяның соңы емес!

# Биринши ҳәм екинши Адам

Бул ўақыяның ортасында Қудай бизлерге үмит береди.

**Жар. 3:15:** Ҳаўа-ененин урпағы не қылады? [17]

Бул нени аңлатады? [18]

Ески Келисимниң қалған жери бизлерди Оның ким болатуғынына таярлайды, ал Жана Келисим болса бул екинши Адамды көрсетеди.

**1 Кор. 15:21–22:** *«Бир адам арқалы өлим келгени сыяқлы, бир Адам арқалы өлимнен тирилиў келди. Ягный, Адам-ата менен қатнасы болган пүткил адамзат өлетугыны сыяқлы, Масийх пенен қатнасы болган барлық адамлар тирилип, өмирге ериседи».*

Бул екинши Адам ким? [19]

Өлим бизлерге қалай келген? [20]

Бизлер қалай жасап атырмыз? [21]

Егер бизлер гүна қылсақ, өлимге ылайықлымыз. Бизлер мәңги жасай алыўымыз ушын Ийса бизлердиң орнымызға өлиў (ямаса қурбан болыў) ушын келди. **(Юхан 3:16)**

## Күнделикли тапсырма

Өзлеримиздиң гүналарымызды көриў қандай кыйын. Сонлықтан да, Қудайға мақул келетуғын өмир кешириўимиз ушын ҳәр күни Оннан гүналарымызды көрсетиўин сораўымыз әҳмийетли болып табылады. Солай еткенимизде ғана бизлер Қудайға унайтуғын өмир сүре аламыз.

**Заб. 138:23–24:** *«Қудай, мени тексерип, жүрегимди бил. Мени сынап көр ҳәм пикирлеримди бил. Қара, қәўипли жолда жүрген жоқпан ба? Мени Өзиң мәңгилик жолы менен жетеле!»*

## *Қосымша:* Бирақ шайтан менен жаўызлық қай жерден келген?

**Жар. 1:31:** Қудай Өзи жаратқан барлық нәрсе ҳаққында не айтты? [22]

**Колосалыларға 1:15–16:** Бул аятлар Ийса ҳаққында айтады. Ол нени жаратты? [23]

Руўхларды ким жаратты? [24]

Бизлер Қудай жаратқан заттан емес, ал Жаратқанның Өзинен қорқыўымыз керек!

Шайтан ҳәм жаўызлық қай жерден келген? Қудай ҳәр дайым Өзине бойсыныў яки бойсынбаў таңлаўын береди.

Егер Ол бизлерге таңлаў бермегенде, бизлер оны жақсы көре алмаған болар едик. Бизлер робот (темир адам) сыяқлы болар едик.

**Аян 12:7–9:** Михаил ким? (Яҳуда 1:9) [25]

Айдарҳа ким? [26]

Ең баста не жүз берди? [27]

Буннан соң Қудайға қарсы шыққан периштелер жинге айланды. Бирақ Қудайға қарсы шықпаған периштелер елеге дейин Қудайға ҳәм Қудайдың халқына хызмет етип киятыр (Еврейлерге 1:14).

Ийса өлип тирилгенде, Ол шайтанды жеңди. Бирақ шайтан елеге дейин Қудайға ҳәм Оның халқына қарсы гүресип киятыр.

Бизлер беккем турыўымыз ушын, Қудай бизге керек болған барлық қорғанды берди (Ефеслилерге 6:10–18). Биз **Қудайдың қалқанын** кийип алып, Оның берген қуралларынан ҳәр күни пайдаланыўымыз керек!

**Аян 20:10:** Ийса қайтып келгенде, шайтанды не қылады? [28]

Кейин гүна болмайды! Бизлер Ийса менен Таза жерде ҳеш қандай жаўызлықсыз мәңги жасаймыз!

### Бүгин қандай гүналарым ушын тәўбе етиўим керек?

## Жуўаплар

1 – **3:1-аятта:** *Ҳақыйқатында да, Қудай «бағдағы ҳеш бир теректиң мийўесинен жемең деди ме?»* **3:4—5-аятлар:** *Яқ, ҳасла өлмейсиз! Себеби сол теректиң мийўесинен жегениңизде көзлериңиз ашылып, жақсылық пенен жаманлықты билетуғыныңызды ҳәм Қудай сыяқлы болатуғыныңызды Қудай биледи, — деди.*
2 – Яқ!
3 – Олар өмир терегинен жеўди даўам еткен болар еди. Сонда олар мәңги жасайтуғын болар еди.
4 – Олар жалаңаш екенин билип алады. Буны билгени оларға жақсы болмады. Олар Қудайға азырақ уқсас болды ҳәм бул оларды бахытсыз қылды.
5 – Қудай оны бағды таярлаў ҳәм оған ғамхорлық етиўи ушын Эден бағына орналастырды.
6 – Бағқа караў ушын, олар жыланды өлтириўи керек еди ямаса ҳеш болмаса оны бағдан қуўып шығарыўлары керек еди.
7 – Бизлер Қудайды емес шайтанды тыңлағанымызда, бизлер Қудайға азар беремиз. Бизлер Қудайдың бизди басқарыўын қәлемеймиз. Бизлер өзлеримизге унайтуғындай етип жасаўды қәлеймиз.
8 – Олар жалаңаш екенин түсинди,сонда олар өзлерине әнжир жапырағынан жапқыш тикти.
9 – Ол Қудайды ҳәм Ҳаўа-енени (яғный *Сен берген ҳаял* деп) айыплайды.
— «Бул мениң айыбым емес — бул оның айыбы!»
10 – Енди шаңарақты ким ийелеўи керек деген мәселеде гүрес болады. Ол оның басқарыўына наразы болады.
11 – Жумыс ислеў енди қыйын болады. Мийўе ҳәм палыз өнимлерин өсириў жүдә қыйын болады.
12 – Олар азап шегеди. Олар өледи. Олар мәңги жасамайды.
13 – Як, олар Қудайдан жасырынды.
14 – Ол ҳеш бир гүна ислемеген жаныўарды өлтирип, олардың шерменделигин жасырды.
15 – Қудай Адам-ата ҳәм Ҳаўа-енени Эден бағынан қуўып шығарды.
16 – 1) Олар уялды.
2) Гүна олардың өз-ара қарым-қатнасын бузды.
3) Қудай жерди нәлетлейди.
4) Гүна азап пенен өлимди алып келди.
5) Гүна олардың Қудай менен қарым-қатнасын бузды.
17 – Ол шайтанның басын езеди.
18 – Қудай шайтанды жеңетуғынды жибереди.
19 – Ийса Масийх
20 – Адам-ата арқалы.
21 – Егер бизлер Ийса менен байланыста болсақ.
22 – Қудай жаратқан ҳәмме нәрсе әжайып болды
23 – Барлық көринер ҳәм көринбес нәрселерди
24 – Ийса
25 – Бас периште.
26 – Шайтан
27 – Урыс жәннетте болды. Михаил ҳәм оның периштелери шайтан менен оның жәрдемшилерине қарсы гүрести. Кейин шайтан ҳәм оның хызметшилери аспаннан қуўылды.
28 – Ол шайтанды дозаққа жибереди.

4-Сабақ:

# Қудай жаўызлықты ҳүким етеди



Базардан сатып алынған шириген мийўелерди не қыламыз? [1]

Бизлер бузылған мийўеге уқсаймыз! Сырттан қарағанда ишимизден ширигенимиз көринбейди.Сырттан биз жақсы болып көрине беремиз. Бирақ Қудай ҳәмме адамлардың бузылғанын көрип турыпты. Қудай бизиң жүреклеримизди биледи!

**Жатарылыс 6:5–22** оқың.

**Жаратылыс 1:31:.** Қудай Өзи жаратқан ҳәмме нәрсе ҳаққында қандай пикирде еди? [2]

**Жаратылыс 6:6:** Қудай ҳәзир ҳәмме нәрсе ҳаққында не деп ойлайды? [3]

Ҳәмме адамлар жаўыз болып кетти. Қудай не ислеўи керек? [4]

Ол буны қалай ислейди? [5]

Бирақ Қудай тек Мухаддес емес, Ол ҳәм де сүйиўши Қудай. Қудай дүньяны ҳүким қылыўы керек, бирақ Ол ҳәмме адамлардың өлиўин қәлемейди.

**Жаратылыс 3:15:** Қудай кимди жибериўди ўәде етти? [6]

Қудайдың шайтанды жеңиў режесиниң бир бөлеги адамлар болды!

**Жаратылыс 6:8:** Қудай кимди қутқарыўды қарар қылды? [7]

**Жаратылыс 6:14:** Қудай Нухқа не ислеўди буйырды? [8]

**Жаратылыс 6:18–19:** Ким қутқарылады? [9]

Бул кишкене қайық емес, ал 3,000 адамды өз ишине сыйдыра алатуғын лайнерге уқсайды!

Нух адамларға суў топаны ҳаққында айтқанда, олар тек оның үстинен күлип, оның ақылдан азғанын айтқан еди!

Бирақ ақырында оларға не болды? [10]

Бул бизиң гүна машқаламызды шешти ме? [11]

**Жаратылыс 8:20–22** оқың.

Топан суўы таўсылғаннан кейин Нух не иследи? [12]

Қудай Нухқа қандай ўәде берди? [13]

**Жаратылыс 9:12–16:** Қудайдың дузген келисиминиң белгиси қандай? [14]

Қудайдың Нухқа берген әжайып ўәдеси – бул бизлерге Қудайдың ПҮТКИЛ инсаният ушын берген мийримин көрсетеди. Бул тек ғана бир неше айрықша адамлар ушын емес. Қудай ҳеш кимниң өлиўин қәлемейди. Қудайдың сүйиспеншилиги ҳәмме ушын!

Биз ҳәр дайым аспанда айқулақты көргенде Қудайдың Өз Жаратылысына болған сүйиўши садықлығын еслеўимиз мумкин.

# Жаңа Келисим

Қудай бүгинги адамлар ҳаққында не дейди?

**Римлилерге 3:10–18** [15]

**Римлилерге 3:23** [16]

Ҳәмме адамлар гүнакар, ҳәмме бузылған. Қудай ҳәмме жаман мийўелерди ылақтырып жибериў ушын дүньяны ҳүким етиўге келеди.

Ийса бул ҳаққында Маттаның 25-бабында айтады:

**Матта 25:31–32:** *Адам Улы Өз салтанатында ҳәм барлық периштелери менен бирге келгенде, Өзиниң салтанатлы тахтына отырады.Сонда барлық халықлар Оның алдына жыйналады ҳәм Ол шопанның қойларды ешкилерден айырғаны сыяқлы, оларды айырып бөледи.*

**Матта 25:41:** Ол жақсы болмағанларға не айтады? [17]

Ийсаның ҳүким ететуғын ўақты — бул ең жаманы!

Ески Келисимде Нух қалай Қудайдың ҳүкиминен қашып қутылды? [18]

Кеме Ийсаға уқсайды. Ийса бизлердиң Қудайдың ҳүкиминен қутылып қалыўымыздың жалғыз жолы болып есапланады. Биз пүткиллей жаманбыз. Қудай пүткиллей жақсы. Биз ислеўимиз керек болған ең әҳмийетли ҳәрекет — бул кемеге миниў!

Биз Ийсаға ҳәм Оның өлими арқалы бизлердиң гүналарымыз ушын төлем төленгенине исениўимиз керек.

Адамлар Нухтың үстинен күлгендей, бүгинги күнде де олар бизлердиң үстимизден күледи.

Қудай бизге қандай тапсырма берди? [19]

## Бүгинги сабақта Қудай сизге не айтты?

## Бул сабақты бөлисетуғын адамыңыз бар ма?

## Тәўбе етиўиңиз керек болған гүнаңыз бар ма?

# Уйге тапсырма

Жаратылыс 6-9-бапларды ҳәм кейинги сабақтан алдын 11:1-9-аятларды оқың.

# Жууаплар

1 – Биз оларды таслап жиберемиз.
2 – Ҳәмме нәрсе жүдә жақсы еди — Қудай бахытлы (ямаса қуўанышлы) еди.
3 – Қудайдың қәлби (ямаса жүреги) аўырып атыр.
4 – Оларды жоқ қылың (оларды жаман мийўе сыяқлы таслаң)!
5 – Үлкен суў топаны менен.
6 – Шайтанды жеңетуғын адамды (ямаса кимсени).
7 – Қудай Нухты таңлады.
8 – Кеме қурыў
9 – Нух ҳәм оның шаңарағы ҳәм ҳәр бир түрдеги жаныўарлардан жуптан (ямаса екеўден).
10 – Олардың ҳәммеси набыт болды.
11 – Яқ.
12 – Нух Қудайға миннетдаршылық қурбанлығын берди.
13 – Қудай енди қайтып жер жүзин топан суўы менен жоқ қылмайман деп ўәде берди.
14 – Айқулақ!
15 – Ҳеш бир ҳақ адам жоқ.
16 – Ҳәмме адамлар гүна иследи.
17 – Ол (яғный Қудай) оларға дозаққа түсиўин айтады.
18 – Нух Қудайға бойсынып кемеге минди.
19 – Бизиң ўазыйпамыз адамларға Қудай алдында тәўбе етиўи ҳәм кемеге миниўине мүмкиншилик бериў болып еаспланады. Бул — (Ийсаны қабыл етиўди аңлатады). Бирақ бул оларға қолайсыз түйилиўи де мүмкин.

# 5-Сабақ:
# Ибрайымға берилген ўәде



Нухтың урпақлары Қудай ҳаққында умытты. Олар басқа қудайларға сыйынды.

Жүзлеген жыллар өтти ҳәм Қудай Ибрайымды Өзиниң халқының атасы болыўы ушын таңлады

## Үш ўәде

**Жаратылыс 12:1–7** оқың.

Қудай Ибрайымға қайсы үш нәрсени ўәде етти? [1]

### 1. Жарылқаў

**Жаратылыс 3:16–19:** Қудай жаратқан дүньяға не болды? [2]

**Жаратылыс 12:3:** Қудай енди ислейтуғын иси ҳаққында не айтады? [3]

Бизлер қандай ең уллы болған жарылқаўды ала аламыз? [4]

### 2. Халық

**Жаратылыс 21:5:** Сара Ибрайымға улы Ысақты туўып берген ўақтында Ибрайым неше жаста еди? [5]

Оның туўылыўы бир кәрамат болды! Қудай Исақтың айрықша ул екенин көрсетиўди қәледи.

**Жаратылыс 12:2:** Ысақ не ушын айрықша болды? [6]

## Қосымша



Қудай Ибрайымның Өзине шынында да исенетуғынын көриў ушын, оған қорқынышлы аўыр сынаў берди. **Жаратылыс 22:1–18-аятларын** оқың.

Қудай дүньяны ол арқалы жарылқамақшы болған Ибрайымның жалғыз улын қурбанлыққа бериўин айтты! Бул Ибрайым ушын мәниссиз еди. Сонда да, ол Қудайдың Өз ўәдесин орынлайтуғынына исенип, Оған бойсынды.

Ибрайым улы Ысақты қурбанлыққа шалайын деп атырғанда, Жаратқан Ийениң периштеси оны тоқтатты. Ысақтың орнына қурбанлық ете алатуғын қошқарды берди.

Бул аятлардан биз Қудайдың адамның қурбанлығының орнына жаныўарды қурбанлыққа бергенин көремиз. Бирақ Жаңа Келисимде биз Қудайдың қалай етип Өз Улын бизлердиң орнымызға қурбанлыққа бергенин көремиз. Бул қурбанлықты алмастыра алатуғын ҳеш қандай болмады. Бизлердиң гүналарымызға төлем төлей алатуғын басқа ҳеш қандай қурбанлық жоқ.

**Қудай Ысақ арқалы Ибрайым физикалық ҳәм руўхый балаларға ийе болатуғынын режелестирди.**

**Галатиялылар 3:7:** Жаңа Келисимде Ибрайымның балалары кимлер? [7]

Жаңа Жаратылыста Қудайдың халқына кимлер қосылады? **(Аян 7:9)** [8]

### 3. Жер

**Жаратылыс 17:8:** Қудай Ибрайымның урпағына қайсы жерди береди? [9]



Бирақ Ибрайым ҳеш қашан Қанан жерине ийелик етпеди. Ол тек 23-бапта ғана ҳаялы Сараны жерлеў ушын жер сатып алды. Бул ўақыя Қудай Өз халқына бул жерди бермесинен 500 жыл бурын болған еди.

**Еврейлерге 11:8–10:** Ибрайым неси менен исенимниң әжайып мысалы болып табылады? [10]

Бирақ...

**Жаратылыс 46:6-аятында** үш әўладтан соң Ибрайымның урпақлары жасаў ушын қай жерге барады? [11]

**Шығыў 2:23:** Қудайдың халқына не болды? [12]

Қудайдың ўәделерин ала алыўы ушын халық қутқарыўшыға мүтәж.

Мухаддес Китаптың қалған бөлимлери Қудайдың Өз ўәделерин қалай орынлағанлығы ҳаққында айтады:

Ески Келисимде бизлер Қудайдың Ибрайымға берген ўәделерин қалай етип орынлап баслағанын оқыймыз.

Жаңа Келисимде бизлер Ийсаның бул ўәделерди орынлайтуғын адам екенин оқыймыз.

Бирақ бул ўәделердиң барлығы тек ғана Ийса қайтып келип бизлерди Өзи менен Жаңа Жаратылыста жасаўымыз ушын алып кеткенде толығы менен орынланады.

Ўәде етилген жер Жаңа Жаратылыстың сүўретлениўи еди (Аян 22:1–5).

Қудай Ибрайымға қайсы үш нәрсени ўәде етти? [13]

Олар қашан толығы менен орынланады? [14]

## Уйге тапсырма

Қудайдың Ибрайымға берген ўәделерин қалай етип орынлап баслайтуғынын билип алыў ушын «Жаратылыс» Китабын оқыңлар.

### Бул сабақта бизлер Қудай ҳаққында нени билип алдық?

# Жууаплар

1 – Жарылқаў, халық ҳәм жерди.
2 – Бул нәлетленген еди.
3 – Қудай барлық адамзатты Ибрайым арқалы жарылқайды!
4 – Қудай менен қарым-қатнас!
5 – Ибрайым 100 жаста еди.
6 – Себеби Жаратқан Ийе Қудайдың халқы болыўы керек болған оның урпағын уллы миллет қылмақшы болды.
7 – Ийсаға исенетуғынлар
8 – Ҳәр бир урыўдың, ҳәр бир қәўимниң, ҳәр бир елдиң ҳәм ҳәр бир тилдиң адамлары!
9 – Қананның барлық жерин
10 – Ол Қудайдың ўәделерин Өз ўақтында орынлайтуғынына исенди. Ҳәм ол аспанда жердеги уйинен де жақсырақ үйи болатуғынына исенди.
11 – Мысырға.
12 – Халық қулға айланды.
13 – Жарылқаў, халық ҳәм жер.
14 – Ийса қайтып келгенде бизлерди Оның менен Жаңа Жаратылыста жасаўымыз ушын алып кеткен ўақтында.

6-Сабақ:

# Қудайдың берген ўәделери Ибрайымның урапқларына өтти



## Ысақ

**Жаратылыс 25:19—34** оқың.

Ысақ кимге үйленди? (20-аят) [1]

Қай тәрептен Ысақ пенен Ребекка Ибрайым ҳәм Сараға уқсас еди? (21-аят) [2]

Қудай ҳәмиледар болған Ребеккаға оның қарнындағы егизеклер туўралы не айтты? (23-аят) [3]

## Таңлаў

Бул Муқаддес Китаптағы үлкен тема: Қудай дүньяны жаратпастан алдын, исениўшилерди Өзиниң руўхый балалары етип алдын ала белгилеп қойған!

**Ефеслилерге 1:3—8-аятларын** оқың.

Қудай қашан бизлерди Өзиниң балалары қылып таңлады? (4-аят) [4]

Қудай буны не ушын иследи? (6-аят) [5]

Қудай бизлерге және не нәрсе берди? (7-аят) [6]

Бул нени аңлататуғынын бизлер Мухаддес Китапты шолыў сабағын өткен ўақтында билип аламыз.

Бизлер биреўлердиң таңланғаны, ал басқалардың таңланбағаны бул әдилсизлик деп айтыўымыз мумкин. Бирақ бул Қудайдың мийрими деп аталады (7-аят). Хеш ким шақырылыўға ҳәм де төлеми төлениўге ылайықлы емес. Биз Қудайдың бизлерди таңлағанына қуўанып, Оған миннетдар болыўымыз керек!

Қудай бизлерге қанша мийримин берди? (8-аят) [7]

# Яқып

Яқып өсип, Леа ҳәм Раҳила деген еки апа-сиңлиге үйленди,. Ол әке ҳәм күйеўдиң жақсы үлгиси болмады!

**Жаратылыс 29:30–30:24-аятларын** оқың.

Яқып қайсы ҳаялын жақсы көрди? [8]

Қайсы ҳаялы оған 4 ул перзент туўып берди? (29:32–35) [9]

Раҳила әжапасын қызғанғанда не иследи? (30:3) [10]

Билҳа неше ул перзент туўып берди? (30:5–8) [11]

Сонда Леа не қылды? (30:9) [12]

Зилпа неше ул перзент туўып берди? (30:10–13) [13]

Қалай етип Леа Яқып пенен және жатыўға еристи? (30:14–16) [14]

Адамлар мәргия шөплери биреўди оны жақсы көрип калдыра алады деп ойлайтуғын еди.

Соңынан Леаға не болды? (30:17–21) [15]

Ақыр соңында Раҳилаға не болды? (30:22–24) [16]

**Жаратылыс 35:16–19-аятларын** оқың.

Раҳилаға не болды? [17]

Солай етип Яқыпта барлығы болып неше ул болды? Сизлер санап көрсеңиз болады ямаса **Жаратылыс 42:13-аятын** оқып көрсеңиз болады. [18]

**Жаратылыс 32:28-аятын** оқың. Қудай Яқыптың атын ким деп өзгертти? [19]

Яқыптың улларының урпақлары кимлер болып жетилисти? **Жаратылыс 49:28-аятын** оқың. [20]

## *Қосымша*



Қудайдың Ибрайымға берген ўәделери Ысаққа өтти Жаратылыс 26:3 ҳәм Яқыпқа да өтти Жаратылыс 28:13–14. Солай етип **Ибрайым, Ысақ** ҳәм **Яқып** Қудайдың халқының, яғный Израил халқының ата-бабалары болды.

Ибрайымның Ажардан туўылған улы **Исмайыл**, Ысақтың басқа улы болған **Эсаў** да халықлардың ата-бабалары болды. Бирақ Қудай Ийе адамзатқа қутқарылыў жолын ашыў ушын Израил халқын таңлады.

Ески Келисимниң қалған бөлегинде Қудайдың ҳалқы **«Израил»** деп аталады ҳәм олар Яқыптың 12 улының атына қойылған 12 урыўды өз ишине алады.

# Юсуп ҳәм көбейип атырған Қудайдың халқы

Қудай Өз ҳалқын көбейтеди! Бирақ соңынан олардың басына апат түседи. Бул қандай апат? **Жаратылыс 41:56–57-аятларын** оқың. [21]

Қалайынша Қудай Өз халқын аштан өлиўден сақлап қалды? Юсуп **Жаратылыс 45:7-аятында** не айтқанын оқың. [22]

Жаратылыс китабының 37–47-баплары Юсуптиң әжағалары оны қуллыққа сатып жибергени туўралы ҳәм оның Мысыр патшасы Фараонның қол астында қандай әҳмийетли ҳүкимдарға айланғанын баян ететуғын қызықлы ўақыялар ҳаққында айтады. Бул бизлерге Қудай Өзиниң халқын олар гүнакарлар болса да ҳәм жүдә жаман нәрселерди ислесе де, оларды қорғап, ғамхорлық етип келгенин көрсетеди. Бул және Қудайдың Мысыр елине деген мийирими себепли олар да ашлықтан аман қалғанын көрсетеди.

**Жаратылыс 15:13-аятын** оқың. Қудайдың ҳалқы Мысырда неше жыл жасады? [23]

**Жаратылыс 46:27-аятын** оқың. Юсуптиң дәўиринде Қудайдың қанша адамлары Мысырға барған еди? [24]

**Санлар 1:46-аятын** оқың. 400 жылдан соң, олардың саны қанша болды? [25]

Енди олардың саны ўәде етилген жерде жасаўы ушын жетерли болды!

**Шығыў китабы 1:8—13-аятларын** оқың. Шығыў китабының басында жазылғаны бойынша Қудайдың халқында қандай еки машқала бар еди? [26]

**Жаратылыс 50:24:** *«Юсуп туўысқанларына: «Мениң өлимим жақынласты. Бирақ Қудай сизлерге сөзсиз нәзер салады. Ол сизлерди бул жерден алып шығып, Өзи Ибрайымға, Ысаққа ҳәм Яқыпқа беремен деп ант ишкен жерине апарады», — деди».*

Юсуп Қудайдың Өзиниң ҳалқына дүзген жобасын орынлаўды даўам ететуғынын билетуғын еди.

Сиз де көп адамларға қутқарылыў алып келиў ушын Қудайдың жобасының бир бөлегисиз! Ҳәр бир адам Ийса ҳәм тек ғана Ол бере алатуғын мәңгилик өмир ҳаққында еситиўге мүтәж.

**Өмириңизде сиз қалай хызмет етип атырсыз?**

# Жуўаплар

1 — Ребекка.
2 — Олардың екеўи де көп ўақыт даўамында перзентли бола алмай журген еди ҳәм оларға берилген ул Қудайдан берилген кәраматлы саўға болды.
3 — Ол еки ҳәр түрли халықлардың ата-бабалары болатуғын егизекке жүкли еди. Үлкени кишкенесине хызмет етеди.
4 — Дүнья жаратылмастан бурын!
5 — «Өзине алғыс айтыўымыз ушын». Оған алғыслар болыўы ушын.
6 — Оның қаны арқалы қутқарылдық, яғный гүналарымыз кеширилди.
7 — Өзиниң шексиз сақыйлығы менен бизлерди жарылқады.
8 — Раҳила.
9 — Леа.
10 — Раҳила Яқыпқа Билханы берип ол арқалы балалы боламан деди.
11 — 2.
12 — Леа Яқыпқа Зилпаны берип ол арқалы балалы боламан деди.
13 — 2.
14 — Ол Яқып пенен жатыў ҳуқықын мәргия шөплерине «сатып» алды.
15 — Ол және 2 ул ҳәм 1 қыз туўды.
16 — Ол Юсупти туўды.
17 — Ол екинши улын туўып, өлди.
18 — 12.
19 — Израил.
20 — Израилдың 12 урыўлары.
21 — Ашлық басланды.
22 — Олар ашлықтан өлип қалмаўы ушын Қудай алдынан Юсупти Мысырға жиберди.
23 — 400 жыл.
24 — 70.
25 — Шама менен 2 миллион адамға жетти — 603,000 еркек, буған қосымша ҳаяллар ҳәм балалар.
26 — Олар Мысырда болғаны менен ол жер Қудай ўәде еткен жер емес еди. Ол жерде олар қуллар еди.

# Жаратылыс китабы хаққында сораў-жуўаплар (викторина)

1. Ең баста Қудай менен ким бирге еди? [1]

2. Гүнаның себебинен қандай нәтийжелерди көрдик? [2]

3. Нухтың дәўиринде ким Қудайдың ҳүкиминен қутылып қалыўы мүмкин еди? [3]

4. Қудай Ибрайымға қандай 3 нәрсени ўәде еткен ҳәм олар қашан толығы менен әмелге асады? [4]

5. Оның Сарадан туўылған баласының аты ким еди? [5]

6. Сара Ысақты туўған ўақтында, Ибрайым неше жаста еди? [6]

7. Ысақтың неше перзенти бар еди? [7]

8. Олардың атлары ким еди? [8]

9. Қудай қайсы баласы арқалы ўәдесин әмелге асырыўды даўам етти? [9]

10. Қудай Яқыпқа қандай жаңа ат берди? [10]

11. Яқыптың неше ул перзенти бар еди? [11]

12. Мухаддес китапта олар кимлерге айланды? [12]

13. Якыптың ең жақсы көрген улы ким еди? [13]

14. Қудай оларды ашлықтан ҳәм өлимнен қутқарыў ушын не иследи? [14]

15. Қудайдың ҳалқы Мысырда неше жыл жасады? [15]

16. Қудайдың ҳалқының қанша адамы Мысырға барды? [16]

17. Олардың саны нешеге жетти? (Санлар китабы 1:46) [17]

18. Жаратылыс китабының соңында ҳәм Шығыў китабының басында Қудайдың ҳалқы ушын қандай 2 машқала бар еди? [18]

## Жуўаплар

1 – Сөз ҳәм Мухаддес Руўх
2 – Олар уялды.
Гүна олардың бир-бири менен қарым-қатнасын бузды.
Қудай жерди нәлетлейди.
Гүна, аўырыў ҳәм өлим алып келди.
Гүна олардың Қудай менен қарым-қатнасын бузды.
3 – Кемеге мингенлер
4 – Жарылқаў, халық, жер. Ийса қайтып келип, Өзи менен бирге Жаңа Жаратылыста жасаўымыз ушын бизлерди алып кеткенинде, бул ўәделер толық әмелге асады.
5 – Ысақ
6 – 100 жыл
7 – Еки улы.
8 – Яқып ҳәм Эсаў.
9 – Яқып арқалы
10 – Израил
11 – Он еки ул.
12 – Израиллылардың 12 урыўының аталары.
13 – Юсуп
14 – Қудай оларды Мысырға жиберди.
15 – 400 жыл. (Жаратылыс 15:13)
16 – 70 адам. (Жаратылыс 46:27)
17 – 2 миллион адам — 603,000 ер адам, жәнe хаяллар ҳәм балалар. Енди олардың саны ўәде етилген жерде жасаў ушын жетерли.
18 – Олар Қудай ўәде етпеген жер болған Мысыр елинде еди. Ҳәм олар ол жерде қуллар еди.

## 7-Сабақ:

# Қудай қутқарыўшы



Шығыў китабының басында Ибрайымның урпақлары қыйын жағдайда болған.

**Шығыў китабының 1:8—11** ҳәм **15—16** ҳәм **22-бапларын** оқың.

Израил халқы қандай жағдайда болды? [1]

Солай болса да, усындай қыйын жағдайда Қудай Өз халқын қутқарыў жобасын дүзип атырған еди.

Израиллы бир шаңарақ фараонның оларға өз ул балаларын өлтириў ҳаққында болған буйрығына бойсынбай баласын себеттиң ишине жасырды. **Шығыў китабының 2:1—10-аятларын** оқың.

Ким баланы таўып алды? (5-аят) [2]

Оның атын ким деп қойды? (10-аят) [3]

Сол ўақытқа шекем Қудайдың халқы Ол ҳаққында аз билетуғын еди. Енди бизлер Қудайдың, Өз халқына қалай етип Өзиниң минез-қулқын ашып беретуғынын көремиз.

**Шығыў китабының 2:23—3:17-аятларын** оқың.

Биз бул үзиндиден Қудай ҳаққында 4 нәрсени билип аламыз.

## 1. Қудай өзин қутқара алмайтуғынын билетуғын ҳәр бир адамды қутқарады.

Қудайдың халқы қай жерде? [4]

Олардың машқаласы не? [5]

Олар кимге мүтәж еди? [6]

Олар не исleди? (Шығыў китабының 2:23) [7]

Олар тек ғана Қудай оларды қутқара алыўын билетуғын еди.

### Жаңа Келисим:

**Юхан 8:34—36:** *Ийса оларға жуўап берип былай деди: Сизлерге шынын, ҳақыйқатын айтаман: гүна ислейтуғын ҳәр бир адам — гүнаның қулы. Қул үйде мәңги қалмайды, ул мәңги қалады. Сонлықтан егер Ул сизлерди азат қылса ҳақыйқаттан да азат боласызлар.*

Ким гүнаның қулы? [8]

Бизлер бәрқула гүнаның қулы болыўымыз керек пе? [9]

Ким бизлерди азат ете алады? [10]

Қудайдың Улы ким? [11]

Ҳәмме адамлар неси менен израйллыларға уқсайды? [12]

Бизлер не қылыўымыз керек? [13]

## 2. Қудай Өз халқын қутқарыў ушын инсанды көтереди.

**Елшилердиң ислери китабы 7:20—22:** Қудай Өз халқын қутқарыў ушын Муўсаны қалай таярлады? [14]

**Елшилердиң ислери китабы 7:23—29:** Муўса минсиз еди ме? [15]

Қудай Муўсаны Өз халқының Қутқарыўшысы болыўға таярлады. Фараонның сарайында өскенликтен, ол Фараон менен сөйлесе алды. Израиллылардың ҳеш бири бундай қыла алмас еди. Бирақ Муўса Мысырға қайтып барғысы келмеди. Ол Фараонның оның халқын қойып жибермейтуғынын билетуғын еди.

**Шығыў 3:12:** Қудай оған не деди? [16]

Қудайдың жәрдеми менен ол Қудайдың халқын қутқара алады!

Не ушын Муўса Қудайдың халқын қутқарыў ушын туўра келетуғын адам (ямаса таңлаў) еди? [17]

Бирақ Муўса минсиз Қутқарыўшы емес еди. Ол шайтанды жеңе алатуғын адам емес еди (Жар 3:15).

Муўсаның Қудайдың халқын қутқарыўға жарамсыз екенин көрсететуғын еки нәрсени табың? [18]

Бир ўақытлары келип Қудай Өз халқын мәңгиге қутқарыў ушын минсиз Қутқарыўшыны жибереди.

### Жаңа Келисим:

**Матта 1:20—23:** Мәриямның улы қандай еки атқа ийе болады ҳәм олар нени аңлатады? [19]

Ийса бизлерди мәңгиге қутқара алатуғын жалғыз инсан болады!

Ол Қудайдың Улы — Қудай бизлер менен!

## 3. Қудай адамларды қутқарыў ушын Өзи келди.

**Шығыў 3:8:** Қудай не иследи? [20]

Жаңа Келисим:

**Юхан 1:14:** Ийса не иследи? [21]

Дәл Муўсаның дәўиринде болғаны сыяқлы, Қудай бизлерди қутқарыў ушын Жаңа Келисимде де келди.

Басқа динлер Қудай бизлерди еситиўи ҳәм жәннетке қабыл етиўи ушын оны мийнет етип ақлаўымыз керек деп айтады. Бирақ бизлер Қудайға жетисе (ямаса ерисе) алмаймыз. Бизлер ҳеш қашан да жетерли дәрежеде жақсы бола алмаймыз.

**1 Юхан 4:10:** *«Мине, сүйиспеншилик усы — бизлер Қудайды емес, ал Қудай бизлерди сүйип, Өз Улын бизлердиң гүналарымыздың кеширилиўи ушын қурбанлық қылып жиберди».*

Қудай не иследи? [22]

Қудайдың Улы бизди гүналарымыздан қутқарып, өлиў ушын келди!

Қудайдың Улы бизлер ушын қурбан болып, гүналарымыздан қутқарыў ушын келди!

Масийхыйлардың исеними менен басқа динлер арасында қандай айырмашылық бар? [23]

## 4. Қудай жалғыз ҳақыйқый Қудай.

Қудайдың халқы Қудай ҳаққында аз билетуғын еди. Фараон күшли көринер еди ҳәм Муўса оннан қорқатуғын еди. Қудай Муўсаның мына нәрсени, яғный фараон Қудай менен салыстырғанда ҳеш ким емес екенин билгенин қәледи!.

Кимде бийлик үлкен: мәмлекет басшысында ма ямаса Қудайда ма? [24]

**Шығыў 3:14:** Қудайдың аты ким? [25]

Мухаддес Китапта Қудайдың аты бизлерге Оның ким екенлигин айтады.

«Мен Барман (ямаса Солман)» — еврей тилинде Яҳўе (ямаса Яхўва) — бул Қудайдың аты. Бирақ еврейлер Яхўва атын қолланыўды қәлемейтуғын еди. Сонлықтан да Шығыс рус (түркменше) аўдармада «Мәңги» (Реб) деп аўдарылған.

Бул ат бизге Қудайдың басқа адамлар сыйынатуғын қудайларға уқсас емеслигин айтады.Ол тири! Ол мәңги! Ол мәңги. Ол ҳәмме нәрсеге қәдир (ямаса Қүдиретли)! Ол Ибрайымға берген ўәдесин умытқан жоқ! Қудай Ол садық Қудай!

Бул ат бизлерге Қудай ҳаққында не айтады? [26]

# Жаңа Келисим:

Тап сондай Ийса да Юхан китабында Өзин 7 мәрте, — «Мен Барман (ямаса Солман)» — деп атайды. (Бизлер буны басқа аўдармаларға қарағанда, негизги нусқа болған Грекшеде еледе түсиникли екенин көремиз.)

Мысалы Юхан 14:6: *«Мен жол, ҳақыйқат ҳәм өмирмен. Мен арқалы болмаса ҳеш ким Әкеге бара алмайды», — деп жазылған.*

Ийса бул менен нени нәзерде тутқан еди? [27]

Тек ғана Ийса бизлерди гүналарымыздан ҳәм шайтаннан қуткара алады!

### Бул сабақта бизлер Қудай ҳаққында нени билип алдық?

## Үй жумысы:

Бизлер Шығыў китабының 1–14ке шекемги бапларда Қудай израиллыларды қалай қутқарғанлығын оқыймыз. Бул ҳәптеде усы бапларды оқып шығың ҳәм Қудай ҳаққында билип алғанларыңызды жазып алың.

# Жуўаплар

1 – Оларға азап берип атырған еди, израиллылар азатлыққа ийе болмаған қуллар еди. Фараон олардың жаңа туўылған ул балаларын өлтириўди киндик шешелерге буйырды.
2 – Фараонның қызы.
3 – Муўса
4 – Мысырда.
5 – Олар қуллар еди.
6 – Кимдур оларды қутқарыўы ушын — олар өзлерин қутқара алмады,.
7 – Олар Қудайдан жәрдем сорап, дуўа етти.
8 – Гүна қылған хәр бир адам, бул хәмме адамлар екенлигин аңлатады.
9 – Яқ!
10 – Ул.
11 – Ийса!
12 – Бизлер де қуллармыз! Биз гунаның қулымыз.Бизлер израиллылар сыяқлы өзимизди қутқара алмаймыз.
13 – Бизлер де Қудайдан Израиллылар сыяқлы гүнамыздан азат етиўин сорап, дуўа етиўимиз керек.
14 – Ол мысыр хәм еврей тиллеринде сөйледи. Ол жақсы тәлим алған еди. Ол сарайда өскени себепли Фараон менен қалай сөйлиўди билетуғын еди.
15 – Яқ!
16 – Қудай оның менен бирге болыўға ўәде берди.
17 – Ол Фараон менен сөйлесе алатуғын жалғыз израиллы еди.
18 – Себеби ол Фараоннан қорқатуғын хәм мысырлыны өлтирген еди.
19 – «Ийса» — Қудай қутқарады, себеби Ол Өз халқын гүналарынан қутқарады. «Иммануел» — Қудай биз бенен бирге.
20 – Ол израил халқын қутқарыў ушын келди.
21 – Сөз Адам болып, арамызда жасады.
22 – Ол гүналарымыз ушын қурбанлық сыпатында Өз Улын жиберди.
23 – Басқа динлер Қудай бизди еситиўи, жәннетке қабыл қылыўы ушын саўап ислер қылыў керек деп айтады. Мухаддес Китап бизлерге ийгиликли ислеримиз Қудайға келиўимизге хеш қашан жетерли болмайтуғынын үйретеди. Бирақ Қудайдың Улы гүналарымыздан қутқарыўға бизлер ушын қурбан болыўға келди.
24 – Қудай!
25 – Мен Барман (ямаса Солман)!
26 – Қудай басқа қудайларға уқсамайды. Ол тири! Ол мәңги! Ол хәмме нәрсеге қәдир (қүдиретли)! Ол Ибрайымға берген ўәдесин умытпады! Ол садық Қудай!
27 – Ийса адамлардың Өзиниң Қудайдың Улы екенин түсиниўин қәледи. Тек ғана Ол арқалы адамлар Қудай Әкени (Яхва) таныў алады!

8-Сабақ:

# Қудай қурбанлықлар арқалы қутқарады



Бул сабақта биз Қудайдың — Қүдиретли Ҳүкимдар ҳәм Қутқарыўшы екенлигин билип аламыз. Биз Оның әжайып қутқарыўын есте сақлаўымыз ҳәм байрамлаўымыз керек!

## Жаза (Шығыў Китабы 5–11-баплар)

Фараон Қудайға қарсы гүреседи. Қудай фараонды сен өзиң ҳәм сениң халқың жазаланады деп көп мәрте ескерткен еди.

Қудай фараонға ҳәм оның халқына қандай жазаларды жиберди? (7–11-баплар) [1]

Бул бизге Қудай ҳаққында не үйретеди? (7:17) [2]

Қудай қүдиретли, фараоннан да қүдиретли (ҳәм Қудай шайтаннан да қүдиретли!)

Бирақ Фараон сонда да Қудайды тыңламайды.

Қудайдың мысырлыларға берген соңғы жазасы қандай болды? [3]

Израиллылар да гүна иследи.

Туңғыш улдың өлтирилиўи тек ғана мысырлыларға берилген жаза емес, ал соның менен бирге израиллыларға да — Қудайға бойсынбаған ҳәммеге берилген.

Бул қорқынышлы жазаның нәтийжесинде, Фараон израиллыларды қойып жиберди. Солай етип бул жаза Қудайдың халқының қутқарылыўына жол болды.

Мухаддес Китапта бизлер бәрқулла ҳүким менен қутқарылыўды бирге көремиз. Бул бизлерге Қудай ҳаққында нени айтады? [4]

# Қутқарылыў

**Шығыс Китабы 12:1—30** оқың.

## Қан

Қудай израиллыларды Өзиниң ҳүкиминен, яғный ҳәр бир туңғыш өлетуғын түнде оларды усы жазадан сақлап қалды.

Олар өз шаңарақларында бул ҳүкимниң жүз бермеўи ушын не ислеўлери керек еди? [5]

Қудай қанды көргенде не қылады? (13-аят) [6]

Солай етип қозының қаны оларды өлимнен сақлайды. Қозы ҳәр бир шаңарақтағы уллардың орнына қурбан болды.

## Жаңа Келисим

Арадан 1,500 жыл өтип, Яқыя Ийса ҳаққында не айтты? (Юхан 1:29) [7]

Бул нени аңлатады? [8]

## Азық-аўқат

**Шығыў Китабы 12:8:** Израиллылар және не қылыўлары керек? [9]

Қудай Өз халқын тек ғана сақлап қоймай, оларды азықландырды да.

Қозы оларға жол жүриў ушын күш болатуғын азық берди. Оларды келеси күни узақ ҳәм қыйын сапар күтип турған еди!

Қудай тек ғана сол қутқарыў түнинде емес, ал олар 40 жыл шөлде жасаған ўақтында да оларды азықландырды.

**Шығыў Китабы 16:31—35:** Израиллылар 40 жыл даўамында ҳәр күни не жеди? [10]

Қудай олардың жолдағы ҳәмме мүтәжликлерин толтырды.

## Жаңа Келисим

**Юхан 6:35-аятында** Ийса не деди? [11]

Бул нени аңлатады? [12]

Биз нанды не қыламыз? **(Юхан 6:51)** [13]

Бул нени аңлатады? [14]

Ийса Масийх бизлерди Қудайдың ҳүкиминен қутқарыў ушын өлди. Ҳәм Ол бизлерге мәңгилик өмир ушын ҳәм соның менен бирге мәңгилик үйимизге баратырған сапарымызда керекли болған ҳәмме нәрсени береди.

# Қудайдың не ислегенин есте сақлаң!



## Байрамлаў!

Не ушын ҳәр жылы усындай ўақытта Қутқарылыў байрамы шөлкемлестириледи? (14, 25–27-аятлар) [15]

## Жаңа Келисим

Биз қуллықтан ҳәм өлимнен қутқарылғанымызды қалай байрамлаймыз? (1 Коринфлилер 11:23–26) [16]

Нан ҳәм шарап нени билдиреди? [17]

Бизлер не ушын Ийсаның өлимин еслеп турыўымыз керек? [18]

### Ийсаның сиз ушын не ислегенин ҳеш қашан умытпаўыңызға қалай етип исеним билдире аласыз?

### Бул ең жақсы хабар! Мен бул ҳаққында кимге айтпақыман?

# Жуўаплар

1 – Суў қанға айланады, қурбақалар, ширкейлер, ийт шыбынлар, маллардың қырылыўы, шыйқанлар, буршақ, шегирткелер, қара түнек, өлим.
2 – Қудай — Ол Ийемиз.
3 – Қудай ҳәр бир мысырлы шаңарақлардың туңғыш улларын өлтирди.
4 – Ол Ҳүкимдар ҳәм Қутқарыўшы да.
5 – Олар қозыны сойып, сол қозының қанын үйдиң қапысының жақлаўларына ҳәм кесе ағашына жағыўы керек еди.
6 – Қудай қанды көргенде, оларды өлтирмей қасынан өтип кетеди.
7 – Мине, дүньяның гүнасын Өзине алатуғын Қудайдын Козысы!
8 – Ийса бизиң орнымызға өледи. Оның қаны бизди өлимнен сақлайды.
9 – Қудай оларға жеўди буйырады! Олар қойды отқа писириўи ҳәм жеўи, соның менен бирге ашытқысыз нанды писирип, жеўи керек еди.
10 – Манна.
11 – Мен — өмир наныман. Маған келген адам ҳеш қашан аш болмайды ҳәм Маған исенген адам ҳеш қашан шөллемейди.
12 – Тек ғана Ийса бизлердиң Қудай менен қарым-қатнасымызға болған мүтәжлигимизди (бизиң ашлығымызды) қанаатландыра алады.
13 – Бизлер буны жеўимиз керек!
14 – Биз Ийса менен қарым-қатнасқа кирисиўимиз керек. Ийса бизлер менен сөйлесе алыўына ҳәм бизлерди өзгертиўине мүмкиншилик бериўимиз керек. Бизлер ҳәр күни Қудайдың сөзин оқып, сол аятлар үстинде пикир жүргизип, дуўа етиўимиз керек.
15 – Қудай оларды Мысырдағы қуллықтан қалай қутқарғанын ҳәм қозының қаны оларды өлимнен қалай етип қутқарғанын еске түсириў ушын.
16 – Биз бирге нан сындырыў (ямаса Еслеў кешесине) қатнасқанымызда.
17 – Ийсаның денеси ҳәм қаны.
18 – Себеби Ийса Масийх Қудай бизлердиң гүналарымызды кешире алыўы ушын ҳәм бизге Өзи менен бирге мәңгилик өмир бериўи ушын өлди!

## 9-Сабақ:

# Теңизден өтиў



**Шығыў китабы 14:1–15:2** оқың.

Фараон Израиллыларды ақыр соңында қойып жиберди. Олар кеткеннен кейин, фараон пикирин өзгертти ҳәм әскерлери менен олардың изинен қуўды.

Израиллылар фараонның армиясын көрген ўақытлары өзлерин қалай сезди? [1]

Не ушын израиллылар мысырлылардан қашып қутыла алмады? [2]

Бул қорқынышлы (ямаса аянышлы) жағдай еди!

Израиллылар қутқарылыўы ушын не ислеў керек еди? (14:22) [3]

Қудай қанша израиллыларды қутқарды? [4]

Қанша мысырлы әскерлер өлди? (14:28) [5]

## Жаңа Келисим

Бизлердиң душпанымыз ким? (Петрдиң биринши хаты 5:8) [6]

Бизлер тәўбе етпесимизден алдын ким едик? (Юхан жазған Хош Хабар 8:34) [7]

Адамлар өзлерин гүна менен шайтаннан қутқара ала ма? [8]

Израиллылар сыяқлы барлық адамлар үмитсиз шараятта жасап атыр.

Муўса израиллыларды азатлыққа жетелеў ушын теңиз арқалы олардың алдында жүрди.

Анық усылай, Ийса да бизлерди мәңгилик өмирге жетелеў ушын Өзи өлим арқалы өтти! Ол бизлердиң гүналарымыз ушын мәңгиге бир мәрте қурбанлық болып, атанақ ағашта өлди. Кейин Ол бизлерге мәңгилик өмирди таярлап қойғанын көрсетип, өлимнен қайта тирилди. Ол бизлердиң алдымыздан барды ҳәм теңиз арқалы жүрип баратыр екенбиз, Ол ҳәзир бизлердиң алдымызда жүрип баратыр! Бул жердеги өмиримиз ақырына жеткенде, Ийса бизлерди Ўәде етилген мәңги Жерге алып барады!

Солай екен, бизлер Ийсаның изине ериўди шешкенимизде, бизлер де өзлеримиз ушын өлиўимиз керек.

Бизлер өзлеримиз ушын өлип, Ийсаға өмиримиздиң Ийеси болыўға жол қойыўымыз тийис. Бул ҳақыйқый қутқарылыўымыз ушын жалғыз жол!

Өзлеримиз ушын өлиў неге мегзейди? Бизлер не нәрселерди ислеўди тоқтатыўымыз керек? Бизлер нелерди ислеўди баслаўымыз керек?

**Еврейлерге жазылған хат 2:14–15:** *Бул балалар ет ҳәм қаннан ибарат болғанлықтан, Ийсаның Өзи де оларға теңлесип, ет ҳәм қаннан ибарат болған адамның денесине ийе болды. Буны Ол өлим үстинен бийликке ийе болғанды, яғный шайтанды Өз өлими арқалы набыт қылыў ушын ҳәм* ***өмир бойы өлим қорқынышы себепли қул болғанлардың ҳәммесин азат қылыў ушын иследи.***

Ийса Өз өлими менен не нәрсеге еристи? [9]

**Юхан жазған Хош Хабар 14:1–3:** *Ийса шәкиртлерине былай деди: — Жүреклериңиз ғам шекпесин. Қудайға исениңлер, Маған да исениңлер. Әкемниң үйинде орын көп. Егер олай болмағанда, сизлерге айтпас едим. Өйткени Мен сизлер ушын орын таярлаўға кетип баратырман. Мен барып, сизлер ушын орын таярлағанымнан соң, сизлер де Мен болатуғын жерде болыўыңыз ушын,* ***және келип, сизлерди Өз жаныма алып кетемен.***

Ийса бизлерди қай жерге алып барады? [10]

**Салоникалыларға жазылған биринши хат 4:16–17:** *Өйткени Ийемиздиң Өзи буйырған бәлент даўыс, бас периштениң сести ҳәм Қудайдың кәрнайы менен аспаннан келгенде, дәслеп Масийхқа исенген өлилер тириледи. Оннан соң, жасап атырған бизлер, яғный тири қалғанлар олар менен бирликте Ийемизди ҳаўада күтип алыў ушын, бултлар ишине алынып көтерилемиз. Солай етип, ҳәмме ўақыт Ийемиз бенен бирге боламыз.*

Ийса бизлерди қашан қасына алып кетеди? [11]

## *Қосымша пикир:* **Суўға шомылдырылыў**

**Римлилерге жазылған хат 6:4:** *Масийхқа исенип, суўға шомылдырылыў арқалы Оның менен биргеликте өлип, көмилдик. Солай етип, Қудай Әкемиздиң қүдирети менен Масийх өлимнен қайта тирилип, өмирге ерискендей, бизлер де жаңа өмирге ерисемиз.*

Суўға шомылдырылыў нени сүўретлейди? [12]

Бул Израиллылардың суўды кешип өткенине уқсайды.

# Қутқарылғанымыздан кейин не ислеўимиз керек?

**Шығыў китабы 14:31–15:1:** Израиллылар теңизден кесип өткенде қандай 3 нәрсени иследи? [13]

Анық сол сыяқлы, Ийса бизлерди қутқарғанда биз не ислеўимиз керек? [14]

- Қудайдан қорқыўымыз қалай көринеди? [15]
- Қудайға ҳәм Ийсаға исенимимиз қандай көриниске ийе? [16]
- Қудайды уллылаў қандай көриниске ийе? [17]

Бизлердиң мақтаўларымыз Қудайға да, бизге де қуўаныш алып келеди! Қудайды ҳәр күни уллылаў, мәселен кешки аўқаттан алдын — бул жақсы әдет болып есапланады!

Муўса Қудайдың халқын теңизден өткизгени ҳаққындағы ўақыя, қалай етип Ийсаның бизлер ушын ислеген ислериниң сәўлеси болып есапланады? [18]

### Қудай бүгин сизлерди не нәрсеге уйретти?

### Усы сабақлықты ким менен бөлисе аласыз?

# Жуўаплар

1 – Израиллылар қорқып кетти!
2 – Олар қашып қутыла алмады, себеби бир тәрепте теңиз болса, ал басқа тәрепте фараон өз әскерлери менен еди. Егерде олай болмағанында да олар әсте киятырған еди. Олардың балалары, жасы үлкен адамлары ҳәм көп жүклери болғаны себепли, олар әсте жүриўлери керек болды.
3 – Қудай оларды қутқарыўы ушын олар теңизден өтиўи керек.
4 – Ҳәммени!
5 – Ҳәммеси!
6 – Фараон Израиллылардың душпаны болғаны сыяқлы, шайтан да бизлердиң душпанымыз болып табылады.
7 – Израиллылар Фараонның қуллары болғанындай, бизлер гүнаның қулы едик.
8 – Яқ! Израиллылар өзлерин қутқара алмағанындай, бизлер де өзлеримизди қутқара алмаймыз.
9 – Ол шайтанның күшин жоқ етти ҳәм бизлерди азатлыққа шығарды. Анық сол сыяқлы Қудай Фараонның күшин жоқ етти ҳәм Өз халқын азат етти!
10 – Ўәде етилген жерден де бетер әжайып болатуғын, Әкесиниң үйинде Оның менен бирге болыў ушын.
11 – Ийемиз Ийса аспаннан қайтып келип, өлген исениўшилер тирилген ўақытта.
12 – Бизлер суўға киргенимизде Ийса менен бирге өлемиз. Ал суўдан шыққанымызда, Ийса менен бирге жаңа өмирге көтерилемиз.
13 – Олар Қудайдан корықты.
Олар Қудайға ҳәм Оның қулы болған Муўсаға исенди.
Олар Қудайды уллылады.
14 – Бизлер Қудайдан қорқыўымыз керек.
Бизлер Қудайға ҳәм Оның қулы Ийсаға исениўимиз керек.
Бизлер Қудайды уллылаўымыз керек.
15 – Бизлер Қудайдан қорыққан ўақтымызда, биз гүна ислемеймиз. Қудай бизлер ислеп атырған ҳәмме нәрсени яғный өсек айтып атырғанымызды, шағым етип атырғанымызды, жаман нийетке ийе болғанымызды, телефонда жаман нәрселерди көрип атырғанымызды ҳәм т.б көрип турады.
16 – Биз қаўетерлениўимиздиң кереги жоқ! Мысалы, егер Ол бизлерден Ийсаның нуры болыў ушын бир жерде жасаўымызды сораса, ҳәтте биз ол жерде жасаўды қәлемесек те, Оған исениўимиз керек.Ол бизге ғамхорлық қылады!
17 – Қудайды сөзлеримиз бенен уллылайық ҳәм Қудайға қосықлар айтайық!
18 – Муўса израиллыларды азатлыққа жетелеў ушын теңиз (өлим) арқалы жүрди. Анық усылай, Ийса да бизлерди мәңгилик өмирге жетелеў ушын, гүнадан азат етип, өлимнен ҳәм шайтанннан қутқарыў ушын, Өзи өлим арқалы өтти!

10-Сабақ:

# Қурбанлықлар



Дүнья пайда болғаннан бери адамлар Қудайға қурбанлықлар бериў арқалы табынды. Мысалы, Каин ҳәм Абыл (Жаратылыс Китабы 4-бап).

Адамлар ҳәмме ўақытта Қудайдың жарылқаўын изледи. Адамлар Қудайдың ғәзебин тоқтатыў ушын қурбанлықтың керек екенлигин түсинди.

Адамлар Қудайдың жарылқаўын изледи. Олар Қудайдың ғәзебин тоқтатпақшы болды. Бул таза жай сатып алып, шашыў ямаса садақа бергендей мәниске ийе. Олар Қудайдың ғәзебин тоқтатыў ушын өлим керек екенлигин түсинди.

Адамлар не ушын ҳәр дайым Қудайға қурбанлықлар беретуғын еди? Адамлар ҳәммесинен де көп нени қәлейди? [1]

Тек ғана Муўсаның дәўиринде Қудай Өз халқына қалайынша дурыс табыныўды түсиндирди.

Адамлар Қудайға табынғанда олар ҳайўанды сойып, оны қурбанлық орнында жағып жибериўи керек еди. Усы арқалы олар 2 нәрсени түсинип алыўлары керек еди:

1. **Гүна өлимге ылайықлы (ямаса жазаны талап етеди) ҳәм ол жаза өлим болып табылады.** Қудай менен қарым-қатнасымызды тиклеў ушын биреў өлиўи керек еди.

   Израиллылар ҳәр күни гүна иследи ҳәм сол себептен руўханийлер ҳәр күни бир ҳайўанды қурбанлыққа алып келиўи керек еди.

2. **Адамларға орнын алмастыратуғын нәрсе керек еди.** Ҳайўан адамлардың орнына өлди. Ҳайўанлар гүна ислемейди, адамлар гүна ислейди. Адамлар өзлери өлмеўи ушын олардың орнына биреў (ямаса бир нәрсе) өлиўи керек еди.

Адамлар қурбанлықлар алып келгенде, олар қандай еки шынлықты түсиниўи керек еди? [2]

# Лебийлилер Китабы

Лебийлилер Китабында бизге 5 түрли қурбанлық хаққында тусиндиреди. Бул қурбанлықлар арқалы Құдай оларды Өзи менен қалай етип дурыс қарым-қатнаста болыўын үйретиўди қәледи.

Лебийлилер Китабы 1-бап — Жандырылатуғын қурбанлықлар.

Лебийлилер Китабы 2-бап — Ғәлле қурбанлығы (ямаса садақасы).

Лебийлилер Китабы 3-бап — Татыўлық қурбанлығы.

Лебийлилер Китабы 4-бап — Гүна қурбанлығы.

Лебийлилер Китабы 5-бап — Айып қурбанлығы.

Бизлер жандырылатуғын қурбанлықлар менен татыўлық қурбанлығын көрип шығамыз.

# Лебийлилер Китабы 1-бап — Жандырылатуғын қурбанлықлар

Ҳәр күни азанда ҳәм кеште руўханийлер жандырылатуғын қурбанлықлар алып келиўлери керек еди. Бул қурбанлықлар пүткиллей жағып жиберилиўи керек болған, оны ҳеш ким жей алмайтуғын еди. Бул қурбанлық оларға Құдай бизлердиң пүткил өмиримизге ылайық екенлигин (ямаса пүткил өмиримиз бенен Оған тийисли екенимизди) үйретеди. Бул бизлерге пүткил өмиримизди Құдайға тапсырыўымыз кереклиги ҳаққында үйретеди.

Жаңа Келисимде де биз бул ҳаққында мыналарды оқыймыз:

**Римлилерге 12:1:** *Солай етип, ҳәй туўысқанларым, Құдайдың мийрим-шәпәәти ҳақы сизлерге жалбарынаман: өзлериңизди Құдайға унайтуғын мухаддес ҳәм тири қурбанлық қылып, Оған бағышлаңлар.*

Биз өзимизди ҳәм пүткил өмиримизди Құдайға толығы менен бағышлаўымыз керек!

Жандырылатуғын қурбанлықлар адамларға нени еслетип турады? [3]

Жаңа Келисимниң қайсы аяты бизге бул ҳаққында еслетеди? [4]

# Лебийлилер Китабы 3-бап — Татыўлық қурбанлығы.

Руўханийлер жандырыпатуғын қурбанлықлардан тысқары ҳәр бир қурбанлықтың бир бөлегин жеўи мүмкин еди.

Басқа израиллылар тек ғана татыўлық қурбанлығынан жей алатуғын еди. Адамлар бул қурбанлықлардың гөшин Құдайдың алдында жейтуғын еди. Бул жағдай қурбанлық арқалы олар Құдай менен байланыс қыла алатуғынын көрсетти.

Жаңа Келисимде, Қудайдың халқы биргеликте нан сындырып, жүзим суўын ишкенде, бул оларға Қудай менен қарым-қатнас қылыў мүмкинлигин көрсетеди. Буның себеби нан Ийсаның денесин ҳәм шарап Оның қанын билдиреди. Солай етип, Ийса өлгенде, бул олардың гүналарына төлем төленген қурбанлық болды.

Татыўлық қурбанлығы адамларға нени еслетеди? [5]

Жаңа Келисимде Қудайдың халқы буны қалай етип өзлерине еслетип турады? [6]

# Қурбанлыққа берилген ҳайўанлар жетерли ме?

**Еврейлер Китабы 10:1–10** оқың.

Биз гүналарымыздан тазаланыў ушын ҳайўанлардың қурбанлықлары жетерли емес екенлигин қай жерден билемиз? (1–2-аят) [7]

Қурбанлықлардың қандай пайдалы тәрепи бар еди? (3-аят) [8]

Ийса не ушын бул дүньяға келди? (10-аят) [9]

Биз Ески Келисимди оқыған ўақтымызда Ийса биз ушын не қылғанлығын түсинемиз. Биз Қудай менен мүнәсебетимизди тиклеўимиз ушын қурбанлық керек. Ҳайўанлардың қурбанлықлары жетерли емес еди. Тек ғана Ийсаның қурбанлығы бизлерди гүналарымыздан шынында да тазалап, Қудай менен қарым-қатнасымызды тиклеўи мүмкин!

Қалай етип Ески Келисим, Ийсаның Жаңа Келисимде не қылғанын түсиниўимизге жәрдем береди? [10]

Гүна ислегенимизде, бизлер не қылыўымыз керек? [11]

Гүна бизлердиң Қудай менен болған қарым-қатнасымызы бузды. Тәўбе етиў – бизлердиң Қудай менен қарым-қатнасымызды тиклейди. Бирақ мынаны ҳеш қашан умытпаң: Қудай мухаддес Қудай ҳәм үзликсиз қарсы шығып, гүна ислеў Қудайдың ғәзебин оятады.

## Сиз досларыңыз бенен қурбанлықлар бериў ҳаққында сөйлескениңизде, бир мәрте берилип, мәңгиге азат ететуғын қурбанлық ҳаққында қалай бөлисе аласыз?

# Жуўаплар

1 – Адамлар Қудайдың жарылқаўын алыўды ҳәм Оның ғәзебинен қашып қутылыўды қәлейди.
2 – Гүна өлимди (ямаса қурбанлықты) талап етеди ҳәм адамларға өзлериниң орнына өлетуғын қурбанлық керек. Гүна өлимге ылайықлы ҳәм адамларға өзлерин алмастыратуғын (қурбанлық) керек.
3 – Қудай бизлердиң пүткил өмиримизге ылайықлы.
4 – **Римлилерге жазылған хат 12:1:** *Солай етип, ҳәй туўысқанларым, Қудайдың мийримшәпәәти ҳақы сизлерге жалбарынаман: өзлериңизди Қудайға унайтуғын мухаддес ҳәм тири қурбанлық қылып, Оған бағышлаңлар.*
5 – Қурбанлықлар арқалы биз Қудай менен мүнәсибет қыла аламыз.
6 – Биз бирге нан сындырысамыз.
7 – Адамлар ҳәр дайым таза қурбанлықлар алып келиўи керек еди.
8 – Олар адамларға Қудай менен болған байланысын бузған гүналарын еслетип туратуғын еди.
9 – Ийса бул дүньяға бизлердиң гүналарымыз ушын бир мәрте ҳәм мәңгиликке қурбан болыў ушын келди.
10 – Ески Келисим бизге Қудай менен байланысымызды тиклеў ушын қурбанлық керек екенлигин түсиндиреди. Ҳайўанлардың қурбанлықлары жетерли болмады. Тек ғана Ийсаның қурбанлығы бизлерди ҳақыйқаттан да гүналарымыздан тазалайды ҳәм Қудай менен мүнәсибетимизди тиклейди!
11 – Тәўбе етиў керек.

11-Сабақ:

# Он буйрық



**Шығыу́ Китабы 20:1–17** оқың.

## Бизлер не ушын бул нызамларға бойсыныу́ымыз керек?

Адамлар егер бул буйрықларға бойсынса бейишке барамыз деп ойлайды. Олар Қудай жақсы адамларды қабыл қылады деп ойлайды.

Мухаддес Китап буны үйретпейди! Бизлер хеш қашан жақсы ислерди ислеп қутқарылыу́ға ерисе алмаймыз. Бирақ Қудай бизди қутқарып, Өзиниң халқы қылғаны себепли, биз бойсынамыз.

Жаратқан Ийе израиллыларды қуллықтан қутқарғанда, Қудай олардың жаңа хожайыны ҳәм патшасы болды. Соңынан Қудай оларға бойсыныу́лары ушын жақсы нызамларды берди. Олардың бойсыныу́шылығы, оларды қутқарған жаңа патшасына тийисли екенлигин көрсетти.

Жаңа Келисимде де тап сондай, Қудай бизлерди шайтанның қуллығынан қутқарған у́ақтында Ийса бизлердиң жаңа ийемиз ҳәм патшамыз болды. Бизлер оған хызмет қылыу́ымыз ҳәм бойсыныу́ымыз керек. Бизиң бойсыныу́шылығымыз бизлерди әлле қашан қутқарған жаңа патшамызға тийисли екенлигимизди көрсетеди.

Бизлер не ушын нызамларға бойсыныу́ымыз керек? [1]

## Жаңа Келисим Нызамы

**Матта 22:37–39:** *Ийса оған: — «Қудайың Жаратқан Ийени шын жүректен, жан-тәниң ҳәм пүткил ақыл-ойың менен сүй». Бул биринши ҳәм ең баслы буйрық. Екиншиси де сол сыяқлы: «Өзинди сүйгениң сыяқлы, жаныңдағы адамды да сүй».*

Ең әҳмийетли болған еки буйрық қайсылар? [2]

Әлбетте, бизлер оны жалғыз өзимиз әмелге асыра алмаймыз. Бирақ ҳақыйқаттан да солай жасаўды үйрене алыўымыз ушын Қудай бизлерге Өзиниң Мухаддес Руўхын береди!

Қудайдың Нызамлары бизлерге Оның минез-қулқын көрсетеди. Бизлер Қудайға уқсатылып жаратылғанбыз (Жаратылыс Китабы 1:26). Ол бизлердиң минез-қулқымыз көбирек Өзиниң минез-қулқына уқсаўын қәлейди.

Келиңлер, Қудайдың Өз халқына берген ең әҳмийетли он буйрығы ҳаққында ойлап көрейик.

# Биринши 4 буйрық

Биринши 4 буйрық биз Қудай менен қандай қатнаста болыўымыз керек екенин үйретеди.

**1.** Биринши буйрық қандай? (Шығыў Китабы 20:3) [3]

Қалай етип Қудай күйеўге уқсайды? [4]

Бул буйрық төмендегилер менен байланыслы:

**2.** Екинши буйрық қандай? (4-аят) [5]

Бут деген не? [6]

Қудайдың көринисин (ямаса сәўлесин) биз бул дүньяда қай жерде көремиз? (Жаратылыс Китабы 1:26) [7]

Бизлер көрип турған адамларға табыныўымыз соншелли аңсат!

Адамлар тәрепинен жаратылған бутларға табыныўдың қандай машқаласы бар? [8]

Биз ҳеш қашан сүўретлерге ямаса мүсинлерге дуўа етпеўимиз керек. Ҳәтте ол жерде Ийсаның сүўрети салынған болса да.

Бизлер ушын Қудайдан гөре қәдирлирек болған қәлеген нәрсе бутқа айланыўы мүмкин.

Адамлар бутлардың қандай түрлерине табынады? [9]

**3.** Үшинши буйрық қандай? (Шығыў Китабы 20:7) [10]

Бизиң ислеримиз сөзлеримизге сәйкес келиўи керек. Бизлер еки жүзли болмаўымыз керек. Егер биз Қудайды сүйемиз десек, онда биз Оған бойсыныўымыз керек.

**Римлилерге 2:24:** *«Сизлер себепли, басқа миллетлер арасында Қудайдың атына тил тийеди».*

Бизлер қалай етип Қудайдың атына тил тийгиземиз? [11]

Қалай етип биз Қудайдың атын ҳүрметлей аламыз? [12]

**Лука 6:46:** *«Неге сизлер Мени: «Ийем, Ийем» деп шақырып, айтқанларымды қылмайсызлар?»*

Бул адамлардың машқаласы неде? [13]

Адамлар қалай етип Қудайдың атын бийкарға тилге алады? [14]

**4.** Төртинши буйрық қандай? (Шығыў Китабы 20:8) [15]

Биз ҳәр ҳәптеде бир күн дем алыўымыз ҳәм сол күни Қудай менен ўақыт өткерип, исениўшилер менен ушырасыўымыз керек. Бизлердиң Қудай менен ҳәм адамлар менен болған қатнасымыз жумысымыздан да әҳмийетлирек!

Шемби (ямаса дем алыс) күни, биз өзимиздиң күшимизге емес ал, Қудайдың күшине исенетуғынымызды көрсетеди. Егер биз ҳәр күни, яғный ҳәптеде жети күн ислесек, бул бәрше мүтәжлигимизди қанаатландырыў ушын биз өз күшимизге исенетуғынымызды аңлатады. Егер бизлер ҳәр ҳәптениң бир күнин арнасақ, бул бизлердиң мүтәжликлеримизди қанаатландырыўы ушын Қудайға исенетуғынымызды көрсетеди.

Егер биз Шаббат күнин еслеп, оны мухаддес тутсақ, бул бизлерге қалай етип Қудайды жақсы көриўге жәрдем береди? [16]

# 5–10 буйрықлар

Төмендеги 6 буйрық бир-биримизге қандай қатнаста болыўымызды үйретеди.

Егер биз дәслеп Қудайды сүйе алмасақ (биринши 4 буйрық), онда бир-биримизди де сүйе алмаймыз (соңғы 6 буйрық).

Қалған 6 буйрықты орынлаўымыз ушын биз не қылыўымыз керек? [17]

Кейинги қандай алты буйрық бар? (12–17-аятлар) [18]

Бул буйрықларды орынлаў аңсат па?

**Матта 5:27–28:** *Сизлер: «Неке ҳадаллығын бузба!» — дегенди еситкенсиз. Ал Мениң сизлерге айтатуғыным: ким де ким басқа бир ҳаялға бузық нийет пенен қараса, ол әлле қашан-ақ кеўлинде оның менен неке ҳадаллығын бузған болады.*

Бул аятларда бизиң пикирлеримиз ҳаққында Ийса не айтты? [19]

Қудай бизиң тек сыртқы тәрепимизден емес, ал ишимизден де жақсы болыўымызды қәлейди! Жаратқан Ийе бизлерге Мухаддес Руўхын бергени ушын Қудайға шүкир, сол арқалы бизлер сыртымыздан да, ишимизден де Оған бойсына аламыз!

Он буйрықты оқығанымызда, бизлер ой-пикиримиз ҳаққында нени есте тутыўымыз керек? [20]

Биз қалай етип ишимизден де, сыртымыздан да бойсына аламыз? [21]

## Сизиң минез-қулқыңыз кимге тийисли екениңизди көрсетеди?

## *Қосымша:* Мен қандай буйрықларға бойсыныўым керек?

Биз 21-әсирде Орта Азияда жасап атырған Яҳудийлер болмағанымыз ушын, биз әмел қылмайтуғын нызамлар бар ма? [22]

Таўратта нызамлар көп. Бизлер мәлим бир нызамға бойсыныўымыз керек яки керек емеслигин қалай билемиз?

Бүгинги күнде оларға бойсыныўымыз керек пе яки керек емес екенлигин билиўимиз ушын биз өзимизге еки сораўды бериўимиз мүмкин:

1. **Бул нызам сол ўақытта израиллыларға нени үйреткен?**
2. **Жаңа Келисим бул нызам ҳәм бул тема ҳаққында бизлерге нени үйретеди?**

Таўрат нызамына бойсыныў керек пе ямаса яқ па буны билиў ушын қандай еки сораў бериўимиз керек? [23]

Еки мысал:

### 1. Азық-аўқат нызамы

**Лебийлилер Китабы 11-бап:** гөштиң айырым түрлерин жеўге рухсат берилмейтуғын еди (7-аят, шошқа гөшин).



Бизлер сораўымыз керек болған биринши сораў қандай? [24]

Лебийлилер Китабы 11:45 бизге нени үйретеди? [25]

Олар басқа халықлар сыяқлы жасамаўы керек еди. Олар Қудай ушын мухаддес болыўы керек еди. Қудайдың халқы басқа халықлардан парқ қылыўы керек еди.

Бизлер сораўымыз керек болған екинши сораў қандай? [26]

Бул аятлар бизлерге нени үйретеди: 1 Петр 1:15–16? [27]

Қудай бизлердиң де мухаддес болыўымызды қәлейди. Бизлер басқа адамлар сыяқлы жасай алмаймыз, себеби биз Қудайға тийислимиз.

Бул аятлар бизлерге нени үйретеди: Марк 7:18–19-аятлары? [28]

Солай етип биз Лебийлилер Китабын оқығанымызда аўқат таза емес деп тәшиўишленбеўимиз керек. Биз өз өмиримиз туўралы ойлаўымыз керек — бизлер мухаддес өмир сүрип атырмыз ба я яқ па?

Бирақ бул нызамға тийкарланып өз жақыныңызды қалай сүйиўиңиз керек?

1 Коринфлилерге 8:13: «*Сонлықтан мениң жеп атырған нәрсем туўысқанымның азғырылыўына себеп болатуғын болса, мен туўысқанымды азғырмаў ушын, ҳеш қашан гөш жемеймен*».

Егер диний гөш (қурбанлыққа берилген ҳайўанды) жегениңиз ушын исениўшилер қапа болатуғын болса, оны жеўге арзыйды ма? [29]

## 2. Көзге көз, тиске тис



**Шығыў Китабы 21:23–25:** «*Ал егер басқа зыян жеткизилген болса, жанға жан, көзге көз, тиске тис, қолға қол, аяққа аяқ алынып, күйик ушын күйдирилип, жарақат ушын жарақат салынып, көгерген ушын көгертилсин*».

Биз сораўымыз керек болған биринши сораў қандай? [30]

Бул нызам бийлерге (яғный ҳүким шығарыўшыларға) олар (жынаятшыларға) дурыс жаза бериў ушын берилген еди. Жаза буннан артық болмаўы керек еди. Бул, бий адамлардың қорқынышлы өш алыўына жол қоймаўы керек еди (Жаратылыс 4:24). Ол әдил ҳәм реҳимли болыўы керек еди. Бул адам өзиниң көзин ҳәм тисин бериўдиң орнына пул төлеўи де мүмкин еди (Шығыў Китабы 21:26, 27, 30). Солай етип, бул аятлар оларға Қудайдың әдил ҳәм кеширимли екенин үйрететуғын еди.

Шығыў Китабы 21:23–25 бизлерге нени үйретеди? [31]

Бизлер сораўымыз керек болған екинши сораў қандай? [32]

Матта 5:38–39-аятлары бизлерге нени үйретеди? [33]

Римлилерге 12:9-аяты бизге нени үйретеди? [34]

Қудай ҳәзирге шекем әдил ҳәм кеширимли!

Тез арада Ийса дүньяны ҳәмме қылған (жаман) ислери ушын ҳүким етип, жазалаўға келеди. Ол әдиллик алып келеди!

Қудай ҳәмме нәрсени көрип тур. Адамлар бизлерди қуўдалаған ўақтында Ол кешириўимиз ҳәм сүйиўимиз кереклигин айтады (Матта 6:14–15). Биз ушын бул мүмкин емес, бирақ Мухаддес Руўх пенен бул мүмкин.

Таўрат нызамларына бойсыныў керек пе я яқ па буны билиў ушын бизлер қандай еки сораў бериўимиз керек? [35]

**Өзиңизди қоршаған ҳәр бир адамға Қудайдың сүйиспеншилигин көрсете алыўыңыз ҳәм мухаддес өмир сүре алыўыңыз ушын бир-бириңиз ушын дуўа етиң!**

# Жуўаплар

1 – Себеби Қудай бизлерди қутқарды ҳәм Өзиниң халқы қылды. Ол бизиң патшамыз!
2 – «Қудайың Жаратқан Ийени шын жүректен, жан-тәниң ҳәм пүткил ақыл-ойың менен сүй». Бул биринши ҳәм ең баслы буйрық. Екиншиси де сол сыяқлы: «Өзинди сүйгениң сыяқлы, жаныңдағы адамды да сүй».
3 – Жаратқан Ийеден (Қудайдан) басқа исенетуғын қудайың болмасын.
4 – Қудай қызғаншақ Қудай! Қудай қызғаншақ Қудай! Күйеўдиң ҳаялының басқа еркерклерге бойсынып, оларды сүйиўин қәлемегениндей, Қудай бизлердиң басқа қудайларға табынып, оларды сүйиўимизди қәлемейди.
5 – Өзиңе бут ислеме.
6 – Бул бизлер сыйынған Қудайдың сүлдери.
7 – Ҳәмме адамлар — Қудайдың көринисине ийе!
8 – Бут Қудайды сүўретлей алмайды. Егер бизлер өз жумысымыз арқалы Қудайды сүўретлей аламыз деп ойласақ, бул Жаратқан Ийени қапа қылады.
9 – Биз табынып жүрген сүўретлер ямаса бутлар, сиясий жетекшилер, атақлы (белгили) адамлар, жай ҳәм т.б.
10 – Мәңги Қудайдың атын бийкарға тилге алмаң.
11 – Биз гүна ислеп, Оған бойсынбаған ўақтымызда.
12 – Биз Оған бойсынсақ, Оны ҳүрмет еткен боламыз.
13 – Олар Қудайды сүйемиз деп айтады, бирақ соңынан Оған бойсынбайды.
14 – Олардың талаплары келиспей атырған ўақтында олар Қудайым-ай! — деп Қудайды айыплайды. Бирақ олар өзлеринде барлығы жақсы болып турған ўақытларында Оны уллыламайды.
15 – Шаббат күнин еслең ҳәм оны мухаддес тутың.
16 – Биз Қудай менен ўақыт өткериўимиз ҳәм исениўшилер менен ушырасыўымыз мүмкин.
17 – Биринши 4 буйрықты орынлаң!
18 – 5. Ата-анаңды ҳүрмет қыл.
6. Адам Өлтирме.
7. Неке ҳадаллығын бузба.
8. Урлық ислеме.
9. Жалған гүўалық берме.
10. Басқаларға тийисли болған нәрсени күсеме.
19 – Бизиң пикирлеримиз де, ҳәрекетлеримизге уқсап әҳмийетли есапланады!
20 – Қудай бизиң тек ғана сыртқы тәрепимизден емес, ал ишки тәрепимизден де жақсы болыўымызды қәлейди!
21 – Сыртымыздан да, ишимизден де жақсы болыўымыз ушын Қудай бизлерге Мухаддес Руўхты береди.
22 – Аўа!
23 – Бул нызам сол ўақытта израиллыларға нени үйреткен еди? Ҳәм Жаңа Келисим бул нызам ҳәм бул тема ҳаққында нени үйретеди?
24 – Бул нызам сол ўақытта израиллыларға не нәрсеге үйретти?
25 – Мухаддес болың.
26 – Жаңа Келисим бул нызам ҳәм бул тема ҳаққында нени үйретеди?
27 – Ҳәмме нәрседе мухаддес болың.
28 – Биз ҳәмме нәрсени жей аламыз!
29 – Яқ.
30 – Бул нызам сол ўақытта израиллыларға нени үйреткен еди?
31 – Қудай әдил ҳәм мийримли.
32 – Жаңа Келисим бул нызам ҳәм бул тема ҳаққында бизге нени түсиндиреди?
33 – Өш алыўдың ҳәжети жоқ, бизиң ўазыйпамыз кешириў.
34 – Өзиңиз ушын өзиңиз өш алмаң, буны Жаратқан Ийеге қалдырың.
35 – Бул нызам сол ўақытта израиллыларға нени үйреткен еди? Ҳәм Жаңа Келисим бул нызам ҳәм бул тема ҳаққында нени үйретеди?

# 12-Сабақ:

# Мухаддес шатыр



## Қудай биз бенен!

**Шығыў китабы 25:1–22** оқың.

Мухаддес шатыр — Қудайдың Өз халқы менен ушырасыўды ўәде еткен орны еди. Шатырдың ишки бөлиминде 2 бөлме бар еди.

Олар қандай бөлмелер еди? (Шығыў 26:33) [1]

Ең мухаддес бөлмеде не бар еди? (Шығыў 25:10–22) [2]

Мухаддес китаптың Шығыў китабынан бул ҳаққында нени билип аламыз? (Шығыў 25:10–22) [3]

Керублар ҳаққында нелерди билемиз? (Жаратылыс 3:24) [4]

Керублар, адамлар Қудайға жақынлай алыўы ушын жүдә таза ҳәм мухаддес екенин билдиреди.

Шатырдың әтирапында ҳәўли ҳәм таўар перде бар еди.

Ҳәўлиде не бар еди? **Шығыў китабы 40:29–32** оқың.[5]

Қудайдың алдында адамларды тазалаў ушын олардың екеўи де керек еди.

Қудайдың халқы шөлде саяхат қылғанда, мухаддес шатыр да олар менен бирге саяхат қылды.

Арадан 500 жыл өтип, олар (Қудай тәрепинен) ўәде қылынған жерде жасаған ўақтында, патша Сулайман ибадатхана қурды. Бул ибадатхана Мухаддес шатырға уқсас еди, бирақ ол беккем ҳәм сулыў имарат еди. Бул Қудайдың Өз халқы менен ушырасыўды ўәде еткен орын еди.

Ибадатхана неси менен Мухаддес шатырға уқсас еди? [6]

### Жаңа Келисим

Жаңа Келисим дәўиринде бизлерге физикалық ибадатхана ҳәжет емес, себеби ҳәзир жәмәәт Қудайдың Ибадатханасы.

**1 Коринфлилер 3:16:** *«Өзлериңиздиң Қудайдың ибадатханасы екениңизди ҳәм Қудайдың Руўхы ишиңизде жасап атырғанын сизлер ҳақыйқаттан да билмейсизлер ме?».*

Сонлықтан да, егер биз Қудай менен ушыраспақшы болсақ, онда қандай да бир арнаўлы гөззал болған имаратқа барыўымыз шәрт емес.

Биз қай жерге барыўымыз керек? [7]

## Қудай — мухаддес!

Қудай бизлерди Өзи менен қарым-қатнаста болып, жасаўымыз ушын жаратты. Қудайдың халқы ушын әҳмийетли болған нәрсе — Қудайдың олар менен бирге жасаўы болып, табылады. Олар Қудайсыз Қудайдың халқы бола алмайтуғын еди!

Бирақ олар Қудайдан қорқты. Олар Қудайдың жүдә мухаддес екенлигин ҳәм өзлериниң гүнакар екенин билетуғын еди. Соның менен бирге олар Қудай гүнакар адамларды қалай жазалайтуғынын көрди (мысалы фараонды!).

Қудай Келисим сандықтың үстинде болыўды ўәде қылды — сандық Қудай ушын тахтқа уқсас еди. Бирақ ҳеш ким сандықты көрмеген. Ол Ең мухаддес бөлмеде туратуғын еди ҳәм ол бөлмеге тек Бас Руўханий жылына бир мәрте кириўи мүмкин еди. Сол ўақытта Қудай олар менен бирге, бирақ бөлек болды.

Қудайдың халқында қандай машқала болды? [8]

### Қалай етип гүнакарлар Мухаддес Қудай менен ушыраса алатуғын еди?

Ески Келисимде израиллылар гүналарына кеширим алыўы ушын оларға еки нәрсе керек еди:

1. Гүнакар адамлардың орнына қурбан болатуғын **қурбанлықлар** (яғный жаныўарлар).
2. Әҳмийетли қурбанлықты келтирген **Бас руўханий.**

Кеширим алыўы ушын израиллыларға қандай еки нәрсе керек еди? [9]

Бирақ олардың бас руўханийлери ҳәм қурбанлықлары ҳеш қашан да кәмил болмаған. Олар тек ғана бизлердиң гүна мәселемизди шешетуғын Масийхқа бизлерди таярлаған!

### Жаңа Келисим

**Еврейлерге хат 7:26—27:** *Ийса бизлерге керек болған бас руўханийдиң анық Өзи болады. Өйткени Ол* ***мухаддес, айыпсыз, пәк,*** *гүнакарлардан ажыратылған ҳәм аспаннан да жоқары көтерилип,*

*уллы абырайға ийе болған. Басқа бас руўханийлер сыяқлы, ҳәр күни әўели Өз гүналары ушын, ал соңынан халықтың гүналары ушын қурбанлық бериўдиң Оған ҳәжети жоқ. Себеби Ол Өзин қурбан етип, бул исти бир* ***мәртебе ҳәм биротала*** *орынлады.*

Ийса басқа бас руўханийлерден неси менен парқ қылады? [10]

Оның қурбанлығы Ески Келисимдеги қурбанлықлардан неси менен парық қылды? [11]

Ийса бизиң минсиз бас руўханийимиз ҳәм минсиз қурбанлығымыз!

Ийса өлгенинде ибадатханада не жүз берди? **(Марк 15:37—38)** [12]

Бул бизлерге енди Қудайдан ажыралмағанымызды көрсетти! Бул ең жақсы хабар!

**Тек ғана Ийса гүнакар адамларды Қудайға алып келе алады!**

**Еврейлерге 10:19—22** оқың. Бизлер усы әжайып имкәният пенен не қылыўымыз керек? [13]

**Юхан 14:6:** *Ийса былай жуўап береди: Мен жол, ҳақыйқат ҳәм өмирмен. Мен арқалы болмаса, ҳеш ким Әкеге бара алмайды.*

Солай етип, бизлер қандай тийкар себепли Қудайға жақынлай аламыз? [14]

Бүгинги күнде басқа адамлар қалай етип Қудайға келиўге ҳәрекет қылмақта? [15]

## Ески Келисим Жаңа Келисимди түсиниўге қалай жәрдем беретуғынын көрип турсыз ба?

## Қалай етип бир жылда пүткил Мухаддес Китапты оқып шығыўға болады?



Егер сиз Ески Келисимниң 2-бабын, Жаңа Келисимниң бир бабын ҳәм Забурдың бир бабын (яки егер узын болса оның ярымын) ҳәр күни оқысаңыз, сиз пүткил Мухаддес Китапты бир жылда толық оқып шығасыз!

Қалай етип сиз бир жыл ишинде пүткил Мухаддес Китапты оқып шыға аласыз? [16]

# Жуўаплар

1 – Мухаддес бөлме ҳәм Ең мухаддес бөлмеси.
2 – Келисим сандығы.
3 – Сандық алтын қуты еди (10–11-аятлар).
Сандықта айырықша қақпақ бар еди ҳәм қақпақтың үстинде еки алтын керуб бар еди (17–18-аятлар).
Сандықта он буйрық жазылған еки тас бар еди (21-аят).
Қудай Өз халқы менен сол жерде ушырасатуғынын ўәде етти (22-аят).
4 – Керублар өмир терегин қараўыллайтуғын еди.
5 – Ҳәўлиде (ямаса шарбақта) еки нәрсе бар еди: қурбанлық орны ҳәм бир тостаған суў бар еди.
6 – Онын еки бөлмеси: Мухаддес бөлме ҳәм Ең мухаддес бөлмеси. Ол бөлмеде қурбанлық орны ҳәм нәрселерди тазалаў ушын үлкен қазан бар еди.
7 – Бизлер басқа исениўшилер менен ушырасыўымыз керек — Қудай ҳәмме ўақытта биз бенен!
8 – Қудай олар менен жасаў ушын келди, бирақ олар гүнакар еди. Соның ушын да олар Қудайға жақынласа алмады.
9 – Бас руўханий ҳәм Қурбанлықлар.
10 – Ол мухаддес, минсиз, пәк.
11 – Онын қурбанлығы бир мәрте ҳәм мәңгиликке болды.
12 – Ибадатханадағы перде жоқарыдан төменге шекем екиге бөлинди.
13 – Қудайға жақынлай аламыз!
14 – Бизлер Қудайға Ийса арқалы келемиз.
15 – Өз мысалларыңызды келтириң.
16 – Ески Келисимниң 2 бабын, Жаңа Келисимниң бир бабын ҳәм Забурдан бир бап (яки узын болса оның ярымын) ҳәр күни оқың!

# 13-Сабақ:

# Шөлдеги өмир



Қудай Өз халқына Синай таўында көп нызамлар берди. Олар шатыр иследи. Бир жылдан соң израиллылар Синай таўынан кетти ҳәм ўәде етилген жерге қарай саяхат етти.

## Қорқыныш!

**Санлар Китабы 13:1–14:4** оқың.

Муўса не ушын ўәде етилген жерге 12 адамды жиберди? [1]

Олар жер ҳаққында нени билип алды? (13:28) [2]

Сүт ҳәм пал ағыў дегени нени аңлатады? [3]

Олар қалалар ҳаққында нени билип алды? (13:29) [4]

Адамлар ҳаққында олар нени билип алды? (13:33–34) [5]

12 адамның арасындағы нешеўи Қудайға исенетуғын еди? [6]

Солай етип, олардың ишиндеги нешеўи Қудайға исенбейтуғын еди? [7]

Он адам дәўлерди көрди ҳәм қорқынышқа түсти.

Бирақ Калеб пенен Ешуа не айтты? (13:31) [8]

Бул еки адам менен басқа адамлардың арасында қандай парық бар? [9]

Бирақ ким күшлирек: Қудай ма ямаса адамлар ма? [10]

Олардың ҳәммеси Қудайдың олар ушын не ислегенин билетуғын еди. Қудай олар ушын не иследи? [11]

Бирақ сонда да олар Қудайдан емес, ал адамлардан қорқты.

Қудайдың бизлер ушын не ислегенин умытыў сондай аңсат!

Қудайдың бизлер ушын не ислегенин қалай есте сақлап қала аламыз? [12]

Егер бизлер буны ислей алсақ, бизлер адамлардан емес, ал Қудайдан қорқатуғын боламыз!

Израиллылар Қудайдан қорқыўды тоқтатқан ўақтында, олар не иследи? (14:1–4) [13]

Дәл солай, бизлер де Қудайға исенбегенимизде Оған бойсынбаймыз.

**Санлар Китабы 14:20–25-аятларын** окың. Қудай оларға не айтты? [14]

**Нызамның кайталаныўы китабының 1:1–3-аятларын** окың. Израиллылардың Қудайға исенбегенлигиниң нәтийжеси қандай болды? [15]

Израиллылардың үлкен әўлады өлемен дегенше Қудай оларды шөлде қырық жыл жасаўға мәжбүр қылды. Ўәде етилген жерге тек ғана олардың уллары (яғный кейинги әўлады) менен бирге Калеб ҳәм Ешуа киреди.

Қудай не ушын олай иследи? [16]

Бизлер Қудайға исенбеген ўактымызда, бул жағдай бизлерди қорқынышлы нәтийжеге алып келеди.

# Жаңа Келисим

Ўәде етилген жер Қудайдың Ибрайымға берген ўәдесиниң орынланыўы болды (Жаратылыс 12:1–7). Ол жер Кудайдың халқы болған Израил менен Оның Өзи бирге жасайтуғын жери еди.

Соның менен бирге ўәде етилген жер Қудай Өз халқы менен бирге мәңги жасайтуғын Жаңа Жаратылыстың сүўретлемеси болып есапланады.

**Еврейлерге 11:16-аятын** окың. Негизинде Қудайға исенген адамлар Ески Келисимде нени күтип жасады? [17]

**Юхан 3:16-аятын** окың. Егер бизлер Жаңа Жаратылысқа кириўди ҳәм мәңгилик өмирге ийе болыўды қәлесек, онда бизлер не ислеўимиз керек? [18]

Егер бизлер Ийсаға исенсек, онда мәңги Ўәде етилген жерге барамыз. Бул Ески Келисимде Ўәде етилген жерге қарағанда қаншелли жақсы жер болады!

# Шөлде жасаў

Жаңа Жаратылыстағы өмирге салыстырғанда бизлердиң өміримиз шөлдеги өмирге уқсайды. Шөл-бизлердиң өмир бойлап саяхатымыздың сүўретлемеси болып табылады!

**Нызамның кайталаныўы китабының 29:5—6-аятларын** окың. Шөлдеги 40 жыл өмир даўамында Қудай қалай етип Өз халқына ғамхорлық етти? [19]

Жаңа Келисимде Мухаддес Руўх Ийсаны шөлистанға 40 күнге алып барды.

**Матта 4:3-аятында** шайтан қалай етип Ийсаны сынады? [20]

**Матта 4:4-аятта** Ийса оған қалай жуўап берди? [21]

Бизлер тек ғана нанға мүтәж емеспиз, ал соның менен бирге бизлер Қудайдың сөзи менен жасаўымыз тийис.

Қудай Израил халқына қалай ғамхорлық қылған болса, Ийса тап солай етип Қудайдың Оған да ғамхорлық ететуғынына исенди.

**Юхан 6:35-аятында** Ийса Өзин не деп атады? [22]

Бул нени аңлатады? [23]

**Юхан 4:10-аятында** Ийса қудықтың жанындағы хаялға не деди? [24]

Бул нени аңлатады? [25]

Бизлердиң руўхый жағдайымыз саламат болыўы ушын бизлер ҳәр күни руўхый азықларды ишип-жеўимиз керек!

Егер сиз көп ўақыт даўамында ишип, жемесеңиз не болады?

Бизлер руўхый саламат болыўымыз ушын не ислеўимиз керек? [26]

Бизлердиң өмир саяхатымыз исеним саяхаты болыўы керек:

Бизлер Қудайға исенип, Оған бойсыныўымыз керек. Бизлер руўхый азығымызды ишип, жеўди даўам етиўимиз керек! Бизлер дәўлерден емес, ал Қудайдан қорқыўымыз керек!

Биз қандай дәўлерди көремиз?

Бизлер кимнен қорқамыз: дәўлерден бе ямаса Қудайдан ба?

Бизлер Қудайға исенген ўақтымызда, гүна ислемеймиз.

Бизлер қорқыныш адамлары емес, ал исеним адамлары болыўымыз керек!

## Қудай сизге бүгин не айтып атыр?

# Жуўаплар

1 – Жерди анықлаў ушын, қалалар хаққында, адамлар ҳәм жер ҳаққында билиў ушын.
2 – Ол жерде сүт ҳәм пал ағады.
3 – Бул көп маллар ҳәм ҳәррелерди билдиреди. Ҳәррелер өсимликлердиң өсиўи ушын жудә әҳмийетли. Бул арқалы бизлер ол жердиң жүдә өнимдар екенлигин түсинемиз.
4 – Оның қалалары дийўалларға ийе болып, жүдә үлкен болған.
5 – Олар (израиллылар) ол жерде көрген ҳәмме адамлар оғада узын бойлы болған. Олар ол жерде дәўлерди көрген.
6 – Тек ғана 2!
7 – 10.
8 – Барамыз ҳәм жерди ийелеп аламыз! Бизлер буны ислей аламыз!
9 – Калеб пенен Ешуа Қудайдан қорқатуғын болса, ал басқалары адамлардан қорқатуғын болған.
10 – Қудай!
11 – Қудай оларды Мысырдан алып шықты, фараоннан қутқарды ҳәм әжайып кәраматлар көрсетти.
12 – Бизлер ҳәр күни Мухаддес Китапты оқыўымыз ҳәм Қудайды алғыслаўымыз керек. Жақсы қосықлар бизлерге, Қудайдың бизлер ушын не ислегенин еслетеди. Бизлер Қудайды алғыслаўымыз ҳәм бирге Қудайдың сөзин үйрениў ушын исениўшилер менен жийи — жийи көрисип турыўымыз керек.
13 – Олар Қудайға қулақ салмағаны ушын ўәде етилген жерге бармады.
14 – Олар ўәде етилген жерди көрмейтуғынын.
15 – Синай таўынан ўәде етилген жерге шекемги баратуғын жол тек ғана 11 күнлик жол еди. (Бирақ) бул 40 жылға созылды!
16 – Себеби олар Қудайға исенбеди.
17 – Олар жақсырақ аспан патшалығын — Жаңа Жаратылысты күткен еди.
18 – Бизлер Ийсаға исенип, (Оған исенимимизди тапсырыўымыз) керек!
19 – Ол оларға суў, нан ҳәм керек болған барлық нәрселерди берди.
20 – Шайтан Ийсаға тасты нанға айландырыўын айтты.
21 – *«Адам тек ғана нан менен емес, Ал Қудайдың аўзынан шыққан ҳәр бир сөз бенен жасайды»* — деп Мухаддес Жазыўда жазылған-ғо, — деди.
22 – Өмир наны.
23 – Ол бизлердиң Қудай менен болатуғын қарым-қатнасқа деген қәлеўимизди (ашлығымызды) қандырады. Ол бизлерге мәңгилик өмир ушын ҳәм жер бетинде өмир сүрип атырған ҳәр бир күнимиз ушын керек болған нәрсениң бәрин бере алады.
24 – Ол тири суўды береди.
25 – Ол бизлердиң Қудай менен болатуғын қарым-қатнасқа деген шөлимизди қандырады. Ол бизлерге мәңгилик өмир ушын ҳәм жер бетинде өмир сүрип атырған ҳәр бир күнимиз ушын керек болған нәрсениң бәрин бере алады.
26 – Бизлер Мухаддес Китапты оқыўымыз ҳәм дуўа етип, Ийса менен ҳәр күни ўақыт өткизиўимиз керек. Биз Қудайдың бизлер менен бирге екенин ҳәм Ол бизлерди мәңгилик ўәде етилген жерге алып баратуғынын билемиз!

## 14-Сабақ:

# Мухаддес Китап 8 сүўретте

Ҳәзирге дейин үйренгенлеримизди көрип шығыў ушын ҳәм пүткил Мухаддес Китап ҳаққында түсиндириў ушын бизлер усы сүўретлерден пайдаланамыз.




Бизлер биринши сүўрет ҳаққында оқыймыз, кейин топардағы бир адам бул мағлыўматты оқымай тәкирарлаўы керек. Соң екинши сүўрет ҳаққында оқыймыз ҳәм ақырына дейин барғанымызда оны басқа адам тәкирарлайды. 8 сүўреттиң ҳәммесин гезек пенен қайталаймыз.




## 1. Жаратылыс

Қудай ҳәмме нәрсени жақсы жаратты. Қудай биринши адамлар Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ене менен Эден бағы деп аталған сулыў бағда сөйлести.




## 2. Гүнаның басланыўы

Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ене Қудайға бойсынбады, ал шайтанға қулақ салды. Солай етип, олар Қудайдың жарылқаўынан ҳәм мәңгилик өмирден айырылды.Сүўреттеги оқ сызық белгиси Қудай оларды Өзиниң дәргайынан ҳәм Эден бағынан қуўып шығарғанлығын аңлатады.




## 3. Ўәде

Жаратқан Ийе Ибрайымға ол Қудай ушын айырықша болған **қәўимниң** атасы болыўын ўәде етти. Қудай Ибрайымға адамлар ушын Жаратқан Ийе менен бирге болатуғын **жерди** ўәде етти.

Ҳәм Қудай ол арқалы бәрше адамларға **жарылқаў** ўәде қылды.

Таж — Қудайдың жақсы ҳүкимдар болатуғынын аңлатады.

Айқулақ — Қудай Өз ўәдесин орынлайтуғынлығын аңлатады (Жаратылыс Китабы 9:13–16). Оған бәрқулла исениўиңиз мүмкин!




## 4. Шығыў

Қудайдың халқы Мысыр деген өзге елде қул болып қалды. (Үшмүйешлик Мысырды аңлатады.)

Оқ сызық белгиси Қудай өз халқын Мысырдағы қуллықтан қутқаратуғынлығын аңлатады.




## 5. Жер

Қудай өз халқын ўәде етилген жерге алып келди. Жаратқан Ийе олар менен бирге болыўға ҳәм егер Өзине бойсынса, оларды берекетли қылыўға ўәде етти.

Тереклер ҳәм суў оның жақсы жер екенлигин аңлатады.

Бирақ израиллылар Жаратқан Ийеге бойсыныўды қәлемеди ҳәм олар Қудай менен болған айырықша мүнәсебетин бузды.




## 6. Ийса Масийх

Ийса Масийх бизлердиң гүналарымыз ушын жалғыз қурбанлық болыў ҳәм атанақ ағашта өлиў ушын келди.

Кейин Ол өлимнен қайта тирилди. Демек Бул Оның өлимди жеңгенлигин көрсетеди ҳәм енди бизлер және Қудай менен дос бола аламыз!




## 7. Ийсаның қайтып келиўи

Ийса аспанда. (Ийса ҳәзир бейиште.)

Ол тез арада ақырғы заманды ... ҳәм ҳәммени ҳүким қылыў ушын қайтып келеди.

Оқ белгиси Ийса дүньяның ақырын белгилеў ушын ҳәм ҳәмме адамларды ҳүким қылыў ушын қайтып келетуғынын көрсетеди.




## 8. Мәңги ўәде қылынған жер

Сонда бизлер Қудай менен бирге жаңа, мәңги, ўәде етилген жерде — Жаңа Жаратылыс болып жасаймыз!

**Бир-бириңиз ушын дуўа етиң, Қудай сизлерге алдыңыздағы ҳәптеде усы сүўретлер менен бөлисе алыўыңыз ушын биреўди жиберсин.**

15-Сабақ:

# Ешуа



Муўса 40 жыл шөлистанда сарсан болып жүргеннен кейин халықты ўәде етилген жер шегарасына жетекледи. Муўсаның өзи ўәде етилген жерге кирмеди.

Муўса бул дүньядан көз жумды ҳәм Ешуа жаңа жетекши болды. Ешуаның жумысы, яғный ўазыйпасы Қудайдың халқын ўәде етилген жерге алып барыў еди. Урыслар ўақтында Ешуа оларды басқарады.

Қудайдың халқына Муўсадан кейин ким басшылық етти? [1]

Оның жумысы неден ибарат еди? [2]

## Ўәде

**Ешуа 1:1—9-аятларын** оқың.

Қудай Өзиниң халқына нени ўәде етти? (Шығыў 3:8) [3]

Бирақ Қанан халқы жүдә күшли еди.

Израил халқы оларды өзлери жеңе алмас еди — олар Қудайдың жәрдемине мүтәж.

Келиң, Қудай Ешуаға не ўәде еткенин көрип шығайық.

5б–9-аятларда да бирдей аятлар жазылған.

Ески Келисим еврей тилинде жазылған. Еврейше аятларда eң мәнили жери аяттың ортасында болған.

**А.** Сени ҳеш қашан қалдырмайман ҳәм таслап кетпеймен.
**Б.** Күшли ҳәм мәрт бол.
**В.** Тек күшли ҳәм жүдә мәрт бол
**Г.** Қай жерге барсаң да өсип өниўиң ушын барлық нызамларға дыққат етип, әмел қыл.
**Д. Нызам китабында жазылған сөзлерди аўзыңнан түсирме.**
**Г.** Онда жазылғанлардың барлығын толық орынлаў ушын, ол ҳаққында күни-түни ой жуўыртып жүр. Сонда сен табысқа ийе болып, мақсетиңе ерисесең.
**В.** ... Күшли ҳәм мәрт бол
**Б.** Қорқпа ҳәм руўхыңды түсирме
**А.** Мәңги, сениң Қудайың, кай жерге барсаң да сениң менен бирге болады.

Усы аяттағы eң әҳмийетли пикир не еди? [4]

Егер Ешуа усыны ислесе нәтийжеси қандай болады? (7-аят) [5]

Неге оған қорқыў ҳәм түскинликке түсиў керек емес? (9-аят) [6]

# Атқарыў/орынлаў

**Ешуа 21:43–45** оқың.

Қудай Ибрайымға бериўге ўәде еткен жердиң қанша бөлимин Израиллылар Ешуа басшылығында ҳүкимдарлық етти? (43-аят) [7]

Қудай оларға және не берди? (44-аят) [8]

Мухаддес Китаптың бул аятларына тийкарланып, Қудайдың неше ўәдеси орынланды? (45-аят) [9]

Бул таң қаларлық нәрсе еди! Бирақ Израиллылар ушын бул аңсат кешпеди. Олар ҳәр бир қала ушын гүресиўлери керек еди. Бирақ ақырында Қудай израиллыларға тынышлық ҳәм қуўаныш мәканы болыў керек болған жерди берди. Бул олардың Қудай дәргайындағы үйи болыўы керек еди!

## Неге олар бул адамлар менен урысыўы керек еди?

Адамлар дүньяның нуры болыў ушын өз душпанларын ўәде етилген жерден қуўып шығарып жибериўи керек еди!

Бул душпанлар басқа Қудайға сыйынып жаман ислерди қылды, оннан басқа, олар өз балаларын қурбан қылды. Қудай ол адамлардың қылықларынан жеркенди ҳәм жаўыз ислеринен үлги алыўын қәлемеди.

Неге олар бул адамлар менен урысыўы керек еди? [10]

# Жаңа Келисим

Ийсаның дәўиринде дүньяның усы бөлиминде ҳәмме сөйлесетуғын тил грек тили еди. Солай етип, Жаңа Келисим грек тилинде жазылған.

Жаңа Келисим қайсы тилде жазылған? [11]

Ески Келисим қайсы тилде жазылған? [12]

Еврейше Ешуаның аты грекшеде Ийса деп аўдарылған.

Ийсаның аты нени аңлатады? (Матта 1:21) [13]

Ешуа Ийсаның уқсасы еди: Ийса бизлерди қутқаратуғын ҳәм бизлерди мәңги ўәде қылынған елге, Жаңа Келисимге Жаратылысқа қарай қәўип қәтерсиз алып баратуғын садық Жолбасшымыз! Бул Ески Келисимдеги ўәде қылынған жерден жүдә жақсы болады! Бул дүнья бизлердиң үйимиз емес. Бизлер ҳақыйқый үйимизге баратырмыз!

Ийса гүнасыз еди. Ол Қудайдың нызамына толық бойсынды. Ол «шепке де, оңға да аўып кетпеди» (Ешуа 1:7). Шайтан оны шөлистанда азғырғанда оған қарсы Қудайдың сөзи менен гүрести (Матта 4:1–11).

Ийсаның Ешуаға уқсас тәреплери қандай? [14]

Ийса Ешуадан неси менен айырылып турады? [15]

# Қудай бүгин қандай урысларда гүресиўимизди қәлейди?

Бүгинги күнде ўәде қылынған жер жоқ. Қудай бизди физикалық (ДЕНЕ) жери ушын гүресиўге ҳәм Оған бойсынбайтуғынлардың ҳәммесин ол жерден қуўып шығарыўға шақырмайды. Керисинше, бизлердиң ўазыйпамыз, адамларға сөзимиз ҳәм сүйиспеншилигимиз арқалы мухаддес Қудайдың бар екенин көрсетиў болып табылады. Ол оларды соншелли жақсы көреди, олар мәңгилик өмирге ийе

болыўы ушын баласын гүналары ушын өлиўге жиберди. Олар пүткил дүньяның Қудайына қарсы КӨТЕРИЛИСИ ушын тәўбе етиўи керек!

Бизлердиң бүгинги ўазыйпамыз не? [16]

Бизлер руўхый урыстамыз. Шайтан бизлерди ҳәр дайым бойсыныўшылыққа шақырады. Бизлерди мәңги ўәде қылынған жерге жетемен дегенше көп гүреслер күтип турыпты.

**Ешуа 1:16–17:** Израиллылар Ешуаға не ўәде қылған? [17]

Израиллылар жеңиске ерисиў ушын ҳәмме нәрседе өзлериниң жол басшысы Ешуаға бойсыныўы керек еди.

Қудай Өз халқына ўәде қылынған жерге алып барыў ушын Ешуа менен бирге еди. Бирақ Ийса Қудай бола тура, адам болып келди. Солай етип, Ол бизлер менен бирге болған Қудай ҳәм бизлерге ўәде етилген мәңгилик жерге жетеклеўши басшы.

Матта 28:20-аятында Ийса Өзиниң избасарларына нени ўәде еткен еди? [18]

Солай етип Ешуа 1:5б–9-аятларында Ийсаның бизлерге айтып атырған сөзлерин оқыўымыз мүмкин.

Ийса ҳәмме ўақытта бизлер менен екенлигин ҳәм Ол бизлерди күшли ҳәм мәрт қыла алатуғынын билиўимиз ушын не қылыўымыз керек? [19]

Бизлер Қудайдың сөзин оқығанымызда, Қудай бизлерге күш береди ҳәм қорқынышты жоқ қылады!

Израиллылар ҳәр бир қала ушын урысыўы керек болғанындай, бизлер де ҳәр бир гүнакар ойларымыз ҳәм ҳәрекетлеримизге қарсы гүресиўимиз керек.

- Бизлер кимди сүймеймиз/жақсы көрмеймиз?
- Бизлер кимди кеширмедик?
- Қашан бизлер өзимизди күйеўимиз ямаса ҳаялымыздан гөре көбирек жақсы көремиз?
- Қашан ашыўланамыз ҳәм жақынларымызға бақырамыз?
- Телефонда жаман нәрселерди көремиз бе?
- Нух ҳаққындағы сабақ есиңизде ме?

Бизлер иши жаман мийўеге уқсап қалғанымызда, сыртқы көринисимизден жақсы болып көрине бериўимиз мүмкин. Қудай сизлердиң қәйтип өзгергениңизди қәлейди, соны көрсетиўин Оннан сораң. Сонда ғана сизлер басқаларға Ийсаның изинен ерип, ўәде етилген мәңгилик жерге барыўға жәрдем бере аласыз!

## Күнделикли тапсырма

Ҳәр күни Қудайдың барлық саўыт-сайманларын тағыңлар (Ефеслилерге 6:10–18), сонда сизлер турыўыңыз ҳәм Ийса ушын жақсы әскер болыўыңыз мүмкин!(Сонда сизлер шайтанның бизлерге ататуғын ҳәр қандай оқларына қарсы тура аласызлар! Есиңизде болсын, Қудай бизлер ушын гүреседи ҳәм бизлерди азат қылады. Бизлердиң ўазыйпамыз тәслим болмаў ҳәм қашып кетпеў!)

# Жуўаплар

1 – Ешуа.
2 – Қудайдың халқын ўәде етилген жерге жетеклеў еди.
3 – Қудай оларды сүт ҳәм пал ағып турған жақсы, жемисли (өнимдар жер, көп шарўа маллары бар) жерге алып келиўди ўәде қылды.
4 – «Нызам китабында жазылған сөзлерди аўзыңнан түсирме. Онда жазылғанлардың барлығын толық орынлаў ушын, ол ҳаққында күни-түни ой жуўыртып жүр.
5 – Сонда сен табысқа ийе болып, мақсетиңе ерисесең.
6 – Өйткени Қудайың Жаратқан Ийе сен баратуғын ҳәр бир жерде сениң менен бирге болады».
7 – Барлық жер жүзи.
8 – Ол оларға ҳәмме душпанларынан тынышлық берди.
9 – Олардың ҳәммесиниң орынланғанын айтады.
10 – Олардың ҳәмме жаман қылықларынан жеркенди ҳәм израиллылардың бул жаўыз ислерине еликлеўин қәлемеди.
11 – Грек тили.
12 – Еврей тили.
13 – Қудай қутқарады.
14 – Олардың еки аты да Қудай қутқарады деген мәнисти аңлатады ҳәм екеўи де өзиниң халқын қутқарады ҳәм Қудайдың халқын ўәде етилген жерге алып барады.
15 – Ешуа адам еди, соның ушын ол минсиз емес еди. Бирақ Ийса гүнасыз еди. Ол Қудайдың нызамына толық бойсынды. Ешуа Қудайдың халқын мәңги даўам етпейтуғын жерге алып барды. Ийса бизлерди ўәде етилген мәңгилик жерге алып барады.
16 – Сөзлеримиз ҳәм сүйиспеншилигимиз арқалы мухаддес Қудайдың бар екенин көрсетиўимиз керек. Олар тәўбе қылыўлары керек!
17 – Олар оған бойсыныўды ўәде еткен.
18 – Мен ҳәмме ўақытта дүньяның ақырына дейин сизлер менен бирге боламан.
19 – Бизлер Қудайдың сөзин оқыўымыз, ой-пикир жуўыртыўымыз ҳәм бойсыныўымыз керек.

## 16-Сабақ:

# Бийлер



Бийлер китабында қорқынышлы ўақыялар жүдә көп. Бул бизлерге Қутқарыўшыға қаншелли мүтәж екенимизди көрсетеди. Бул қараңғы дүньяда жарық болатуғын Қутқарыўшы.

Бизлер Мухаддес Китаптағы қорқынышлы ўақыяларды оқығанда, ол бизлерге нени еске түсиреди? [1]

Дүньяның нуры ким? (Юхан 8:12) [2]

Бийлер Қудай халқының жолбасшылары ҳәм қутқарыўшылары болды. Бул Ешуа менен биринши патша Шаулдың арасындағы ўақыт еди. Бул 300 жылдан аслам ўақытқа созылды. Бул бизлердиң дәўиримизге дейинги 1300–1000 жыллар шамасындағы ўақыт еди.

Бийлер ким болды? [3]

## Шеңбер

**Бийлер китабы 2:6–19** оқың.

Қудай өз халқына дүньяның нуры болыўы ушын ўәде етилген жерди берди. Өзлериниң қалай өмир сүриўи кереклигин ҳәм ҳақыйқый Қудайға қалай сыйныў керек екенлигин басқа халықлар көриў ушын болды.

Бирақ Бийлер китабында израиллылардың Қудайға бойсынбағанлығын көремиз.

Қайталанатуғын бес бөлимнен туратуғын шеңбер бар:

1. **Израиллылар басқа қудайларға сыйынады.**
2. **Қудай оларды жазалап, душпанларына тапсырады.**
3. **Олар Қудайға жалбарынады.**
4. **Қудай оларға қутқарыўшы бий береди.**
5. **Бий өледи.**

Соннан кейин шеңбер қайталанады.

Бийлер Китабында шеңбердиң бес бөлеги қандай? [4]

# Бийлердеги төрт машқала

## 1. Изинен ериўимиз ушын бийлер жақсы үлги бола алмады.

Бул китаптағы бийлер бизлер ушын жақсы үлги болған жоқ!

Мысалы:

1. **Гидеон қорықты** (6:27). Бизлер Қудайды ығал және қурғақ жүн менен сынамаўымыз керек! (6:36–40)

2. **Ифтах** ақылсызлық пенен ант ишип, қызын өлтирди (11:29–40).

3. Ең атақлы бий **Самсон**. Ол оғада күшли болды. Ол басқа қудайларға табынатуғын филистли ҳаялға үйленди (14:1–2). Ол бузық хаялларға барған. Шашын қыймайман деген антын бузды (16-бап) — усылайынша ол уллы күшинен айырылды. Ҳәм ол ҳәмме ўақытта кек сақлап журди.

Олар бизлер ушын жақсы үлги болмады!

## Жаңа Келисимде

Қутқарыўшымыз бизлер ушын жақсы үлги. Бизлер Оған еликлеўимиз тийис. Ол қорқпады, гүнасыз жанды өлтирмеди, кек сақламады ҳәм таза өмир сүрди.

Ол ким? (1 Петр 2:21–23) [5]

## 2. Бийлер ўақтынша ғана қутқара алды.

Бий қайтыс болғаннан соң не жүз берди? (2:19) [6]

## Жаңа Келисимде

Бизлерди мәңгиге қутқара алатуғын Қутқарыўшымыз бар!

**Еврейлерге 7:25:** *Сонлықтан Ол Өзи арқалы Қудайға келгенлерди пүткиллей қутқаратуғын күшке ийе. Себеби Ол мәңгиге тири болып, Қудайдан олар ушын өтинип сорайды.*

Не ушын Ийса бизлерди мәңгиликке қутқара алады? [7]

## 3. Бийлер гүна мәселесин шеше алмады.

Бийлер китабында бизлер израиллылардың барған сайын жаманласып баратырғанын көремиз.

Қудайдың халқына деген Өз сүйиспеншилигин ҳәмме ўақытта көрсетиўи таң қаларлық!

Олар Оны шақырғанда, Ол не иследи? (мысалы: 3:9) [8]

Бирақ бий қайтыс болғанда не жүз берди? (2:19) [9]

## Жаңа Келисимде

Бизлердиң гүнамыздың мәселесин шешкен Қутқарыўшымыз бар!

Қудай не иследи? (Юхан 1-хаты 4:9–10) [10]

Қудай бизлерге не берди? (Елшилердиң ислери 2:38) [11]

Мухаддес Руўх бизлерди Ийсаға көбирек уқсас қылады. Ол бизлердиң өміримизде жумыс ислеп атырғанлықтан, бизлер гүна ислеўди азайтып барамыз. Бир күни биз жаңа жаратылыста Ийса менен бирге гүнасыз өмир сүремиз!

## 4. Бийлер халықты Патшасы болған Қудайға бойсыныўға көндире алмады.

Забур 43:5 Қудайды қалайынша сүўретлейди? [12]

Нызамның қайталаныўы 33:5-аятта Муўса: Жаратқан Ийе Ешурунның патшасы болды, деп жәриялайды.

Ал **Бийлер китабы 21:25-аятта** не дейди? [13]

Сол күнлери израил халқы патшаға ийе болмай өмир сүрди. Олардың үстинен ҳеш ким ҳүкимдарлық қылып атырған жоқ еди. Қудай Ийесиниң ҳүкимдарлығы астында жасаўды да тоқтатқан еди. Ҳәр ким өз ойындағысын дурыс деп есаплағанын ислеп жасады ҳәм барған сайын жаманласып барды. Бул жүдә жаман аўҳал еди!

Израиллыларға дурыс ҳәрекет етиў ушын ким керек болды? [14]

Бийлер патша ретинде майланбаған, олар ҳеш қашан Қудайдың пүкил халқын бириктирмеген ҳәм оларға патшалар орынлаў керек болған нызам да берилген жоқ.

Қудай израиллылардың басқа халықлардағыдай патшасы болыўын қәлегенин билген еди.

Солай етип, Қудай оларға қойылатуғын патшасы не ислеп, не ислемейтуғыны ҳаққында не айтты? (Нызамның кайталаныўы 17:18−20-аятларға қараң). [15]

Жақсы патша өз халқын Қудайдың нызамларына бойсыныўы арқалы басқарыўы керек.

Ески Келисимди оқығанымызда, бизлер Израил патшаларының ҳеш қайсысы бәрин дурыс ислемегенин билемиз. Бирақ Қудай өз халқына бир күни Қудайдың нызамларына бойсынған ҳалда өз халқын жетелейтуғын минсиз патшаны жиберетуғынын айтты.

## Жаңа Келисимде

Төмендеги аятларда Ийсаға қандай атама берилген?

**Матта китабы 2:2**[16]

**Матта китабы 27:37** [17]

**Аян китабы 19:16** [18]

Ийса бизлерге керекли болған анық Патша! Ол минсиз өмир сүрип, нызамды толық орынлады (Матта 5:17).

Ийса: — майланған Патша — «Масих» «майланған» дегенди билдиреди. Ол Қудайдың барлық халқын бирлестирди (Галатиялылар 3:28) — ҳәм ол Нызамды орынлады (Матта 5:17).

Бийлерде қандай төрт машқала бар еди? [19]

Бизлерге ким жақсы үлги бола алады? [20]

Ким бизлерди мәңгиликке қутқара алады? [21]

Гүна мәселесин ким шеше алады? [22]

Минсиз патша ким? [23]

## Сиз Патшаңызға қалай сыйнасыз?

# Бийлер китабынан бизлер нени үйрендик?

## 1. Қудайға исенбейтуғынларға еликлеў, олардың ислегенлерин ислеў сондай аңсат.

Олар не затқа сыйынады? (Ислам, телефон, машинаға, үлкен үй.) [24]

**Нызамның кайталаныўы 6:5-аятты** оқың.

Қудай бизлерден нени қәлейди? [25]

## 2. Гүна — буннан ўаз кешиўимизге бизлер ушын жүдә күшли. Бизлер жәрдемге мүтәжбиз.

**Юхан 8:36:** *«Сонлықтан егер Ул сизлерди азат қылса, ҳақыйқаттан азат боласызлар».*

Гүна ислеўди қалай тоқтата аламыз? [26]

Тек ғана Ийса бизлерди гүналарымыздан қутқара алады ҳәм тек ғана Ийса жүрегимизди өзгерте алады!

## 3. Қудай бизлерди жақсы көргени ушын жазалайды.

**Еврейлерге жазылған хат 12:5–6:** *«Улым! Жаратқан Ийемиздиң тәрбиясына итибарсыз қарама, Ол сени әшкаралағанда, руўхыңды түсирме. Себеби Ол сүйген адамын тәрбиялайды, Улы қылып қабыл еткен ҳәр бир адамын жазалайды».*

Жаратқан Ийе кимди тәрбиялаў ушын жазалайды? [27]

Басыңа бир жаманлық түссе, Қудайдан ол арқалы саған не үйреткиси келип атырғанын сора.

Бул ҳәмме жаманлық Қудайдың жазасы дегенди билдирмейди. Адамлардың өмиринде жаманлық болса, бул Қудайдың жазасы деп айтыў жақсы емес. Басқаларға жанашырлық пенен қараў керек!

Бирақ Қудай бизлерди Ийса сыяқлы етиў ушын ҳәмме қыйыншылықларды қолланатуғынын билемиз:

**Римликлерге 8:28–29:** *«Қудай Өзин сүйетуғынларға, яғный Оның қәлеўи бойынша таңланғанларға ҳәмме нәрсени жақсылық қылып хызмет еттиретуғынын билемиз. Өйткени Қудай Өзи бурыннан таңлаған адамларының Улына уқсаўы ушын **оларды алдын ала белгиледи**. Солай етип, Қудай Өз Улының көп туўысқанлар арасында туңғыш болыўы ушын усылай иследи».*

Өмиримиздеги қыйыншылықларды Қудай қалай қолланады? [28]

## 4. Қудай садық, жанашыр ҳәм мийримли.

Бизлер Қудайдан узақласып кетсек те, Оған жалбарынған ўақтымызда, Ол бизлерди еситеди ҳәм қутқарады. Көпшилик адамлар өмиринде көп надурыс шешимлер қылдым деп өзин ҳүким етип, Ийсаның изинен жүрмей, жәмәәтке де келмей қояды. Бирақ Қудай ҳәмме ўақытта кеширеди, тиклейди ҳәм үзликсиз сүйеди.

**Забур 144:8:** *Жаратқан Ийе мийримли ҳәм реҳимли, Сабыр-тақатлы ҳәм сүйиспеншилиги мол.*

Егер бизлер жаман нәрсе қылып қойсақ, онда нени есте сақлаўымыз керек болады? [29]

Бийлер китабынан өзимиз ушын қандай сабақ аламыз? [30]

Ҳәмме жаманлық Қудайдың жазасы ма? [31]

Басқаларға қандай қатнаста болыўымыз тийис? [32]

Қыйыншылықлар туўралы не билемиз? [33]

## Усы китап арқалы Қудай бүгин сизге нени үйретти?

# Жууаплар

1 – Бизлерге Қутқарыўшы керек.
2 – Ийса!
3 – Ешуа менен биринши патша Шаул арасындағы ўақыт аралығында олар Қудай халқының басшылары ҳәм қутқарыўшылары еди.
4 – 1. Израиллылар басқа қудайларға сыйынды.
2. Қудай оларды жазалап, душпанларына тапсырады.
3. Олар Қудайға жалбарынды.
4. Қудай оларға қутқарыўшы бий жибереди.
5. Бий өледи.
5 – Ийса!
6 – Израиллылар және басқа қудайларға сыйынатуғын болды, олардың аўҳалы одан сайын жаманласып барды.
7 – Өйткени ол мәңги жасайды!
8 – Ол оларға қутқарыўшыны жиберди.
9 – Израиллылар және басқа қудайларға сыйна баслады, олардың аўҳалы одан сайын жаманласып барды.
10 – Ол Өз Улын гүналарымыздың кеширилиўи ушын жиберди.
11 – Ол бизлерге Мухаддес Руўхты берди.
12 – Мениң Патшам.
13 – Сол дәўирде израиллыларда патша жоқ еди ҳәм олар өзлери дурыс деп билген ислерин иследи.
14 – Олар өзлерин қуллықтан азат еткен Қудайына бойсынып жасаўы керек еди.
15 – Ол Қудайға бойсынатуғын израиллы болыўы керек ҳәм өзине көп ҳаял, атлар ҳәм алтынлар алмаўы керек ҳәм ол Қудайының нызамын билип, оған бойсынып жасаўы керек.
16 – Яҳудийлердиң патшасы.
17 – Яҳудийлердиң патшасы.
18 – Патшалардың Патшасы ҳәм басшылардың Басшысы (21:27).
19 – Бийлер бизлерге үлги бола алмады.
Бийлер ўақтынша ғана қутқара алды.
Бийлер гүна мәселесин шеше алмады.
Бийлер Патшасы болған Қудай Ийеге адамларды бойсыныўға көндире алмады.
20 – Ийса!
21 – Ийса!
22 – Ийса!
23 – Ийса!
24 – Олар диний нәрселерге табынды: өли адамларға, телефонларына, машинасына, үлкен үйлерине.
25 – «Қудайыңыз Жаратқан Ийени пүткил жүрегиңиз, пүткил жаныңыз ҳәм пүткил күшиңиз бенен сүйиң».
26 – Қутқарылыўымыз ушын Ийсаға мүтәжбиз.
27 – Ол оларды сүйеди.
28 – Қудай бизлерди Ийсаға уқсатыў ушын барлық қыйыншылықларды пайдаланады.
29 – Бизлер жалбарынсақ, Қудай бизлерди ҳәмме ўақытта еситеди ҳәм қутқарады.
30 – Қудайға исенбейтуғынларға еликлеў, олардың ислегенин ислеў оғада аңсат.
Гүна — буны таслаўымызға бизлер ушын жүдә күшлилик етеди.
Қудай бизлерди жақсы көргени ушын жазалайды.
Қудай садық, жанашыр ҳәм мийримли.
31 – Яқ.
32 – Жанашырлық пенен.
33 – Қудай бизлерди Ийсаға уқсатыў ушын барлық қыйыншылықларды пайдаланады.

## 17-Сабақ:

# Патшалар



## Биринши ҳәм екинши Патшалық китаплары.

Бизлер **биринши Патшалық китабында** Самуел, Шаул ҳәм Даўыт ҳаққында билип аламыз.

**Самуел** пайғамбар ҳәм ақырғы бий еди. Ол израиллыларға Қудай ҳаққында үйреткен ҳәм олардың гүналарын көрсеткен.

Бирақ израиллылар басқа халықларға уқсаўды қәледи. Олар Қудайдың өзлериниң патшасы болыўын емес, ал (өзлериниң) араларынан бир адамның патша болыўын қәледи. Солай етип, Қудай Шаулды берди.

**Шаул:** Шаул ең биринши патша болды. Ол Қудайға бойсынбағанлығы себепли Қудай оған, енди ол патша болмайтуғынын айтты.

Соң Қудай халыққа басқа патша берди, ол ким еди? [1]

Ол қандай адам еди? **(Елшилер китабы 13:22)** [2]

**Даўыт** Израилда уллы патша болды. Бизлер Даўыт патшалығы ҳаққында **екинши Патшалық** китабында билип аламыз. Бизлер бул туўралы кейинги сабақларда сөйлесемиз.

Самуел ким болды? [3]

Шаул ким болды? [4]

Даўыт ким болды? [5]

# Үшинши ҳәм төртинши Патшалық китаплары.

Даўыттан кейинги патша ким болды? [6]

Ол нени қурды? **(Үшинши Патшалық китабы 6:1–2)** [7]

Ол қандай адам еди? **(Үшинши Патшалық Китабы 10:23)** [8]

Сулайманның патшалығы дәўиринде израиллылардың өмири қандай болды? **(Үшинши Патшалық Китабы 4:25)** [9]

Бул Жаңа жаратылыстың, жәннеттиң көриниси еди!

Бирақ кейин Сулайман гүна иследи. Ол не ислеген еди? **(Үшинши Патшалық Китабы 11:1–13)** [10]

Солай етип, Сулайман өзиниң патшалығын қалай бузғанлығын көремиз.

Қудай оған ғәзепленди. Солықтан баласының патшалық еткен дәўиринде Қудай бул патшалықты екиге бөлди: арқа патшалық — **Израил** деп аталды ҳәм ол 10 урыўды өз ишине алды, ал қубла патшалық **Яхудия** деп аталды ҳәм ол 2 урыўды өз ишине алды, яғный Бенямин ҳәм Яҳуданы өз ишине алды.




Арқа патшалық не деп аталды? [11]

Қубла патшалық не деп аталды? [12]

# Израил

200 жыл даўамында Израилда 20 жаман патша ҳүкимдарлық етти. Олар басқа қудайларға сыйыныўды қоллап-қуўатлады. Израил ҳүкимдарлары бара-бара жаманласа баслады. Қудайдың халқы болса Оннан еле де узақласа баслады.

Ақырында, Қудай израил халқын жеңиў ушын Ассирия империясын жиберди. Олар көп адамларды өлтирди ҳәм көбисин Ассирияға сүргин етип, алып кетти. Бул б.э.ш. 772 жылы, Ийсаның туўылыўынан алдын жүз берди (Төртинши Патшалық Китабы 17:5—23). Картаға қараң, бул жердеги сызық адамлардың қай жерден алып кетилгенлигин көрсетеди.




Израиллылардың қанша патшасы жақсы еди? [13]

Ким Израилды б.э.ш. 722 жылы Ийса туўыламан дегенше жеңди? [14]

# Яҳудия

350 жыл даўамында 20 патша Яҳудияда ҳүкимдарлық етти. Айырымлары жақсы патшалар болса, ал айырымлары жаман патшалар болды. Солай етип, Қудайдың халқы Оннан Израил халқы сыяқлы бара-бара узақласты.

Ақырында, Қудай Бабилон империясын Яҳудияны жеңип алыў ушын жиберди. Олар көп адамларды өлтирди ҳәм көбисин Бабилонға алып кетти. Бул б.э.ш. 586 жылы, Ийса туўыламан дегенше жүз берди (Төртинши Патшалық Китабы 25-бап). Олар қай жерге апарылғанлығын көриў ушын картаға қараң.




Қанша Яҳудиялы патша жақсы болды? [15]

Ким Ийса туўыламан дегенше Яҳудияны б.э.ш. 586-жылы жеңди? [16]

## Қудайдың жуўмақлаўшы ҳүкими:

**Муўса** дәўиринде адамлар қуллықтан азат етилген еди, ал енди олар және қул болды.

**Ешуа** дәўиринде жерлер (израиллы) адамларға берилген еди, ал енди олар өз жерлеринен айырылды.

**Самуел** дәўиринде халыққа ҳүкимдар берилген еди, ал енди патшасы қулатылды.

**Даўыт** дәўиринде адамлар душпанларынан дем алған еди, ал енди олар жеңилди.

**Сулайманның** дәўиринде Қудай халықтың арасында екенин көрсететуғын Ибадатхана қурылған еди, ал енди ол ўайран етилген.

Қудай Өзине бойсынғанларды жарылқайды, ал Оған қулақ аспағанларды жазалайды (Нызамның қайталаныўы Китабы 28:1–2 ҳәм 15-аятлар).

Ески келисимде Қудай Өзиниң ўәделерин орынлайтуғынын қалай көрсек болады? [17]

Қудай гүнаны жазалаўы керек. Бирақ ҳайран қаларлық тәрепи, Ол тек ғана әдил емес, ал және мийримли Қудай.

Яҳудалылардың сүргин қылыныўы басланғанынан 70 жыл өтип, қандай ўақыя жүз берди? (Екинши Жылнама 36:20–23) [18]

Қудай Даўыттың әўладларын да сақлап қалды. Қудай Даўытқа оның әўладының бири мәңги патшалық қылатуғын минсиз патша болатуғынын ўәде қылған еди. Халық қуллықтан Яҳудаға қайтып келгенинде, олар менен Даўыттың Зерубабел атлы әўлады бар еди.

Бирақ Қудайдың халқы ҳеш қашан басқа халқлардың қол астынан азат бола алмады. (Ийса туўылыўынан шама менен 100 жыл алдыңғы қысқа дәўирден тысқары.) Олар өз елинде азатлыққа ийе болыўын, жақсы патша, душпанларынан тыныш ҳәм Қудайға ҳақыйқый сыйынатуғын жерге ийе болатуғын ўақытты әрман етти.

# Жаңа Келисим

Ийса нени орнатыў ушын келди? **(Марк 1:14–15)** [19]

Патша ким? **(Матта 2:2)** [20]

**Матта 12:42-аятында** Ийса қалай сүўретленген? [21]

Ийсаның дәўиринде яҳудийлер Масийхты: Қудай жиберемен деп ўәде еткен патшаны күтти. Олар Оны Сулайманның патшалығындай салтанатлы патшалық орнатады деп ойлады.

Бирақ Ийсаның патшалығы Сулайманның патшалығынан да гөззал болады. Ийсаның патшалығында көбирек тынышлық, көбирек байлық ҳәм көбирек қўуаныш болады!

Ийсаның патшалығына қалай кириўге болады? [22]

## Өмириңиздиң қайсы тәреплеринде Ийсаға бойсынбайсыз?

# Жуўаплар

1 – Даўыт.
2 – Ол Қудайды жақсы көрди.
3 – Ол пайғамбар ҳәм бий болды.
4 – Ол биринши патша болды.
5 – Ол екинши патша ҳәм Израилда уллы ҳүкимдар болды.
6 – Оның улы Сулайман.
7 – Ол Ибадатхана қурды.
8 – Қудай оны дүньядағы ең дана ҳәм ең бай адам қылды.
9 – Қудай Өзиниң патшалығын жүдә бай ҳәм тыныш қылды.
10 – Ол көп жат жерли ҳаялларға үйленди ҳәм олардың қудайына сыйынды.
11 – Израил.
12 – Яҳуда.
13 – Ҳәммеси болып жигирмасы жаман болды!
14 – Ассириялылар.
15 – Жигирма патшаның айырымлары жақсы патша, ал айырымлары жаман патша болды.
16 – Бабилонлылар.
17 – Қудай ким Өзине бойсынса соны жарылқайды. Қудай оларға азатлық, жер, патша, душпанларынан тынышлық ҳәм Қудайға сыйыныўы ушын Ибадатхана берди. Ол Өзине бойсынбағанларды жазалайды ҳәм бул жарылқаўлардан айырады.
18 – Жаңа ҳүкимдар персия патшасы израиллыларға үйлерине қайтып, Ибадатхананы қайта қурыў мүмкиншилигин береди.
19 – Қудайдың Патшалығы.
20 – Ийса.
21 – Сулайманнан уллы болған.
22 – Бизлер Қудайға бойсыныўымыз керек!

## 18-Сабақ:

# Даўыт — ең уллы патша






Даўыт қашан жасаған? [1]

Даўыт патшаның ҳүкимдарлығынан кейин, Қудай Өз халқына сөз айтыў ушын көп пайғамбарларды жиберди.

Мухаддес Жазыўдағы китапларды жазған пайғамбарлар б.э.ш. 800 ҳәм 400 жыл аралығында жазған.

Б.э.ш 400 жылдан кейин Қудай пайғамбарларды жибермеди.

Қудай Мухаддес Жазыўдағы китапларды жазған пайғамбарларды қайсы жыллары жиберди? [2]

Қудай Өз халқын патшасы Масийхқа таярлаў ушын Даўытты қолланды. Даўыттың өмири Масийхтың келиўин сүўретлеў ушын болған. Қудай Даўытқа Масийхқа тийисли болған әжайып ўәделер берди.

# Даўыт Масийхтың сүўретмелеси болды

## 1. Ол Бейтлеҳемде туўылған.

Даўыт қай жерде туўылған? **(1 Патшалық китабы 17:12)** [3]

Ийсаның туўылыўынан 700 жыл алдын, Миха пайғамбардың сөзлери бойынша, Қудайдың Масийхы бир күни қай жерден келеди? **(Миха китабы 5:2)** [4]

Жаңа Келисимде Ийса қай жерде туўылған? **(Лука китабы 2:4—7)** [5]

## 2. Ол Қудайдың халқын қутқарды.

Даўыт 1 Патшалықта үлкен Голиятты өлтиргенде, израиллылар ушын не иследи? [6]

Жаңа Келисимде Ийса атанақ ағашта өлгенде, Оған исенгенлер ушын не иследи? **(Юхан китабы 3:16—17**; **Колосалылар китабы 12:1—22**, **Еврейлер китабы 2:14)** [7]

Солай етип, Қудайдың Жаратылыс китабы 3:15-аятында ўәде қылғанындай Даўыт шайтанды өлтиретуғын Масийхтың сәўлеси болды.

## 3. Ол көп азап шеккен майланған патша еди.

Ески Келисимде ким майланған? **(Лебий китабы 21:10; 1 Патшалық китабы 10:1)** [8]

Патша Шаул узақ жыллар даўамында Даўытты қуўғын қылды (бул ҳаққында 1 Патшалық китабы 18:31-аятын оқысаңыз болады). Бул ўақыт ишинде Даўыт көп Забур жырларын жазған, олар Масийх ҳаққындағы алдын ала пайғамбаршылық сөзлери еди.

Масийх сөзи «майланған» деген мәнини аңлатады. Жаңа Келисимде Ийса Масийх Қудайдың ўәде қылған Патшасы, яғный майланған Патша. Ол атанақ ағашта өлип, биз ушын азап шеккен Масийх еди (Римлилер китабы 5:8).

Даўыт қандай азап шеккен еди? [9]

Даўыт азап шегип атырғанда не жазған? [10]

Ийса қандай азап шекти? [11]

## 4. Даўыт уллы патша болды.

Ол кейинги патшалық дәўирлеринде Израилдың ең уллы патшасы болды. Даўыттың ҳүкимдарлығының ақырында Израилдың шегарасы шығыста Евфрат дәрьясынан басланып, батыста Мысырға шекем созылған.

Жаңа Келисимде Ийса: Пүткил дүнья жүзинде ҳүкимдарлық қылатуғын патшалар Патшасы! **(Филиплилерге жазылған хат 2:9–11)**

Даўыт ҳәм Ийса қандай патшалар еди? [12]

Даўыт қандай 4 тәрепи менен Масийхқа уқсады? [13]

1.

2.

3.

4.

# Масийх ҳаққындағы ўәде

**2 Патшалық 7:1–16-аятларды** оқың.

Сол дәўирге дейин Ибадатхана жоқ еди ҳәм израиллылар Мухаддес шатырда Қудайға сыйынды.

Бирақ бул бапта Даўыт не ислеўди қәлеп атыр? [14]

Не ушын? [15]

Қудай Даўыттан ыразы болды. Бирақ Қудайдың жақсы жобалары бар еди. Қудай Даўыттың улы Сулайманның Ибадатхана қурыўын қәледи.

Деген менен, Қудай Даўытқа үш әжайып ўәде берди:

10-аятта Қудай нени ўәде етти? [16]

Қудай оларға мәңгилик ҳәм хеш ким бузғыншылық қыла алмайтуғын қәўипсиз орын бериўди қәледи.

Бирақ билемиз, израиллылар Қудайға қарсы болыўды даўам етти.

Егер олар Қудайдың өзлериниң Қудайы болыўын қәлемесе, онда қалайынша Қудай Өзиниң халқына мәңгилик қәўипсиз орын бере алады?

Кейин пайғамбарлар мәңгилик қәўипсиз орын ҳаққында айтқанда — бул Масийх келгенде әжайып ҳәм жарқын келешекти нәзерде тутқанын түсине баслады. (Мысалы: Ийшая 60:11)

15-аятта Қудай нени ўәде етти? [17]

Даўыттың улы Ибадатхана қурады. Ибадатхана — Қудай Өз халқының арасында жасайтуғын орын. Бирақ Қудай ҳәмме ўақытта Оған қарсы шығатуғын адамлар менен жасай алмайды.

Солай етип, пайғамбарлар бул ўәдениң Масийхтың адамлардың қасында мәңги бирге болатуғыны ҳаққында екенлигин түсине баслады. (Мысалы: Езекиел китабы 48:35)

12, 13 ҳәм 16-аятларда Қудай нени ўәде етти? [18]

Бирақ патшалар бара-бара жаманласып баратырған дәўирде бул қандай болыўы мүмкин?

Солай етип, пайғамбарлар бул ўәдениң ҳәммеси келшекте Даўыттың әўладынан болған минсиз мәңги Патша ҳаққында адамларға айтылып атырғанын түсинди. (Мысалы: Ийшая китабы 9:6–7-аятлар)

Қудай Даўытқа қандай үш ўәдени берди? [19]

1.

2.

3.

Ийса — Даўыттың әўладынан болып, Қудай ўәде еткен мәңгилик Патша. Ол бизлерди мәңгилик қәўипсиз үйине алып барады ҳәм бизлер ол жерде Оның менен мәңги жасаймыз.

**Юхан 14:1–3:** *Жүреклериңиз ғам шекпесин. Қудайға исениңлер, Маған да исениңлер. Әкемниң үйинде орын көп. Егер олай болмағанда, сизлерге айтпас едим. Өйткени Мен сизлер ушын орын таярлаўға кетип баратырман. Мен барып, сизлер ушын орын таярлағанымнан соң, сизлер де Мен болатуғын жерде болыўыңыз ушын, және келип, сизлерди Өз жаныма алып кетемен.*

Бул аятларда Ийса нени ўәде етип атыр? [20]

Бул орын ҳаққында Аян китабында да оқыймыз:

**Аян 21:3–4:** «*Мине, Қудайдың мәканы адамлар арасында. Қудай да олардың арасында жасайды. Олар Қудайдың халқы болады, Қудайдың Өзи де олардың Қудайы болып, олар менен бирге жасайды. Қудай олардың барлық көз жасларын сүртип таслайды. Енди өлим де, қайғы да, жылаў да, азап та болмайды. Өйткени бурынғылар өтип кетти*».

Қәўипсиз мәканымызда бизлер менен бирге ким жасайды? [21]

Қудайға қарсы қозғалаң көтерген ҳәм Қудай жазалаған израиллыларға уқсамайық.

Келиңлер, бар күшимиз бенен Қудайды ыразы қылайық ҳәм Ийса бизлерди қәўипсиз мәканға алып кетиў ушын келгенде таяр болайық.

**Сиз қандай жол менен Қудайға қарсы шығып атырсыз?**

**Ойыңызда, сөзиңизде ҳәм ис-ҳәрекетиңизде қалайынша Қудайды ыразы қылмай атырсыз?**

**Бизлер не қылыўымыз керек? Тәўбе етиўимиз керек!**

## *Қосымша:* Ибадатхана Эден бағы сыяқлы болды

Мухаддес шатыр, кейинирек Ибадатхана Эден бағындағы Қудайдың халқын еслетеди.

- Эден бағында **әжайып тереклер ҳәм гүллер** бар еди. Ибадатхана усы бағқа уқсатылып, безелген еди. Ибадатхана ишинде анарлар ҳәм гүллер ойып соғылып, боялған еди (3 Патшалық 7:16–20).
- Эден бағында **алтын ҳәм қымбат баҳалы таслар** болғаны сыяқлы, Ибадатхана алтын ҳәм қымбат баҳалы таслар менен безелген еди (3 Патшалық 7:48–50; 2 Жылнама 3:6).
- Эден бағында **Қудай жүргениндей**, Мухаддес шатыр ямаса Ибадатхана халықтың ортасында болған ўақытта да, Қудай Өз халқының арасында «жүрди» (Лебийлер 26:11–12).
- Эден бағының **кирер жери шығыс тәрепте болғаны сыяқлы**, Ибадатхананың да кирер есиги шығыс тәрепте болды (Езекиел 47:1).
- Эден бағының кирер аўзын **керублар қараўыллап тырғаны сыяқлы** (Жаратылыс 3:24), Ибадатхананың перделерине керублардың сүўрети тоқылып исленген еди (2 Жылнама 3:14). Керублар Қудайдың Өзи кирер аўызды қараўыллап турғанының белгиси еди ҳәм адамлар Ең Мухаддес бөлмеге кирмеўи тийис еди. Және де, еки алтыннан исленген керуб сандықтың үстинде турған еди. Бул адамлардың жақын барыўына Қудайдың жүдә мухаддес екенлигин (яғный олар Оған жақын келе алмайтуғынын) билдиретуғын еди.
- Эден бағынан **дәрья** ағып турып, ол төртке бөлинип кеткен еди ҳәм олар бул дүньяға өмир берип туратуғын еди. Езекиел 47 — бапта: Қудай келешек ҳаққында аян берди, бул аянда бир дәрья таза Ибадатханадан ағып, ҳәммеге өмир бергени ҳаққында жазылады.

Ибадатхана Қудайдың халқына Эден бағы ҳаққында нени еслетеди? [22]

1.

2.

3.

4.

5.

6.

# Жуўаплар

1 – Шама менен б.э.ш. 1000 жыл.
2 – Б.э.ш. 800–400 жыллар.
3 – Бейтлеҳем деп аталған кишкене қалада.
4 – Бейтлеҳем.
5 – Бейтлеҳемде.
6 – Ол оларды филистлерден қутқарды.
7 – Ол оларды өлимнен, гүнадан ҳәм шайтаннан қутқарды.
8 – Бас руўханийлер ҳәм патшалар.
9 – Патша Шаул оны көп жыллар даўамында қуўдалады.
10 – Ол көп Забур жырларын жазды, бул Масийх ҳаққында пайғамбаршылықлар болды.
11 – Ол бизлер ушын атанақ ағашта өлди.
12 – Даўыт Израилдың уллы патшасы болды ҳәм Ийса пүткил жер жүзине ҳүкимдарлық қылатуғын патшалардың Патшасы болды.
13 – 1) Ол Бейтлеҳемде туўылды,
2) ол Қудайдың халқын қутқарды,
3) ол көп азап шеккен майланған патша болды ҳәм
4) ол уллы патша болды.
14 – Ол Қудай ушын үлкен, сулыў Ибадатхана қурыўды қәледи.
15 – Ол Қудайды ҳүрметлеп жасаўды қәледи.
16 – Қудай қәўипсиз мәңги мәкан ўәде қылды.
17 – Оның сүйиспеншилиги олардан ҳеш қашан тартып алынбайды. Қудай олар менен мәңги бирге болды!
18 – Қудай Өз халқына Даўыттың урпағынан шығатуғын патшаны ўәде қылды.
19 – 1) Қудай мәңги қәўипсиз мәкан ўәде қылды;
2) Қудай мәңгиге олар менен бирге болады;
3) Қудай Өз халқына Даўыттың урпағынан шығатуғын патшаны ўәде қылды.
20 – Ол бизлерди Әкесиниң қәўипсиз үйине (мәңги қәўипсиз үйимизге) алып барыў ушын келеди.
21 – Қудайдың Өзи!
22 – 1) Ол жерде әжайып тереклер ҳәм гүллер,
2) алтын ҳәм баҳалы таслар болды.
3) Қудай ол жерде жүретуғын еди,
4) кирер аўыз шығыс тәрепте еди,
5) керублар кирер аўызды қорғады ҳәм
6) (келешек ҳаққындағы аянда) дәрья дүньяға өмир берди.

## 19-Сабақ:

# Даналық китаплары: Аюп



Бес даналық китаплары бар:

Аюп,
Забур,
Ҳикметлер,
Ўазшы,
Қосықлар қосығы.

Булар бизлерге жийи-жийи терең сезимлеримиз ҳәм эмоцияларымызды көрсетиўге жәрдем береди.

Соның менен бирге бул бес китап бизлерге Қудайды ыразы қылыўымыз ҳәм басқаларға жарылқаў болыўымыз ушын даналыққа ийе болыўымызға жәрдем береди.

Бул китапларда жүдә көп поэзиялар ҳәм қосықлар бар. Бул қосықлар кеўиллеримизге жүдә терең тәсир етеди.

Қудай бизлерге бул китаплар арқалы сөйлейди!

Даналықтың қандай бес китабы бар? [1]

## Аюп

Аюп китабы бул азап шеккен адам ҳаққындағы ўақыя. Бул китапты түсиниўиңиз ушын оны толық оқып шығыўыңыз керек.

**Биринши** ҳәм **екинши бапларды** оқың.

Аюп көп нәрселерди жойтады. Ол нелерди жойтты? [2]

### Бизлер ушын үлги

1. **1:21** де ол не айтты? [3]

Буны қалай өз сөзиңиз бенен айта аласыз?

Бул бизлер ушын әжайып үлги: бизлер ҳәр турли қыйыншылықларға ушырағанымызда да Қудайды уллылаўымыз кереклигин үйретеди.

2. **2:10** да ол не айтты? [4]

Буны қалай өз сөзиңиз бенен айта аласыз?

Қудай бизлерге жол қойған ҳәр бир жақсы ҳәм жаман нәрсени кишипейиллик пенен қабыл етиўимиз керек.

3. Бирақ Аюп кәмил инсан емес еди. Ол Қудайға ғәзепленди.

**3:11** де ол Қудайдан не сорады? [5]

Бул да бизлер ушын жақсы үлги. Бизлер Қудайға өзлеримиздиң сезимлеримиз ҳаққында айтыўымыз керек. Қудай түсинеди ҳәм Ол бизлердиң ырас сөйлеўимизди қәлейди. Қудай бизлердиң дәртимиз себепли Оннан жүз бурыўымызды қәлемейди. Аюп өз дәрти ҳәм азабында Қудайға исениўди үйренди.

Қайсы 3 жағдайда Аюп бизлер ушын үлги болды? [6]

1.

2.

3.

## Қудайға сораўлар

Аюп не ушын қыйналып атырғанын билгиси келди. Қудай оның сораўларына жуўап бермеди. Бирақ кейиншелик 38–41-бапларда, Қудай ол менен ушырасады ҳәм бул оның ушын жетерли болды.

Қудай сөйлеген ўақтында, Ол бизлердиң сораўларымызға жуўап бериўге мәжбүр емес екенин түсинемиз. Ҳәмме нәрсе Жаратқан Ийениң бақлаўы астында. Бизлер ҳәмме нәрсени түсиниўимиз шәрт емес, тек ҳәмме нәрседе Қудайға исениўимиз керек. Жақсы күнлерде де, жаман күнлерде де Оған садық қалсақ, Ийемиз ыразы болады.

Қудайдан нени күтиўимиз керек? [7]

Қудай бизлерден нени күтеди? [8]

## Бахытлы (ямаса жақсы) жуўмақ.

**42:7–17-аятларын** оқың.

Бул аятлар Қудайдың Аюпты барлық азаплардан кейин қалай етип жарылқағанын көрсетеди.

Ески Келисимде өлимнен кейин не болыўы жүдә анық емес. Бул аятлар Қудайдың Аюпқа деген жарылқаўын көрсетеди. Жаңа Келисимде бизлер бул жердеги өмиримизде Қудай бизлерге мине усындай бахытлы жуўмақты ўәде қылмағанын көремиз. Бизлерге бул бап Жаңа Жаратылыс жеринде бизлер ойлағанымыздан да гөззал өмир болатуғынын көрсетеди!

Аюп китабының соңы бизлерге нениң сүўретин еслетеди? [9]

## *Қосымша*

Аюп өзиниң шамалап өлимнен тирилгеннен соң Қудай менен ушырасыў үмити ҳаққында тек ғана бир мәрте айтып өтеди. **Аюп 19:25—27-аятларын** оқың.

## Гүна ҳәм азап

Оның дослары егер адам азап шексе бул оның гүна қылғанын билдиреди деп айтты. Аюп өзиниң гүнасы себепли азап шегип атырған жоқ екенин билетуғын еди, себеби ол жақсы адам еди.

Китаптың көпшилик бөлегинде Аюп бул ҳаққында дослары менен тартысады!

Бул китап бизлердиң азапларымыз ҳәмме ўақытта да гүналарымыз себепли емес екенин үйретеди. Ийса ҳеш қашан гүна ислемеген ҳәм Ол жүз бурыўшылыққа, әдилсизликке ҳәм ең аяўсыз өлимге шыдаған! Ол бизлердиң азапларымызға шек қойыў ушын азап шекти.

Бул қашан болды? [10]

Соның менен бирге, Қудай бизлердиң бәрше азапларымызды жақсылыққа пайдаланатуғынын билемиз.

**Яқып жазған хаттың 1:2—4-аятлары:** Қудай бизлердиң азапларымызды өмиримизде қандай жақсылық ушын пайдаланады? [11]

Бизлер азап шеккенимизде бизлерде таңлаў бар: бизлер ғәзеплениўимиз ҳәм қапа болыўымыз мүмкин, яки көбирек Ийсаға уқсаўға мүмкиншилик деп, көриўимиз мүмкин.

Қудай яҳудийлерге нени ўәде етти? **(Еврейлерге жазылған хат 13:5)** [12]

Егер кимдур азап шексе, демек ол гүна иследи дегенди билдире ме? [13]

Ҳеш қашан надурыс ис қылмаған бирақ сонда да азап шеккен адам ҳаққында мысал келтириң? [14]

Қашан азап болмайды? [15]

Қудай бизлердиң азапларымызды жақсылық ушын қалай пайдаланады? [16]

Бизлер азап шеккен ўақтымызда бизиң таңлаўымыз қандай? [17]

Қудай яҳудийлерге нени ўәде етти? (Еврейлерге жазылған хат 13:5) [18]

Өмиримиздеги бәрше қыйыншылықларда Қудай бизлерге мийримин көрсеткей.

### Аюп китабы арқалы Қудай бизлерге нени үйретти?

## Жуўаплар

1 – Аюп,
Забур,
Ҳикметлер,
Ўазшы,
Қосықлар қосығы.
2 – Мүлклерин, бала-шағасын ҳәм соңынан ден саўлығын.
3 – Бул дүньяға жалаңаш келдим, жалаңаш кетемен. Жаратқан Ийе берди, Жаратқан Ийе алды, Жаратқан Ийениң атына алғыслар болсын.
4 – Жаратқан Ийеден тек жақсы нәрселерди қабыл етип, жаман нәрселерди қабыл қылмаўымыз керек пе?
5 – Мен не ушын туўылдым?
6 – 1) Бизлер қандай қыйыншылыққа ушырасақ та, Қудайды алғыслаўды үйрениўимиз керек.
2) Бизлер Қудай жол қойған жақсы ҳәм жаман нәрселерди кишипейиллик пенен қабыл қылыўымыз керек.
3) Биз өзимиздиң сезимлеримиз ҳаққында Қудайға айтыўымыз керек.
7 – Ол бизлердиң барлық сораўларымызға жуўап бермеўи мумкин, бирақ бизлер Оны излегенимизде Ол бизлер менен көриседи.
8 – Бизлер жақсы ҳәм жаман ўақытларымызда оған исениўимиз керек.
9 – Жаңа Жаратылыс (ямаса Жер).
10 – Ол бизлерди Жаңа Жердеги үйимизге алып кетиўи ушын қайтып келген ўақтында.
11 – Бизлердиң исенимимиздиң сыналыўы шыдамлылықты келтирип шығарады ҳәм бул шыдамлылық бизиң ишимизде кемшиликсиз, минсиз ҳәм жетик болыўымыз ушын өсип барыўы керек.
12 – Мен сени ҳеш қашан тасламайман ҳәм ҳеш қашан қалдырмайман.
13 – Яқ.
14 – Ийса.
15 – Ол бизлерди Жаңа Жердеги үйимизге алып кетиўи ушын қайтып келген ўақтында.
16 – Бизлердиң исенимимиздиң сыналыўы шыдамлылықты келтирип шығарады ҳәм бул шыдамлылық бизиң ишимизде кемшиликсиз, минсиз ҳәм жетик болыўымыз ушын өсип барыўы керек.
17 – Бизлер ашыўлы ямаса қапа болған болыўымыз ямаса буны Ийсаға көбирек уқсаўымыз ушын мүмкиншилик сыпатында көриўимиз мүмкин.
18 – Мен сени ҳеш қашан тасламайман ҳәм ҳешқашан қалдырмайман.

## 20-Сабақ:

# Даналық китаплары: Забур



## Билесиз бе...?

- Бул Мухаддес Китаптағы ең үлкен китап болып есапланады. Китапта 150 жыр бар.
- Усы китаптағы жырлар 700 жыл даўамында жазылған.
- Даўыт патша бул қосықлардың көбисин өзи жазған. Муўса, Сулайман ҳәм басқа да көп адамлар бул қосықлардың бир бөleклерин жазған.
- Жаңа Келисим авторлары Ески Келисимниң басқа китапларына қарағанда көбирек Забурдағы қосықлардан аятлар келтирген. Жаңа Келисим китапларының тек 4 китабында ғана Забур қосықларынан аятлар келтирилмеген, ал қалғанларының барлығында да ол Забур қосықларының аятлары ушырасады!
- Ески Келисимниң басқа китапларына қарағанда Забур китабында Масийх ҳаққында көбирек болжаўлар (ямаса пайғамбаршылықлар) бар.
- Жаңа Келисимде Забур яҳудийлер, соның ишинде Ийса ушын да қосық китабы еди. Егер Ийса бул қосықларды айтқан болса, бизлер де оларды айтыўымыз керек!
- Усы қосықларды оқығанымызда, олардың тийкарғы мазмунын түсиниўимиз ушын оларды бир неше мәрте оқыўымызға туўры келеди.

Забур китабында қанша қосық бар? [1]

Забур китабындағы көп қосықты ким жазған? [2]

Жаңа Келисимде қосық китабынан ким пайдаланған? [3]

Қосықтың тийкарғы мазмунын қалай билиўге болады? [4]

## Қосықтың үш тийкарғы түри:

1. Құдайды уллылаў ушын бизлер пайдаланыўымыз мүмкин болған қосықлар көп. **Забур 99-жырды** оқың.

2. Қудайға Оның ислеген ислерине миннетдаршылық билдириў ушын айтылатуғын көп қосықлар бар. **Забур 114-бапты** оқың — бул өлимге аз қалғанда өзин қутқарыў ушын Қудайға миннетдаршылық билдириў ушын жазылған қосық.

3. Өмир қорқынышлы екенин сезгенде, Қудайға жалбарынып дуўа етиўимиз мүмкин болған көп қосықлар бар. Мысалы, жазыўшы мына қосық қатарларын өзиниң сезимин айтып кеткен:

   **Забур 87:19:** *«Досларымнан ҳәм жақынымнан айырдың, Тек ғана қараңғылық жолдасым болып қалды»*. [5]

Қосықты оқығанымызда, жазыўшы сол қосықты жазғанда қандай сезимди сезгени ҳаққында ойлаўымыз керек пе?

Бизлер бул сөзлерди Қудайды уллылаў, Оған миннетдаршылықлар айтыў ҳәм Қудайға дуўа етиў ушын қолланыўымыз мүмкин.

Қудай бизлерге ҳәр қандай жағдай ушын сөз береди.

Забурдан қайсы үш тийкарғы мақсетте пайдаланамыз? [6]

1.

2.

3.

# Забур Ийсаны билиўимизге жәрдем береди

1. Даўыт патша Масийхқа белги бергенин ядда тутыўымыз керек. Көбинесе Даўыт басынан кеширген жағдайлар Ийсаниң өмиринде жүз берген.

   Мысалы:

   - Оның азаплары. Даўыт өзиниң азапларын сүўретлегени өзиниң басынан кеширгенине қарағанда көбирек. **Забур 21:13—19-аятлары** — бул атанақ ағашқа шегелениўдиң әжайып тәрийпи. Бул жағдай адамлар атанақ ағаштан пайдаланыўды басламастан жүз жыллар бурын жазылған!

   - Ол уллы патша еди, бирақ бир ўақытлары қосықлардағы тәрийплер Даўытқа қолланыў (мүрәжәт етиў) ушын жүдә үлкен болып табылады. **Забур 2:6—9-аятлар** — бул пүткил дүнья патшасы болатуғын Масийхты тәрийплейди!

2. Забурда Қудай ҳаққында оқығанымыз Ийсаның ким екенин көрсетеди.

   <u>1 Мысал:</u> **Забур 102:2—3-аятларын** оқың. Қудай үшинши аятта не иследи? [7]

   **Марк Китабы 2:1—12-аятлары:** Ийса не иследи? [8]

2 Мысал: **Забур 22:1-аятын** окың. Бул аят Қудайды қалай сүўретлейди? [9]

**Юхан 10:11-аяты** менен салыстырың, Ийса ҳаққында не жазылған? [10]

Даўыттың өмири Масийхқа қарататуғын қандай белги болғанлығына еки мысал келтириң [11]

1.

2.

Забурдың Қудай Әке ҳаққында айтқаны, Қудай Ул ушын да ҳақыйқат екенин билдиретуғын еки мысал келтириң [12]

1.

2.

Забур Китабы бизлерди Ийсаға жетелесин!

Сизге Забурдағы ең унайтуғын қосық қайсы? [13]

## *Қосымша*



Забурда оны жазған автордың душпанларының басына қыйыншылшықлар түсетуғындай етип Қудайдың жазалаўын қәлегенин айтқан аятлар бар. Мысалы: **Забур 108.**

Жаңа Келисимде өш алыў ҳаққында не үйремениз? **Римлилерге 12:17–19-аятлар**. [14]

Адамлар Қудайдың адамларын қуўдалағанда, олардан өш алыў бизиң жумысымыз емес. Бирақ бизлер дуўа етип, болып атырған жағдай ҳаққында өзлеримизди қалай сезип атырғанымызды дуўа етип айтыўымыз керек. Қудай Өзиниң балаларын қуўдалап атырғанларға бизлерден де күшли ғәзепленеди. Көп өтпей Ийса барлық жаман ислерди ислеп жүрген адамларды әдиллик пенен ҳүким етиў ушын қайтып келеди!

# Жуўаплар

1 – 150.
2 – Даўыт патша.
3 – Ийса.
4 – Оларды бир неше мәрте оқыў керек.
5 – Ол өмир буннан да жаман болыўы мүмкин емес деп ойлайды. Онда ҳәзир дослар жоқ, тек ғана қараңғылық бар.
6 – 1) Қудайға алғыслар айтыў ушын,
2) Оған миннетдаршылық билдириў ушын ҳәм
3) Оған датлап дууа етиў ушын.
7 – Қудай хәмме гүналарды кеширеди ҳәм бәрше аўырыўларға шыпа береди.
8 – Ийса оның гүналарын кеширди ҳәм оған шыпа берди.
9 – Ол мениң шопаным.
10 – Ийса-жақсы шопан.
11 – 1) Ол азап шекти ҳәм
2) уллы патша болды.
12 – 1) Бизлердиң Қутқарыўшымыз ҳәм
2) жақсы шопан.
13 – Мысалы: 22 Забур: Мәңги (Жаратқан Ийе) — мениң шопаным; мен хеш нәрсеге мүтәж болмайман. Ол мени жасыл жайлаўларда бағады,тыныш суўларға алып барады. Ол мениң қәлбимди тирилтеди ҳәм Өз аты ушын мени ҳақлық жолына баслайды. Қудай әлбетте бизлерди жетелейди,бизлерге ғамхорлық қылады ҳәм бизлерге керекли күшти береди. Бизлердиң ўазыйпамыз — Оған (Оның изине) ериў.
14 – Бизлер басқалардың жаманлығына (душпанлығына) душпанлық пенен қайтарыўымыз керек емес. Бизлер өш алмаўымыз керек, бирақ Оны Қудайдың қолына (жазасына) тапсырыўымыз керек.

21-Сабақ:

# Забур 90



**Забур китабының 90-жырын** оқың.

Бул жыр келешекте (кейинирек) келген Масийх болған Патшаға тийисли айтылған ўәделерди өз ишине алады. Соның менен бирге ол бизлер ушын да берилген ўәде болып есапланады!

## Қудай бизлердиң қорғанымыз

Адамлар не ҳаққында тәшиўишленип жүр? [1]

Забур 90:2: Автор Қудай ҳаққында не айтады? [2]

Қорған бул урыс ўақтында қәўипсиз орын болып есапланады. Бизлер ол жерге жасырынғанымызда аман қаламыз.

4-аятта оқың. Қудай не менен салыстырылады? Қудайдың адамлары не менен салыстырылады? [3]

Қус өзиниң палапанларын қалай етип қанатлары астында қорғаса, Қудай да бизлерди қәўиптен солай қорғайды.

5–6-аятларды оқың. Бизлер Қудайдың минези ҳаққында пикир жүргизип, өзимизге Оның қандай екенин (ямаса кимге уқсайтуғынын) еслеткенимизде не нәрсе жүз береди? [4]

7–8-аятларды оқың. Бул аятлар Қудайдың жаман адамларды ҳүким ететуғынын, ал Өзиниң халқын қорғайтуғынын баян етеди. Бул Ийсаның қайтып келип бул дүньяны Ҳүким ететуғын Күниниң дәмине уқсайды. Усы күни өзлерин Қудайдың орнатқан тәртибине бойсындырмағанлар бир мәрте ҳәм мәңгиликке жазаланады.

Масийхқа, Қудайдың Патшасына ҳәм Қудайдың белгилеген тәртибине бойсынғанларға не болады? (8-аят) [5]

Солай етип бизлер Қудайдың минези ҳаққында пикир жүргизип, өзимизге Оның қандай екенин (ямаса кимге уқсайтуғынын) еслеткенимизде не нәрсе жүз береди? [6]

# Масийх пенен шайтан арасындағы гүрес

## Шайтан Масийхты жеңиўге ҳәрекет етеди

Шайтан Эден бағының күнлеринен бери Масийхтың келиўинен қорқып жүр (Жаратылыс 3:15). Ийса жер бетинде туўылған ўақтында шайтан Оны өлтириў ушын күшли ҳәрекет етти (Матта 2:13–16). Оның ислери сәтсизликке ушыраған ўақтында, шайтан Ийсаны қулатыў ушын ғайрат пенен умтылды (ямаса күшли ҳәрекет етти).

Забурдың бул аятларын шайтан **Матта 4:5–7-аятларында** қалай етип пайдаланды? [7]

Матта 4:7-аятында Ийса не ушын шайтанға егер Ол Ибадатхананың төбесинен Өзин таслағанда Қудайдың Оны қорғайтуғынын дәлийллеўди қәлемеди? [8]

Соның ушын шайтан бизлерге исле деп атырған нәрселерин ислемеўимиз керек!

**Матта 4:11-аятын** оқың. Бул аяттан бизлер Қудайдың Забур китабының 90:11-аятында ўәде еткен периштелери келип, Ийсаға жәрдем бергенин көремиз.

## Масийх шайтанды жеңеди

**Забур 90:13.** Жылан ямаса айдарҳа шайтанды сүўретлейди. Арысланлар соққы бериўшилерди (ямаса зыян келтириўшилерди) сүўретлейди (Забур 21:14).

**Жаратылыс 3:15-аятында** Қудай жылан болып көринген шайтанға не деди? [9]

Шайтан Ҳаўа ененің урпағы тәрепинен жеңиледи, бирақ Ҳаўа ененің урпағы оны жеңе отырып, азап шегеди.

Забур 90:13-аятында Масийх не ислейди? [10]

Ол шайтанды ҳәм оған хызмет ететуғын ҳәр бир адамды жеңеди!

Солай етип, Масийхтың жумысы не еди? [11]

# Қыйыншылықлар келген ўақтында

15–16-аятларда Қудай оған не ўәде етеди? [12]

*Қудай:*

- оның менен бирге болыўды
- оны қутқарыўды,
- оны ҳүрмет етиўди,
- оған узақ өмирди бериўди
- ҳәм оған қутқарылыўды бериўди ўәде етеди.

**Филиплилерге 2:8—11-аятларын** оқың. Қудай Масийхқа берген ўәделерин орынлады ма? [13]

Қудай Ийсаны **Оның азаплары ҳәм өлими арқалы** қутқарды.Ийсаның өлими Қудай Оған жәрдем бермеди дегенди аңлатпайды. Оның орнына, Оның азаплары ўақтында Қудай Ийса менен бирге болды. Қудай Оны өлимнен қайтып тирилтти. Қудай Оны ҳүрмет етти. Ийса ҳәзир мәңги жасайды. Ҳәм Қудай көплеген адамларға Ийсаның Қудайға бойсыныўы арқалы қутқарылыў алып келди.

13-аят бизлерге Масийхтың не ислейтуғынын айтады? [14]

Бизлер Ийсаға исенгенимизде биз шайтаннан ҳәм (оның хызметкерлери болған) жинлерден қорқыўымыз керек емес.

15-аят бизлерге Қудай ҳаққында не айтады? [15]

Қудай Өз периштелери менен бизлерди өмиримиздиң ҳәр бир күнинде сақлайды (ямаса қорғайды)! Бирақ соның менен бирге Мухаддес Китап бизлердиң өмиримизде Қудайдың жаман нәрселердиң жүз бериўине де жол қоятуғынын айтады.

Енди сиз Ийсаның изинен ергениңизден соң сизде машқала болмайды деп айтыўшыларды тыңламаң (ямаса олардың сөзлерине исенбең).

**Юхан 16:33-аятта** Ийса Өз шәкиртлерине не айтты? [16]

Бизлерде машқалалар болады, бирақ Ийса бизлерге тынышлық береди.

**Римлилерге 8:38-аятында** Қудай бизлерге қандай әжайып ўәдени береди? [17]

Бизлер Ийсаның изинен жүрген ўақтымызда, ҳеш ким бизлерди Қудайдың сүйиспеншилигинен айыра алмайды!

Солай етип, Ийсаның изинен жүриўшилерде машқалалар бола ма? [18]

Римлилерге 8:38-аятында Қудай бизлерге қандай ўәдени береди? [19]

# Қудайдың жобалары

Ийса Забурдың бул аятларын жақсы билетуғын еди. **Лука 22:42-аятында** Ийса Өз өлиминен бир түн бурын Зәйтүн тауында не деп дууа етти? [20]

Ийса Қудайдың шайтаннан бизлерди сақлай алатуғынын түсинетуғын еди. Бирақ Ол гейпара уақытлары үлкенирек болған жобаға ийе болады.

**Лука 22:43-аятын** окың. Қудай және бир мәрте Ийсаға күш бериу ушын периштени жибереди.

Тап сондай бизлер де Қудайдың шайтаннан бизлерди сақлай алатуғынын билемиз. Бирақ Ол гейпара уақытлары үлкенирек болған жобаға ийе болады. Егер Ол бизлерден қыйыншылықларға шыдауымызды сораса, Оның бизлерге бәрқулла периштелерди жиберетуғынын билиуимиз керек!

**Римлилерге 8:28–29-аятларынан** бизлердиң қыйыншылыкларымызды Қудайдың қалай қолланатуғынынан кандай сабақ аламыз? [21]

Солай етип, не ушын Қудай бизлердиң өмиримизде қыйыншылықларға жол қояды? [22]

# Мәңгилик өмир

Забур 90:16-аятта Қудай нени уәде етеди? [23]

Ески Келисим өлимнен кейинги өмир ҳаққында аз айтады. Узақ өмир Ески Келисимде Қудайдың жарылкауының белгиси болды.

Жаңа Келисимде Қудай бизлерге физикалық узақ өмирди уәде етпейди, бирақ Ол бизлерге оннан да жақсысын, яғный Ийса менен болатуғын мәңгилик өмирди, бизлер көз алдымызға келтире алмайтуғын жүдә әжайып болған өмирди уәде етеди!

Ийса бизлерди гүнадан, өлимнен ҳәм шайтаннан қутқарды! Ол бизлерге мәңгилик өмирди сыйға (яғный бийпул) берди! Бизлер ҳеш нәрседен қорқпауымыз керек!

Бизлер барлық уақытта Қудайдың жобасын көре алмаймыз, бирақ бизиң уазыйпамыз — Ийса Қудайға қалай исенген болса, **Оған солай исениуимиз болып табылады**.

Қудайдың уәделери бизлерди қорғауы, бизлер менен жер бетиндеги өмир дауамында бирге болыуы ҳәм мәңгилик өмирди бериуи болып табылады. Солай екен, бизлер қорқпауымыз керек!

Қудай бизлерге нени уәде етеди? [24]

Солай екен, бизиң уазыйпамыз неден ибарат? [25]

**Забурдың бул аятларынан ең ишинде көбирек қайсы бирин есте сақлаўымыз керек?**

# Жуўаплар

1 – Адамлар ден саўлықлары, келешеги, сынаўлары, балалары ҳәм ҳәммесинен де бетер пулды көбирек қайғырады.
2 – Қудай бизлердиң қорғаўшымыз ҳәм сүйенишимиз.
3 – Қудай күшли қустың анасына, ал бизлер оның ҳәлсиз палапанларына уқсаймыз.
4 – Бизлер ҳеш нәрседен қорқпаймыз!
5 – Қудай оларды аман сақлайды.
6 – Бизлер ҳеш нәрседен қорқпаймыз!
7 – Шайтан 11 ҳәм 12-аятларды Ийсаны сынаў ушын пайдаланды. Ол Ийсаны Ибадатхананың төбесинен таслаўын ҳәм сол арқалы ҳәммеге Өзиниң Қудайдың Улы екенин дәлийллеўин қәледи.
8 – Қудайды сынаў надурыс.
9 – *Мен сениң менен ҳаялды, оның урпағы менен сениң урпағыңды бир-бирине душпан етип қояман.* ***Оның урпағы сениң басыңды езеди, ал сен оның табанын шағасан.***
10 – Масийхтың ўазыйпасы арыслан ҳәм жыланның үстинен басып өтип, күшли арыслан ҳәм жыланды басқылап таслаў еди.
11 – Шайтанды жеңиў.
12 – *Ол Мени шақырғанда, Мен оған жуўап беремен, қыйыншылықларында Мен оның менен бирге боламан, Мен оны қутқарып, оны ҳүрмет етемен. Оны узақ өмир менен сыйлайман ҳәм Өз қутқарыўымды көрсетемен.*
13 – Аўа!
14 – Қудайдың Масийхы жеңимпаз! Соның ушын да Қудайдың халқы шайтаннан қорғалады (сақланады)!
15 – Қудай бизлердиң дуўамызды еситеди ҳәм Ол қыйыншылықларымызда бизлер менен бирге боламан деп ўәде береди.
16 – *Буларды сизлерге Менде болып, тынышлық алыўыңыз ушын айттым. Бул дүньяда қыйыншылық көресизлер, бирақ мәрт болыңлар, Мен дүньяны жеңдим!*
17 – *Өлим де, өмир де, перииштелер де, ҳәкимшиликлер де, ҳәзирги ҳәм келешек заман да, күшлер де, бәлентлик те, тереңлик те, улыўма жаратылған ҳеш бир нәрсе Қудайдың бизлерге Ийемиз Масийх Ийса арқалы берген сүйиспеншилигинен бизлерди айыра алмайды.*
18 – Аўа!
19 – Ҳеш бир нәрсе Қудайдың бизлерге берген сүйиспеншилигинен айыра алмайды!
20 – О, Әкем, егер Сен қәлесең, бул азап кесесинен Меннен өткизип жибер. Бирақ Мениң емес, Сениң қәлегениң болсын.
21 – Қудай бизлердиң қыйыншылықларымызды бизлердиң Ийсаға көбирек уқсаўымыз ушын пайдаланады.
22 – Қудай бизлердиң қыйыншылықларымызды бизлердиң Ийсаға көбирек уқсаўымыз ушын пайдаланады.
23 – *Оны узақ өмир менен сыйлайман ҳәм Өз қутқарыўымды көрсетемен.*
24 – Қудайдың ўәделери бизди қорғаўы, бизлер менен жер бетиндеги өмир даўамында бирге болыўы ҳәм мәңгилик өмирди бериўи болып табылады.
25 – Қудайға исениў ҳәм қорықпаў!

22-Сабақ:

# Даналық Китаплары: Ҳикметлер, Ўазшы ҳәм Қосықлар қосығы



## Ҳикметлер

**1:2:** Оқып шығың. Бул китаптың мақсети не (буны өз сөзлериңиз бенен айтып бериң)? [1]

Даналық кимлерге керек? [2]

## 1–9-баплардың қысқаша мазмуны

Ең дәслепки 9-бап бизлерди даналықтың даўысын еситиўге шақырады.

**1:7:** Оқып шығың. Даналықтың басланыўы дегенимиз не? [3]

Даналықты ҳәм оның көрсетпелерин кимлер жек көреди? [4]

Көп аятларда еки түрли адамлар ҳаққынла айтылады: дана ҳәм надан. Бизлер солардың қайсы бири боламыз: Дана ма ямаса надан ба?

**1:8–9:** Оқып шығың. Перзент не ислеўи керек? [5]

**4:14:** Оқып шығың. Перзент не ислемеўи керек? [6]

Бизлер Қудайдан алыслатыўшы басқа даўысларды емес, ал даналықтың даўысын еситиўимиз керек.

**3:5–6:** Оқып шығың. Егер бизлер не ислеў кереклигин билмесек, қандай жол тутыўымыз керек? [7]

Бизлер Қудайға бойсынып ҳәм Оның даналығын сорасақ, Ол бизлерди жақсы, және туўры жолға жетелейди. Бул Забур 22-баптағы аятлар менен бирдей пикир туўдырады. Қудай, бизлердиң Жақсы Шопанымыз, ол бизлерди туўры жолдан жетелейди.

Бул китапта еки түрли адамлар калай көрсетилген? [8]

# 10–31-баплардың қысқаша мазмуны

9-бабтан кейин көплеген айырықша аятлар берилген, солай етип, бул аятлар ҳәр биримиз билиўимиз керек болған темаларды атап өтеди. Мысалы ушын: ақша, жумыс, бизлер көп тилге алатуғын: үй, дослық, шаңарақ, ҳәкимият ҳәм өмир тууралы.

Келиң бир мысалға итибарымызды қаратамыз:

**14:1:** Оқып шығың. Дана ҳаял не ислейди? [9]

Буның мәниси не? [10]

Ал надан ҳаял не ислейди? [11]

Буның мәниси не? [12]

Бул сораўлар ер адамлар ушын да тийисли!

10–31-бапларда қандай темалар сөз етиледи? [13]

Булар бизлер ушын да ең әҳмийетли темалар болып табылады!

# Булар ўәделер емес.

Бул китаптағы аятлар ўәделер емес, ал бул жазыўшының өмиринде өз көзи менен көргенлери.

Олар ҳәмме ўақытта емес, ал әдетте жүз беретуғын нәрселерди түсиндирип береди.

Солай болса да, бул аятты оқып шығың:

**Ҳикметлер 13:25:** *Әдил тойғанынша жер, Залымның қарны аш қалар.*

Әдиллер ҳәмме ўақытта тоқ жүре ме? [14]

Ал залымлар ҳәмме ўақытта жетиспеўшиликте жасай ма? [15]

Бизлер ҳақ адамлардың да гейде жетиспеўшиликке дуўшар болатуғынын билемиз. Бул айтарлықтай көпшилик жағдайда адамлардың гүналары себепли болады. Буларға урыс, ҳәкимият аш көзлиги, яки кимдур шаңарағының орталық ақшасын ишиўшиликке сарплап жибериўи киреди.

Бизлер Қудайға қарсы бас көтерген дүньяда жасап атырмыз!

Әдетте бул аятлар дурыс берилген: Ески Келисимде, әпиўайы жағдайда әдиллик жарылқаўға жетелейди. Ал нызамсызлық бахытсызлыққа алып келеди. Жаңа Келисимде, бизлер бул жарылқаўлар ҳәм жазалар Ийса Масийх қайтып келгенде, бизлерге тийисли болатуғын мәңгилик жарылқаўлар ҳәм жазалардың көриниси екенин билип аламыз. Бизлердиң үмитимиз бул дүньяның материяллық жарылқаўларына тийкарланбаған.

Өмир усы жерде тәрийплеп көрсетилгениндей болмаған жағдайда, **бул аятлар ҳақыйқатқа айланатуғын күнди интизарлық пенен күтип атырғанлығымызды** еслетеди — барлық әдиллер молшылыққа ийе болатуғын ўақыт!

Ал бул қашан жүз береди? [16]

Ҳәзирги ўақытта өмиримизде еле орынланбай атырған аятлардың бизлерге усы уллы даналық китабынан сабақ алыўымызға тосқынлық етиўине жол қоймайық!

Өмиримиздеги жағдайлар китаптағы аятқа туўры келмей қалған ўақытта, не нәрсени ойлаўымыз керек? [17]

Усы китапта сизге ең унаған аят қайсы?



# Ўазшы

**Ўазшы 1:1–14** оқың.

Бул китап өмирдиң мәнисин талқылап береди.

Бул китап ҳаққында толық түсиниў ушын, ақырына дейин оқып шығыў зәрүр.

Ең әҳмийетли тема бул: **Қудайсыз өмиримиздиң мәниси жоқ**: Мийнет етиўимиздиң пайдасы не? Жақсы инсан болыўдан не пайда? Адамларға мийримли болыўдан не пайда?

Жазыўшы ҳәмме нәрсениң самалдың изинен қуўғандай бийҳуда екенин айтқысы келеди. (Мысалы: **1:14)**

Буның мәниси не деп ойлайсыз? [18]

Ақырына келгенде жазыўшы төмендеги сөзлер менен жуўмақлайды:

**Ўазшы 8:15:** *Сонлықтан мен кейил көтериўди артық көрдим. Қуяш астында адам ушын ишип-жеп, кейил көтериўден артық бахыт жоқ. Қуяш астында Қудайдың адамға берген өмири даўамында ислеген мийнетинен оған қалатуғыны усы.*

Қудай бизлерге берген өмирден рәҳәтленип жасаўымызды қәлейди!

Сондай болсада, айрым ўақытлары өмиримизде бослықты көремиз: ҳәр күни жумысқа барамыз, ҳәр күни бирдей нәрселерди ислеймиз.

Бирақ өмиримиздеги бослық Ийса Масийхтың қайтып келиўин әрман етип, руўхланыў менен толыўы шәрт. Жаңа Жердеги Өмир толық, шырайлы ҳәм әжайып! Бул дүнья бизлердиң ҳақыйқый үйимиз емес!

Өмиримизде бослық көринген ўақытта бизлер нени әрман етиўимиз керек? [19]

# Қосықлар қосығы



Қосықлар қосығы бизлерге ер ҳәм ҳаял адамның арасындағы муҳаббатты сөйлеп береди.

Ер ҳәм оның ҳаялы ортасындағы жақсы мүнәсибет Қудайдан берилген қымбатлы саўға болып есапланады.

Ҳәм бул Қудайдың бизлерге болған сүйиспеншилигин билдиреди!

**Эфеслилерге 5:22–33** оқың.

Инсанның некеси не нәрсеге тийкарланады? [20]

**Аян 19:6–8** оқың.

Күйеў ким ҳәм келин ким? [21]

**Қосықлар қосығы 2:16:** *Сүйиклим меники, мен де онықимен. Сүрийин лала гүллер арасында бағады ол.*

Бул бизлер ҳәм Ийса ҳаққындағы шынлық!

Ҳәттеки ҳеш ким бизлерди жақсы көрмейтуғындай болып сезилсе де, Ийса Масийх бизлерди ҳеш кимниң қолынан келмейтуғын дәрежеде суйетуғынын билиўимиз керек! Ийса Масийх пенен бирге ўақыт өткерген ўақтымызда, Ол бизлерди Өз муҳаббаты менен толтырады, сол себепли бизлер әтирапымыздағы адамларға Оның сүйиспеншилигин көрсете аламыз.

**Қосықлар қосығы 4:1:** *Қандай гөззалсаң, сүйиклим қандай гөззалсаң!*

Өзимизди адамлар нәзерине түсетуғын дәрежеде шырайлы деп ойламасақта, ҳәмме ўақытта Ийса ушын шырайлы екенимизди билиўимиз керек. Қашан өзимиздиң сулыў екенимизди аңлап жетсек, басқаларға да оларды сүйиўимиз, ғамхорлығымыз ҳәм ҳүрмет қылыўымыз арқалы олардың да қаншели шырайлы екенин көрсете аламыз.

Ийса Масийх сизлерге не деп айтып атыр? [22]

Еркектиң ҳаялына болған сүйиспеншилиги бизлерге нени еслетиўи керек? [23]

Неке бизлерге не нәрсени көрсетеди? [24]

Ким бизлерди ең әжайып болған өмирлик жолдасымыздан да артық сүйеди? [25]

### Бул сабақта бизлер Қудай ҳаққында нени билип алдық?

## Жуўаплар

1 – Бизлерге даналықта ҳәм түсиникте өсиўимизге жәрдем береди.
2 – Ҳәр биримиз ушын даналық керек!
3 – Жаратқан Ийеден қорқыў.
4 – Наданлар.
5 – Әкениң көрсетпелерин тыңлаў ҳәм ананың ақыл-нәсиятларын бийкарламаў.
6 – Ол жаўыз адамлар менен бирге ўақыт сарпламай, олар ислеп атырған ислерди ислемеўи керек.
7 – Шын жүректен Жаратқан Ийеге үмит байла, өз ақыл-парасатыңа сүйенип журме. Ислеген ҳәр бир исиңде Жаратқан Ийени танып бил, Ол сениң жолларыңды туўрылап турар.
8 – Дана ҳәм наданлар.
9 – Өзиниң үйин қурады.
10 – Оның барлық пикирлери, сөзлери ҳәм ҳәрекетлери оның шаңарағына қуўаныш ҳәм бирлик алып келеди.
11 – Өз қоллары менен ол өз үйин ўайран етеди.
12 – Оның пикирлери, сөзлери ҳәм ҳәрекетлери шаңарағын бахытсыз қылады, соның менен бир қатарда, ажыратып жибереди.
13 – Ақша, жумыс, нелер ҳаққында сөйлесиўимиз, үй, дослық, шаңарақ, ҳәкимият, өмир ҳ.т.б.
14 – Яқ.
15 – Яқ.
16 – Ийса Масийх бизлерди үйимизге алып кетиўге қайтып келгенде.
17 – Бизлер усы аятлар ҳақыйқат болатуғын күнди — Қудай Өз халқын биз ойлағанымыздан да артық жарылқайтуғын күнди күтип атырғанымызды есте сақлаўымыз керек!
18 – Қудайсыз өмиримиздиң мәниси жоқ, өмиримиз пүткиллей бослықтан ҳәм мақсетсизликтен ибарат.
19 – Ийса Масийхтың қайтып келиўи.
20 – Неке бизлерге Ийса менен жәмәәттиң арасындағы жақын қарым-қатнасты көрсетеди.
21 – Ийса Масийх ҳәм жәмәәт.
22 – Сиз гөззалсыз!
23 – Қудайдың бизлерге болған сүйиспеншилигин!
24 – Ийса Масийх ҳәм жәмәәттиң некеси.
25 – Ийса Масийх.

23-Сабақ:

# Израил ҳәм Яҳуда пайғамбарлары



Ҳикмет ҳәм қосық жырларынан ибарат болған бес китаптан кейин Пайғамбарлар китабы келеди.

## Ески Келисимде пайғамбар деген ким?

Пайғамбар — ол Қудайдың хабарын жеткизиў ушын Қудай тәрепинен таңланған адам. Ески Келисимде көп пайғамбарлар Қудайдың халқы менен сөйлескен, бирақ базы пайғамбарлар (мысалы: Юнус) басқа халықларға да Қудайдан келген хабарды жеткизген.

Жалған пайғамбар Қудайдан келген хабарды емес, ал өзиниң ойлап тапқанларын сөйлеген. Ҳақыйқый пайғамбар Қудайдан келген хабарды айтады ҳәм сол пайғамбаршылық сөзлери ҳәмме ўақытта әмелге асқан.

Ески Келисимде пайғамбар деген ким? [1]

## Қудай не ушын пайғамбарларды жиберди?

Қудай пайғамбарларды жибергендеги мақсети мыналар:

1. Өз халқын **ескертиў ушын**, өйткени олар Қудайдың нызамларына бойсынбай атырған еди.

2. Қудай тек ғана Өз халқын емес, ал басқа халықларды да **ҳүким етип, жазалайтуғынын** айтыў ушын.

3. Қудай Өз халқын ҳәм басқа халықларды да **жарылқайтуғынын** айтыў ушын.

Қудай Өз халқына пайғамбарларды жибергендеги үш себеби неден ибарат? [2]

Және де, Қудай пайғамбарлар арқалы Өз халқына әжайып ўәделер берди:

- Қудай сүргиннен кейин Өз халқын **Ерусалимге** қайтарып алып келеди.
- Қудай **адамларды гүналарынан қутқарыў** ушын Қутқарыўшыны жибереди.
- Қудай Өз халқын **жәннетке** алып барады.

Бул ўәделер көбинесе өз алдына үш түрли ўақыя емес, ал бир ўақыя сыяқлы көрсетиледи.

Қудай Өз халқына қандай әжайып ўәделер берген? [3]

# Пайғамбарлар пайғамбаршылық сөзлерин кимге айтқан?

**Ҳошея, Амос ҳәм Юнус** израил халқына пайғамбаршылық сөзин жеткереди.

**Илияс ҳәм Элиша** да Израилдың пайғамбарлары еди, бирақ олар китап жазбаған.

**Басқа пайғамбарлардың көбиси** Яҳуда халқына пайғамбаршылық сөзлерин жеткереди.

Израил халқына пайғамбаршылық қылған пайғамбарлардан мысал келтириң. [4]

Қайсы еки әҳмийетли болған пайғамбар китап жазбаған? [5]

Қудайдың пайғамбарларының көпшилиги қайсы халыққа пайғамбаршылық сөзлерин жеткерген? [6]

# Олар қашан пайғамбаршылық сөзлерди айтқан?

Олардың хабарын түсиниўимиз ушын, олардың қашан пайғамбаршылық қылғанын билиўимиз керек.

1. Базылары Қудай Өз халқын **сүргинге жибермесинен алдын** пайғамбаршылық қылды. Мысалы: Ийшая ҳәм Еремия.
2. Базылары халықтың сүргинде болған дәўиринде, **Бабылда жасап атырған ўақытта** пайғамбаршылық қылды. Мысалы: Даниел ҳәм Езекиел.
3. Базылары **Қудайдың халқы сүргиннен Ерусалимге қайтқаннан соң** пайғамбаршылық қылды. Мысалы: Хаггай, Зехария ҳәм Малахия. Ески Келисимниң ақырғы үш китабы.

Олар не айтқан болса, сол айтқанындай жүз берди!

Сүргиннен алдын сөз сөйлеген пайғамбарлар ҳаққында мысал келтириң. [7]

Сүргин ўақтында сөз сөйлеген пайғамбарлар ҳаққында мысал келтириң. [8]

Сүргиннен кейин сөз сөйлеген пайғамбарлар ҳаққында мысал келтириң. [9]




# 4 дәўир

Жоқарыдағы дәўир сызықларына қараң.

1. **б.э.ш. 722** жылы ассириялылар Израил халқын Ассирияға сүргинге алып кетти. Буннан соң Израил халқы ҳаққында хеш нәрсе еситпеймиз.

2. **150 жыл өткеннен кейин (б.э.ш. 586 жылда)**, Бабилония Яҳуда халқын жеңилиске ушыратып, Қудайдың Ибадатханасын ўайран етти ҳәм Қудайдың халқын Бабилонияға алып кетти.

3. **70 жылдан кейин (шама менен б.э.ш. 500 жыл)**

   Персия империясы Бабилония империясын жеңди. Персия патшасы Кир Қудайдың халқына: «Егер қәлесеңиз, Ерусалимге қайтып барыўыңыз мүмкин», деп айтады.

   Бирақ Қудайдың халқы узақ ўақытқа дейин садық қалмады. 400 жыл даўамында пайғамбарлар болмады.

   Қудайға садық болғанлардың ҳәммеси Мухаддес Жазыўларды оқыды. Буннан олар мынаны үйренди: Бир күни Қудай оларды қутқаратуғын Масийхты жибереди.

4. **Шама менен 0-жылы:** Ийса туўылды.

   Ол Қудайдың Ески Келисимдеги барлық ўәделерин Орынлаўшы!

   Ол бизлерди мәңги үйимизге Жетеклеўши!

   Ассириялылар Израил халқын Ассирияға қашан алып кеткен? [10]

   Қашан Бабилония Яхуда халқын жеңди ҳәм Ибадатхананы ўайран қылып, Қудайдың халқын Бабилонияға сүргин етти? [11]

   Қудайдың халқына өз елине қайтыўына қашан рухсат берилди? [12]

Ийса қашан туўылған? [13]

Ески Келисимдеги Қудайдың барлық ўәделерин ким орынлайды? [14]

## Сүргин

Бул Эден бағында жүз берген ўақыялардың тәкирарланыў жағдайы.

Эден бағында не жүз берген? [15]

Тап сондай, Қудайдың халқы гүна қылғанда, Қудай оларды қалаларынан ҳәм Өз дәргайынан қуўып жиберди.

Олар сүргиннен тек ғана физикалық орналасатуғын жерине емес, ал Қудайдың дәргайына қайтыўы керек еди.

Мухаддес Китаптағы ўақыяларда бизлердиң Қудайдың алдындағы өмиримизге қалай қайта алатуғынымыз, яғный Эден бағына қалай қайтып бара алатуғынымыз ҳаққында сөз етиледи.

Бизлер бул хаққында Аян китабында оқыймыз.

**Аян 21:3:** *Сонда тахттан шыққан бир бәлент даўыстың былай дегенин еситтим: «Мине, Қудайдың мәканы адамлар арасында. Қудай да олардың арасында жасайды. Олар Қудайдың халқы болады, Қудайдың Өзи де олардың Қудайы болып, олар менен бирге жасайды».*

Қудайдың дәргайындағы өмирге қашан қайтамыз? [16]

Мухаддес Китаптағы ўақыялар не ҳаққында сөз етеди? [17]

Бизлер ҳәзир ҳәм мәңгиге Қудай менен қарым-қатнасты қалайынша тиклей аламыз? (Юхан 6:40-аят) [18]

# Жаңа Келисим

Ийса қайта тирилгеннен соң, Өзин танымай қалған базы шәкиртлери менен сөйлескен еди.

Ийса оларға былай деди:

*— Ҳәй, ақылсызлар! Пайғамбарлардың айтқанларының ҳәммесине шын жүректен исенбейтуғынлар! Масийх усы азапларды шегип, Өз салтанатына кирийи керек емес пе еди?*

*Соңынан Муўсаның ҳәм барлық пайғамбарлардың Жазыўларынан баслап,* ***Мухаддес Жазыўлардың ҳәммесинде Өзи ҳаққында айтылғанларды оларға түсиндирип берди.*** (Лука 24:25–27-аят)

Ийса пайғамбарлар хаққында не деди? [19]

Ийсаның өлими ҳәм тирилиўи Қудайдың Өзине қарсы қозғалаң көтерген дүньяны қутқарыў жобасының бир бөлеги еди.

**Ийшая 55:12-аятты** оқың. Ийшая пайғамбар Қудайға қарай жүз бурғанларға не айтты? [20]

Өз өмириңизди Жаратыўшыңызға ҳәм Оның Масийхына тапсырыўдан басқа үлкенирек бахыт жоқ!

Қудай бүгин де пайғамбарлардың китаплары арқалы бизлер менен сөйлеседи.

Пайғамбарлардың китапларын оқыўға ўақыт ажыратың!

## Үйге тапсырма

Ийшая 40–55-бапларды оқың.

Ийшая Масийх хаққында қандай сөзлер айтқанына итибар бериң.

## Бул сабақта бизлер Қудай ҳаққында нени билип алдық?

# Жуўаплар

1 – Қудайдың айтқан сөзлерин жеткизиў ушын Қудай тәрепинен таңланған адам.
2 – Өз халқын былай деп ескертиў ушын.
Қудай тек ғана Өз халқын емес, ал басқа халықларды да ҳүким етип, жазалайды.
Қудай Өз халқын ҳәм басқа халықларды да жарылқайды.
3 – Қудай сүргиннен кейин Өз халқын Ерусалимге қайтарып алып келеди.
Қудай адамларды гүналарынан қутқарыў ушын Қутқарыўшыны жибереди.
Қудай Өз халқын жәннетке алып барады.
4 – Ҳошея, Амос ҳәм Юнус.
5 – Илияс ҳәм Элиша.
6 – Яҳуда халқы.
7 – Ийшая ҳәм Еремия.
8 – Даниел ҳәм Езекиел.
9 – Хаггай, Зехария ҳәм Малахия.
10 – Б.э.ш. 722 жылы.
11 – Б.э.ш. 586 жылы.
12 – Шама менен б.э.ш. 500 жылы.
13 – Шама менен 0-жыл.
14 – Ийса!
15 – Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ене гүна қылғанда, Қудай оларды жәннеттен ҳәм Өзиниң дәргайынан қуўып шығарды.
16 – Ийса қайтып келгенде, Жаңа Жаратылыста Оның менен бирге мәңги жасаўымыз ушын бизлерди алып кетеди.
17 – Қудайдың дәргайындағы өмирге қалай қайта аламыз — Эден бағына қалайынша барыўымыз мүмкин.
18 – Ийсаға ҳәм Оның бизлер ушын ислеген исине исениўимиз керек.
19 – Олар Масийх хаққында ҳәм Оның өлими менен тирилиўи ҳаққында көп айтады.
20 – *Сиз қуўаныш пенен шығасыз, сизди тынышлыққа жетелейди. Таўлар ҳәм төбешиклер алдыңызда қосық айтады, даладағы барлық тереклер қол шаппатлап, алғыс айтады.*

# 24-Сабақ:
# Ийшая пайғамбар



Ийшая Даўыттың патшалығынан 300 жылдан кейин (Ийса туўылмасынан 700 жыл алдын), Қудайдың халқы еки патшалыққа бөлинген дәўирде жасаған.

Усы еки патшалық не деп аталған еди? [1]

Ийшая Яҳуда халқына қарата сөз сөйлеген еди.

Ассирия империясы тез арада Израилды жеңип алады ҳәм Яҳудияны жеңип алыўға хәрекет етеди. Ол әллеқашан Яҳудияның базы қалаларын жеңген еди. Бул қорқынышлы дәўир болды!

## Қудай өз халқын кейип, қарсы сөйлейди

**Ийшая 1:1–2:5-аятқа** дейин оқың.

Қудай не ушын Өз халқына ғәзепленди? **(1:1–4)** [2]

**1:5–9-аятларда** Ийшая былай деп айтады: «Не ушын Қудайдың жазасын көрмей атырсызлар? Елимиз азап шекпекте, себеби бизлер Қудайға қарсы бас көтердик».

Олар қандай азап шекпекте? (7-аятта) [3]

Қудай олардың дини ҳаққында не деди? **(1:10–15)** [4]

Не ушын Қудай Өз халқының дуўаларын еситпеди? **(1:15)** [5]

**1:21–23-аятларда** Қудай Өз халқын Өзиниң ҳаялы деп тәрийплейди. (Ийшая китабы 54:5) 21-аятта Қудай Ерусалимди қалай сүўретлейди? [6]

Қудай Өз халқын қалай сүўретлейди 24-аятта? [7]

Қудай Өз халқына қарсы гүреседи!

Қудай булардың ҳәммесин не ушын айтып атыр? [8]

Мухаддес Китапта бизлер Қудайдың мухаддес екенлигин ҳәм гүнаны жазалаўы кереклигин көремиз. Бирақ Ол Өз халқын жақсы көреди ҳәм оларды хәмме ўақытта кешириўди қәлейди.

Қудай олардың не қылыўы кереклиги ҳаққында не айтады? **(1:16–20)** [9]

Қудай — мийрим-шәпәәтли Қудай!

Қудай оларды кешириўди қәлейди. Қудай оларды пәклеўди қәлейди. Ол оларды жарылқаўды қәлейди.

Бирақ Қудайдың халқы тәўбе етпегенин билемиз. Ақырында Қудай не исследи? [10]

Бирақ Қудай Өз халқынан пүткиллей жүз бурмады.

Ийшая китабында Қудай сүргиннен кейин Өз халқын Ерусалимге қайтарып алып келиўди ўәде етеди. (40 ҳәм 43:1–7-аятларды оқың.)

Бирақ бизлер Өз халқын Ерусалимге қайтарыўды ўәде еткенде, олардың Ерусалимге, үйлерине қайтарып алып келген дәўирден гөре жақсырақ сүўретлемени көриўимиз мүмкин. Бунда Қудай Эден бағында болғанындай, адамлар менен мүнәсебетин қайта тиклейтуғын Жаңа Ерусалимди сүўретлейди.

Ерусалим қандай көриниске ийе болады? **(2:1–4)** [11]

Бул — **Аян китабы 21:22–27-аятты** оқысақ, сол жерде сүўретленгенге мегзейди.

# Ийшая китабындағы Масийх ҳаққында



Ийшая китабында Масийх ҳаққында басқа пайғамбарларға қарағанда көбирек айтылады.

Азап шеккен Қудайдың хызметкери ҳаққында **52:13–53:12-аятта** оқың.

Бул қосық бес бөлимнен ибарат. Қосықтың ортанғы бөлими ең әхмийетлиси.

**А. 52:13–15:** Қул кеширим алып келиў ушын азап шегеди, кейин Ол уллыланады

**Б. 53:1–3:** Қул жүз бурылыўдан ҳәм кемситилиўден азап шегеди ҳәм ақырында өлимге ҳүким етиледи

**С. 53:4–6: Оның өлиминиң себеби Қудай менен бизлердиң арамызға тынышлық алып келиў еди**

**Б. 53:7–9:** Қул жүз бурылыўдан ҳәм кемситилиўден азап шегеди ҳәм ақырында өлимге ҳүким етиледи

**А. 53:10–12:** Қул кеширим алып келиў ушын азап шегеди, кейин Ол уллыланады

Усы қосықтың ең әхмийетли бөлими қайсы? [12]

Қудай Өз халқына гүналары ушын өлетуғын ҳәм кейин уллыланатуғын Масийхты жибериўди анық айтты. Оның уллылығы азап шегиўинен кейин болады.

## (Ийшая 53:5) *Оның жаралары бизлерге шыпа берди*

Көпшилик адамлар бул аятты надурыс қолланады.

Ески Келисимдеги аятты дурыс түсиниўимиз ушын, бизлер еки нәрсени қылыўымыз керек:

1. Бизлер аятларды олардың толық контексти менен бирге (олардың бабы менен бирге) оқыўымыз тийис. Аятты дурыс түсиниў ушын, аяттан алдынғы ҳәм кейинги қатарларды оқыўымыз керек.

   Биз неден шыпа таптық? [13]

2. Жаңа Келисимде бул аят хаққында не жазылғанын ҳәм Ийса бул тема бойынша не айтқанын билиўимиз керек.

**1 Петр 2:24—25:** *Бизлердиң гүна ушын өлип, ҳақ болып жасаўымыз ушын, Ол гүналарымызды атанақ ағашта Өз денесине жүкледи.* ***Оның жарақатлары арқалы шыпа таптыңыз.*** *Бурын адасқан қойлар сыяқлы едиңиз, енди болса, жанларыңыздың Шопанына ҳәм Бағыўшысына қайтып келдиңлер.*

Петр «*Оның жарақатлары арқалы шыпа таптыңыз*», дегенде, ол нени нәзерде тутып атыр? [14]

Ийса да гүнаны аўырыў сыпатында айтып өткен.

**Лука 5:31—32:** *Ийса оларға жуўап берип:*

*— Шыпакерге дени саўлар емес, ал аўырыўлар мүтәж. Мен ҳақ адамларды емес, ал гүнакарларды тәўбеге шақырыўға келдим, — деди.*

Ийса «*аўырыўлар*» дегенде нени нәзерде тутты? [15]

Демек, бул аятта Ийса бизлерди физикалық аўырыўлардан емлейди деген ўәде айтылмаған. Бул аят әҳмийетли нәрсе хаққында айтады: Ол бизлердиң гүналарымыздың кеширилиўин ҳәм бул Хызметкер бизлердиң Қудай менен болған мүнәсибетимизди мәңги тиклейтуғынын айтып, ўәде етеди!

Қудай дуўаларымызға жуўап бериўди жақсы көреди. Бизлер Оның ҳәмме нәрсеге қәдир екенин билемиз. Ол бизлерге шыпа бергенде, бул биз ушын үлкен жигерлениў болады.

Ол бизлерге ҳәзир қутқарылыўды (кеширим ҳәм Оның менен жаңа қарым-қатнасларды) ўәде етеди ҳәм бизлерге Жаңа Ерусалимде пүткиллей ден саўлығымыздың жақсы болыўын ўәде етеди. **(1 Коринфлилер 15:42—44-аятлар)**

Ҳәзирги күнлери Ол бизлерге ҳәмме ўақытта да шыпа бермейди. **(2 Коринфлилер 12:7—10-аятлар**: Қудай Павелге шыпа бермеди!)

Солай етип бизлер буған қарай отырып, Ийса бизлердиң физикалық кеселликлеримизге шыпа береди деген ўәде емес екен деген жуўмаққа келемиз.

Олай болса «Оның жаралары бизлерге шыпа берди», деген нени аңлатады? [16]

**Ийшая китабынан қайсы аятты ядлаўды қәлейсиз? Бүгин бул ҳаққында ким менен бөлисе аласыз?**

# Жуўаплар

1 – Яҳуда ҳәм Израил.
2 – Олар Қудайға қарсы бас көтерди.
3 – Олардың қалалары ўайран етилип, егинлери талан-тараж етилди.
4 – Ол олардың динин жек көреди. Қудай олардың нызамларына бойсынбағаны ушын, қурбанлықларын қабыл етпейди.
5 – *Қолларыңыз қанға батқан*. Олар бир-бирин өлтирип атыр. Қудай ондай жаўыз адамлардың дуўаларына жуўап бермейди.
6 – Бузық сыяқлы!
7 – Өз душпанлары сыяқлы!
8 – Себеби Өз халқы тәўбе қылмады.
9 – Олар тәўбе етиўге ҳәм Қудайға қайтып келиўге мүтәж еди.
10 – Қудай оларды сүргинге жиберди.
11 – Бул ең бийик (ең әҳмийетли) таў болады ҳәм ол жерге адамлар Қудай ушын қалай өмир сүриўди үйрениў ушын келеди ҳәм ҳәр бири тынышлық ишинде жасайды.
12 – Оның өлиминиң себеби бизлерди Қудай менен татыўластырыў еди.
13 – Бизлер гүналарымыздан шыпа алдық.
14 – Ийса бизлер ушын қурбан болғаны ушын, бизлер кеширилдик.
15 – Гүнакарлар.
16 – Бизлердиң гүналарымыз кеширилди ҳәм усы Хызметкер бизлердиң Қудай менен болған қарым-қатнасымызды тикледи.

# 25-Сабақ:

# Нехемия



## Жағдай

**Б.э.ш. 586-жылы** Бабилония империясы Яҳуда халқын жеңип, Ибадатхананы ўайран етти ҳәм Қудайдың халқын Бабылға сүргин қылып, алып кетти.

70 жылдан кейин Персия империясы Бабилония империясын жеңилиске ушыратты. Бул шама менен **б.э.ш. 500-жылы** жүз берди.

Персия патшасы Кир Қудайдың халқына, егер де олар қәлесе Ерусалимге қайтып, Ибадатхананы қайта қурыўы мүмкинлигин айтады.




## Сүргин!

**2 Жылнама китабы 36:15–23-аятларды** оқың.

Қудайдың халқы Оның пайғамбарларына қандай жуўап қайтарды? [1]

Яҳуда халқына не болды? [2]

Ибадатхананың ишиндеги затларға не жүз берди? [3]

Ибадатхананың өзине не жүз берди? [4]

Ерусалим дийўалларына не болды? [5]

# Қудайдың қаласының қайта қурылыўы

**Эзра китабында** сүргиннен кейин, Ерусалимге қайтқан Қудайдың базы халқы басқа екинши Ибадатхана қурғаны ҳаққында оқыймыз.

**Нехемия китабында** буннан кейин не болғаны ҳаққында оқыймыз. Бул **б.э.ш. 445-жылы** еди.

**Нехемия китабының биринши бабын** оқың.

Нехемия нени еситти? **(3-аят)** [6]

Ол не ушын қапа болды, деп ойлайсыз? **(4-аят)** [7]

Яҳудийлердиң Қудайы ҳәлсиз ҳәм Өз халқын қорғай алмайтуғындай болып көринеди.

Нехемия Қудай ҳаққында нени билди? **(5-аят)** [8]

Нехемияның дуўа етиў усылы не ушын таң қаларлық көринеди? **(6–7-аятлар)** [9]

Ол Масийх сыяқлы ис тутты. Нехемия гүнасыз еди, бирақ адамлардың гүнасынан уялды. Бул гүналарды өз гүналарындай етип қабыл етти. Ийшая 53:5–6-аятлардағы қул сыяқлы болды.

Таўрат китабынан Нехемия нени түсинди? **(8–9-аятлар)** [10]

Ол булардың барлығында Қудайдың қолы бар екенин көрди, бирақ бул жетерли емес еди. Қудайдың ҳүрмети еле орнына қойылмаған еди.

Нехемияның жақсы хәм абырайлы жумысы бар еди. Оның жасаў шараяты қолайлы ҳәм жақсы еди ҳәм Ерусалимде болып атырған ўақыялар ҳаққында тәшиўишлениўине ҳәжет жоқ еди. Бирақ Нехемия Қудайдың оны Ерусалим қаласын ҳәм әсиресе оның дийўалларын қайта қурыўға қолланбақшы екенлигин билетуғын еди. Ерусалим Қудайдың айрықша қаласы болып, Ибадатханада Өз халқы менен бирге болыўға ўәде етип қойған еди (1:9).

Тап усындай, өмир әжайып ҳәм сиз турақлы жериңизде жасаўды қәлеймиз, деп ойлаўыңыз аңсат. Деген менен, егер сиз басқа еллерде жумыс ислеў ушын кеткен болсаңыз, есте сақлаң, Қудай сизди өз елиңизге жәмәәт ашыў ушын қолланбақшы!

Нехемия тек ғана ўайран болған қаланы қурып қоймады, ал ол Қудайдың бузылған халқын қайта тиклеўге жәрдем берди.

Олар қалайынша бузылған еди? [11]

Олар үмитсизликке түскен еди.

Солай етип, Нехемия дийўалларды қайта қурыў ушын ҳәм халықтың исенимин тиклеў ушын Қудайдың халқына жетекшилик қылып, Ерусалимге барды.

# Жақсы Жетекши

**Нехемия китабы 4-бапты** оқың.

Нехемияның халыққа қалай жетекшилик қылғаны ҳаққында нени үйрендик?

Оның өз халқына қалай жетекшилик қылғаны ҳаққында 7 факт табың [12]

1.

2.

3.

4.

5.

6.

7.

Жақсы жетекши болыў аңсат емес еди. Олардың дийўалды қайта қурыў даўамында, Нехемия ҳәр түрли мәселелерге, әсиресе қәўип-қәтерге ҳәм масқаралаўшылыққа дус келди. Буған қарамастан Қудай оған адамларды басқарыўына жәрдем берди, сонлықтан қурылыс даўам етип, тамамланды!

Бизлер дийуал ҳаққында не оқыймыз? **(6:15)** [13]

Нехемия тек ғана қала хаққында қайғырып қоймастан, ал халықтың Қудай менен болған қарым-қатнасы ҳаққында да қайғырды.

**Эзра** не иследи? **(8:1–3)** [14]

Адамлар не иследи? **(10:28–29)** [15]

Бул Қудайдың халқы ушын жаңа басланыў болды! Олар Қудайдың сөзине қулақ салып, оған бойсыныўға ўәде берди.

## Нехемия бүгинги күндеги жәмәәт жетекшилери ушын әжайып үлги?

# Ески Келисимниң ақыры

Бул айтарлықтай Ески Келисимниң ақыры.

Қудай Ибрайымға Жаратылыс 12:1–7-аятларында нени ўәде етти? [16]

Ески Келисимниң ақырында Қудай Ибрайымға берген ўәделериниң қаншасын орынлады? [17]

Машқала неде? [18]

Қудайдың халқы күшли болыўынан алдын, олар көбейип, өз жерлерине ийе болды. Ал енди олар ҳәлсиз, халық азайып қалған, және де, олар өзге патшаның қол астында.

Қудайдың халқы азғантай болсада үмитти қай жерден табады? [19]

Мухаддес Жазыўды оқығанлар үмит бар екенлигин билетуғын еди. Олар бир күн келип Қудай Масийхты жибериўин түсинетуғын еди. Ол:

- Жүреклерди өзгертеди. (Езекиел 36:26)
- Оларды гүналарынан қутқарады. (Ийшая 53:5–6)
- Миллетлер үстинен мәңгиликке басқарыўшы. (Данияр 7:13–14)
- Усы Масийх Қудайдың Ибрайымға берген барлық ўәделерин орынлайды! (Аян 21:1–4)

  Масийх қалайынша үмит алып келеди? [20]

  Ески Келисим бизлерди Жаңа Келисимге қалай таярлап атырғанын түсиндирип бере аласыз ба?

# Жуўаплар

1 – Олар оған қулақ салмады.
2 – Олардың базылары өлтирилди, базылары сүргинге жиберилди.
3 – Олар Бабилонияға алып кетилди.
4 – Ол жанып, күл қылынды.
5 – Олар ўайран етилди.
6 – Сүргинге әкетилип, Яҳуда елине қайтып келгенлер, енди үлкен машқала ишинде қалып, шерменде болды.
7 – Қудайдың қаласы болған Ерусалим ўайран етилди, соннан кейин халық Қудайға ҳүрмет көрсетпей қойды.
8 – Ол аспанның мәңги Қудайы. Қудай уллы ҳәм әжайып. Оны сүйген хәм Оның буйрықларына бойсынғанлар менен мәңги сүйиспеншилик келисимин сақлап қалады.
9 – Оның өзи Қудайға қарсы гүна қылмасада, «олар», деп айтпайды, ал «бизлер» дейди.
10 – Ол, егерде халық Қудайға садық қалмаса, Ол халықты жазалайтуғынын айтып, ескерткенин түсинген еди. Жәнe де, Қудайдың Өз халқын үйлерине қайтарып алып барыўды ўәде қылғанын да түсинген еди.
11 – Халық гүналары ушын сүргин етилген еди, олар үйлерине қайтарылды, бирақ халық қаланы қайта қурмады ҳәм Оның ҳүрметин орнына қоймады.
12 – 1) Қудай Өзине қарсы шыққанларды еситпеди.
2) Ол Қудайға дуўа етти.
3) Ол дана әмелий шешимди қабыл етти (адамлардың ярымы жумыс иследи, ал ярымы жумыс ислегенлерди қорғады).
4) Ол адамларға жәрдем керек болса, не қылыў кереклигин жобаластырды (адамлардан бирине жәрдем керек болса кәрнай шалынды).
5) Ол Қудайдың ким екенлигин еслетип, адамларды жигерлендирди.
6) Ол Қудайдың уллыланыўын қәледи, өзине даңқ-мақтаў излемеди. (Сондай-ақ 1:11ге қараң.)
7) Оның өзи аўыр мийнет етип, жақсы өрнек болды.
13 – Бул 52 күн ишинде жуумақланды!
14 – Ол адамларға Таўратты даўыслап оқып берди.
15 – Олар Қудайға бойсыныўды ўәде етти.
16 – Инсан, жер ҳәм ол арқалы барлық адамлар жарылқанады.
17 – Қудай Ибрайымның әўладларын уллы халық қылды, оларға ийеликке жерлерди берди ҳәм басқа халықларға нур болыўы ушын оларға минсиз нызамларды берди.
18 – Қудайдың халқы ҳәмме нәрсени бузды, себеби олар басқа қудайларға табынып, Қудайдың нызамларына бойсынбады.
19 – Қудайдың сөзинде!
20 – Ол олардың жүреклерин өзгертеди. (Езекиел 32:26)
Ол оларды гүналарынан қутқарады. (Ийшая 53:5–6)
Миллетлер үстинен мәңгиликке басқарыўшы. (Данияр 7:13–14)
Ол Қудайдың Ибрайымға берген ўәдесин орынлайды. (Аян 21:1–4)

# 26-Сабақ:

# 8 Сүўрет бойынша Муқаддес Китап Ўақыялары

Муқаддес Китап ўақыяларын көрип шығыў ушын, бизлер усы сүўретлерден пайдаланамыз. Бул сүўретлер арқалы пүткил Муқаддес Китапты түсиндирип бере аламыз.




Бизлер биринши сүўрет ҳаққында оқып беремиз, кейин топарымыздың бир ағзасы усы мағлыўматты оқымай қайталап айтыўы керек. Кейин екинши сүўрет ҳаққында оқыймыз ҳәм арамыздағы бир адам буны қайталап айтады. Ақырына жетип келгенимизде, сөзлерге қарамай барлық 8 сүўретти нәўбет пенен қайталап айтамыз.




## 1. Жаратылыс

Қудай барлық нәрсени жақсы етип жаратты. Қудай ең дәслепки адамлар болған Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ене менен бирге Эден бағы деп аталған сулыў бағда ўақыт өткерди.




## 2. Гүнаның басланыўы

Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ене Қудайға бойсынбады, ал шайтанға қулақ салды. Сол себепли олар Қудайдың жарылқаўларынан, атап айтқанда мәңгилик өмирден айырылып қалды. Сүўреттеги оқ сызық Қудайдың оларды бағдан ҳәм Өзиниң дәргайынан қуўып шығарғанын көрсетеди. Сол ўақыттан берли адамлар және Қудай менен байланысыўды әрман етеди.




## 3. Ўәде

Қудай Ибрайымға Өзи ушын айрықша болған халықтың әкеси болыўын ўәде қылған еди.

Қудай Ибрайымға адамлардың жасаўы ушын ҳәм араларында Өзи мәкан қылатуғын жерди ўәде қылды.

Сондай-ақ, Қудай Ибрайым арқалы барлық халықларды **жарылқаўды** ўәде қылды.

Таж — Қудай олардың жақсы Патшасы болатуғынын аңлатады.

Айқулақ — Қудайдың Өз ўәдесинде туратуғынын аңлатады (Жаратылыс 9:13–16). Сиз бәрқулла Оған исенсеңиз болады!




## 4. Шығыў

Қудайдың халқы өзге журт болған Мысырда қул болып жасап атыр еди. (Пирамидалар — Мысырды аңлатады.)

Оқ сызық — Қудайдың Өз халқын Мысырдағы аўыр қуллықтан қутқарғанлығын көрсетеди.




## 5. Жер

Қудай Өз халқын ўәде етилген жерге алып барды. Олар усы елде жасап

атырған жүдә жаўыз халық болған кенанлыларды жеңилиске ушыратты.

Қудай Өз халқын жарылқады, бирақ олар басқа қудайларға табынып кетти. Қудай оларды көп мәрте ескертти, бирақ ақырында Қудай оларды сүргинге жиберди. Кейин Қудай оларды ўәде етилген жерге қайтарып алып келди. Бирақ олар еле Қудайдың нызамларына бойсынбаған еди ҳәм гүна ислеўди даўам етти.

Оларға гүналарынан қутқаратуғын Қутқарыўшы керек еди. Оларға туўры жол менен басқаратуғын патша керек еди. Қудай бир күни келип сондай адамды, Масийхты жибериўди ўәде етеди.

Олардың ҳәммеси де Қудайды умытпаған еди. Ийса туўылған ўақытта, Яҳудия Рим империясының бир бөлегине киретуғын еди. Деген менен, Қудайға садық адамлар елеге дейин Қутқарыўшыны ҳәм Қудай жибериўди ўәде еткен Патшаны күтетуғын еди. Мысалы ушын, Шимон ҳәм Анна (Лука 2:25–38).




## 6. Ийса Масийх

Қудай Қутқарыўшыны жибериўи ҳаққындағы ўәдесин орынлады! Ийса Масийх атанақ ағашта өлиў ушын келди, солай етип, Ол бизлердиң гүналарымыз ушын бир мәрте мәңгилик қурбанлық болды. Кейин Ол өлимнен қайта тирилди. Бул Оның өлимди жеңип шыққанын көрсетеди! Солай етип, енди бизлер және Қудай менен дос бола аламыз!




## 7. Ийсаның қайтып келиўи

Ийса ҳәзир аспанда.

Оқ сызық — Ийсаның дүньяны жоқ қылыў ушын ҳәм барлық адамларды ҳүким етиў ушын қайтып келетуғынын көрсетеди.




# 8. Жаңа Жаратылыс

Бизлер Қудай менен бирге жаңа, мәңгилик ҳәм ўәде етилген жерде, Жаңа Жаратылыста жасаймыз!

Ески Келисим бизлердиң не ушын Қутқарыўшыға мүтәж екенлигимизди көрсетеди. Бул ҳәр биримиздиң гүнакар екенимизди үйретеди. Бизлердиң жүреклеримиз жаўызлыққа толған.

Қудайды еледе жақсырақ билиўимиз ушын, Ески ҳәм Жаңа Келисимди, Мухаддес Китапты толығы менен оқып шығыўымыз жүдә әҳмийетли.

**Бир-бириңиз ушын дуўа етиң, солай етип, алдымыздағы ҳәптеде усы сүўретлерди бөлисип, айтып бериўиңиз ушын, Қудай сизге бир адамды жиберсин.**

27-Сабақ:

# Қудай жер жүзине Адам болып келди



Матта ҳәм Лука Хош Хабарларының басында Ийсаның туўылыўы ҳаққында жазылады.

## Оның ата-анасы

**Матта 1:18—25** оқың.

18-аятта не нәрсе таң қаларлық дәрежеде жазылған? [1]

Бул пүткил дүнья тарийхында жүз берген бир ғана дәўир болды!

Оның анасы инсан еди. Бирақ оның инсан әкеси жоқ еди. Бул Қудайдың кәраматлы иси еди. Ийса толық инсан ҳәм толық Қудай болды. Ийса жер бетине келген Қудайдың Өзи!

Хош Хабарларда Ийсаның шынында да инсан болғаны ҳаққындағы қандай мағлыўматларды көре аламыз?

**Матта 21:18, Юхан 19:28, Юхан 4:6, Марк 4:38, Юхан 11:35, Юхан 19:34, Юхан 19:33 ке караң.** [2]

Хош Хабарларда Ийсаның шынында да Қудай болғаны ҳаққындағы қандай мағлыўматларды көре аламыз?

**Марк 1:33—34; 5:41—42; 6:48; 4:39.** [3]

Ийсаның пәк қыздан туўылыўы бизлерге Ол туўралы не айтады? [4]

**Ийшая 7:14-аятта** Ийшая нени пайғамбаршылық қылған еди? [5]

Қудай (ямаса Жаратыўшы) Ийса туўылмастан жүз жыллар бурын Масийхтың (турмысқа шықпаған) қыздан туўылатуғынын ўәде еткен!

# Ийсаның туўылған жери

**Лука 2:1–20** оқың.

Юсуп ҳәм Мәриям қай жерде жасап атыр еди? [6]

Ийса қай жерде туўылған еди? (4–6-аятларда) [7]

Егер ата-анасы Насырада жасаған болса, онда не ушын Ийса Бейтлеҳемде туўылған? [8]

Муқаддес Китап бойынша және ким Бейтлеҳемде туўылған еди? **(1 Патшалар 17:12)** [9]

**2 Патшалар 7:12–13, 16-аятларда** Қудай Даўытқа не нәрсени ўәде еткен еди? [10]

**Матта 1:1–16-аятларда** Ийса Масийхтың шежиреси жазылған. 6-аятта қайсы ата-бабалардың атлары жазылған? [11]

Бирақ көп жыллар даўамында Даўыт урпағынан патша шықпаған еди.

**Лука 2:10–11-аятларда** периштелер шопанларға не деди? [12]

**Миха 5:2-аятта** Миха нени пайғамбаршылық қылған еди? [13]

Ийса Масийхтың туўылған жериниң әҳмийетлилиги неде? [14]

Ҳәттеки, Ийсаның туўылған жери де Оның Масийх екенлигин дәлиллеп бере алады.

# Ийса Масийх бизлердиң үлгимиз!

**Еврей 4:15** оқың.

Ийса Масийх шынында да инсан болғаны бизлерди қалай жигерлендире алады? [15]

Ийса сол ўақытта жасаған адамлардан қайсы тәрепи менен ажыралып туратуғын еди? [16]

Ол инсан болыўдың қаншелли қыйын екенин түсинетуғын еди. Деген менен, изине ериўимиз ушын Оның өмири бизлерге әжайып үлги бола алады.

Ийса Масийхтың минези жақсы екенлигин **Галатиялылар 5:22–23-аятлардағы** Мухаддес Руўхтың жемислеринен тапсақ болады. Ийемиздиң минези қандай еди? [17]

**Ийса Масийхтың изинен жүргенимизде, Оған көбирек уқсап барамыз. Адамлар сизиң өмириңизде Ийса Масийхтың қәсийетлерин көре ала ма? Ийемизден қайсы тәреплериңизди өзгертиўин сораўыңыз керек?**

## Жуўаплар

1 – Мәриям пәк қыз болыўына қарамастан, ол Мухаддес Руўх арқалы ҳәмиледар болды.
2 – Ол аш қалды, шөлледи, шаршады, уйықлады, жылады, қаны төгилди, ақырында көз жумды.
3 – Ол жинлерди қуўып шығарды, наўқасларға шыпа берди, өлилерди тирилтти, суў үстинде жүрди ҳәм боранды тынышландырды.
4 – Ол толық инсан ҳәм толық Қудай!
5 – Қыз ҳәмиледар болып ул туўады ҳәм туўылған ул «Иммануел» болады. Ол «Қудай бизлер менен бирге» деген мәниске ийе.
6 – Насырадан.
7 – Бейтлеҳемде.
8 – Себеби Оның ата-анасы дизимнен өтиў ушын, сол жерге барыў керек еди.
9 – Даўыт патша.
10 – Жаратқан Ийе Өз Улының патшалық тахтын мәңгиге орналастырады. Даўыттың урпағы ҳәмме ўақытта тахтта отырады.
11 – Ишай, Даўыт патша, Сулайман патша.
12 – *Солай етип, Ийениң Өзи сизлерге белги береди, мине, қыз ҳәмиледар болып ул туўады. Оның атын Иммануел деп қояды. Яғный «Қудай бизлер менен бирге»*.
13 – Уллы ҳүкимдар Бейтлеҳемде туўылады.
14 – Қудай усы жерде Масийхтың туўылатуғынын айтқан еди.
15 – Ол бизлердиң ҳәлсизлигимизди ҳәм азғырылыўға түсетуғынымызды түсинеди.
16 – Ол бир мәрте де гүна ислемеди!
17 – Ийемиз сүйиспеншилик, қуўаныш, тынышлық, сабыр-тақат, мийримлилик, жақсылық, садықлық және Өзин тутып билетуғын қәсийетлерге ийе еди.

# 28-Сабақ:
# Масийх



## Масийх Өз хызметин баслайды!

Марк жазған Хош Хабар Ийсаның өмир баяны жазылған 4 ўақыяның бириншиси еди. Биринши бапта не жүз бергенин көрейик.

**Марк 1:1:** Марк Ийсаны ким деп атайды? [1]

**Марк 1:11:** Ийса суўға шомылдырылған ўақытта, Қудай Оны ким деп атаған? [2]

**Марк 1:16–20:** Ийса Өзиниң изинен ериўин айтқанда, сол адамлар не иследи? [3]

**Марк 1:22:** Ийса Масийхтың тәлийматы ҳаққында адамлар қандай пикирде болды? [4]

**Марк 1:24:** Жаўыз руўх Ийсаны ким деп атайды? [5]

**Марк 1:25–26:** Ийса жаўыз руўхқа адамнан шығып кетиўин буйырған ўақытта, не нәрсе жүз береди? [6]

**Марк 1:32–34:** Ийса не қылды? [7]

Биринши бапта Ийсаның қылған ислери арқалы Оның ҳақыйқаттан да Қудайдың Баласы, Масийх екенлиги ҳаққындағы дәлиллерди көремиз!

Лука жазған Хош Хабардың төртинши бабында, Ийса Өзиниң туўылған қаласына қайтып келгенде, не нәрсе жүз бергенин оқыймыз.

# Ески Келисимде бир адам ҳаққында жазылған

**Лука 4:14–21** оқың.

Ески Келисим дәўиринде Қудайдың халқы кимди күткен? [8]

Ол не ислейди? **(Жаратылыс 3:15)** [9]

Ол және не ислейди? **(Жаратылыс 12:3)** [10]

Усы үзиндиде ол жердеги адамлар Ийса Масийхтың үйине қайтқанынан албырасып қалады. Не ушын? [11]

Кейин олар шемби күни яҳудийлердиң мәжилисханасында жыйналады. Олар Ийсадан тәлим бериўин соранады.

Ол қайсы пайғамбардың китабынан оқыды? [12]

Сол үзиндиде Мухадлес Руўхқа толған ҳәм әжайып files ислерди қылыў ушын, Қудай тәрепинен майланған Адам туўралы айтылады.

Ески Келисимде адамлар қандай ўақытта майланған? [13]

Қудайдың майланғаны болыў — Қудай оларды айрықша ўазыйпа ушын таңлағанын билдиреди. Ийшая пайғамбар, бир күни Қудайдың Майлағаны келетуғыны ҳаққында пайғамбаршылық қылады. Ҳеш ким орынлай алмайтуғын айрықша ўазыйпаны, Ол орынлайды.

**Лука 4:18–19:** Бул жерде адамларды сүўретлеўдиң төрт жолы бар. Олар қандай адамлар? [14]

1.

2.

3.

4.

Келиң, Ийса бул сөзлери менен не нәрсени нәзерде тутқанын ойлап көрейик.

## Жарлылар:

Ийса Хош Хабар китапларында 2 жерде жарлылар туўралы былай деп айтып өтеди:

**Лука 6:20–21:**
*Жарлы болғанлар, сизлер бахытлысызлар!*

*Себеби Қудайдың Патшалығы сизлердики.*
*Ҳәзир аш болып жүргенлер, сизлер бахытлысызлар!*
*Себеби тоқ боласызлар.*
*Ҳәзир жылап жүргенлер, сизлер бахытлысызлар!*
*Себеби қуўанып күлесизлер*

**Матта 5:3:** *Қудайға мүтәж екенлигин түсингенлер бахытлы! Аспан Патшалығы олардики!*

Солай етип, Хош Хабар китапларында жарлылар ким? [15]

Деген менен, көбинесе жарлылар Қудайға мүтәж екенлигин байлардан гөре көбирек түсинеди!

## Тутқынлар:



Ески Келисимде Қудайдың халқы гүна ислеўин ҳәм Қудайға қарсы бас көтериўин тоқтата алмағанын көрдик. Олар азат емес еди, олар ҳәр дайым гүнаның тутқынлары болған.

Солай етип, оларды ким «қамаққа» таслады? [16]

Бирақ Ийшая айтқан бул адам оларды шынында да азат қылады! Ол адам оларды шайтанның ҳәм гүнаның күшинен қутқарады!

## Соқырлар:

Юхан жазған Хош Хабардың 9-бабында Ийса көзи соқыр адамға шыпа береди. 39-аятта Ол не айтады? [17]

Солай етип, соқырлар ким? [18]

Олар өзлерин жақсы деп ойлайды. Ийса олардың гүнакар ҳәм Қудайға қарсы шығыўшылар екенлигин көрсетеди.

## Азап шеккенлер:

Азап шеккен деген сөздиң мәниси не? [19]

Залым патшаның қол астында кимлер азап шегип атыр? [20]

Биреў келип, азат қылмағанша, ҳәмме шайтанның ҳүкимдарлығы астында азап шегеди. Шайтан мийримсиз патша!

Жарлыларға ким керек? [21]

Гүнаның тутқынларына ким керек? [22]

Соқырларға ким керек? [23]

Азап шеккенлерге ким керек? [24]

21-аятта Ийса оларға не деди? [25]

Узақ күтилген Қутқарыўшы ҳәм Масийх келди!

Қудай Ибрайымға берген ўәдесин әмелге асырды!

Ийса — Қудай ўәде қылған Адам!

Ийса көп адамларға шыпа берди ҳәм бизлерге ким екенин көрсетиў ушын көп кәраматлар көрсетти.

Бирақ Ол бизлерге кәраматлардан гөре жақсырақ нәрсени бериў ушын келди. Ол бизлерди гүнадан, өлимнен ҳәм шайтаннан азат қылыў ушын келди!

Бул ең әжайып жаңалық еди!

Ийса не ушын келген еди? [26]

## Халық Оны қабыл қыла ма?



**Лука 4:28–30** оқың.

Адамлар Ийсаның айтқан ўазларына қандай мүнәсибетте болды? [27]

Дүнья Қудайдың Баласын сүйетуғынлар ҳәм Оны жек көретуғынлар болып, екиге бөлинген. Бизлер Ийсаны сүйгенимиз ушын, адамлар бизлерди жаман көрсе, ҳайран болмаўымыз керек.

Егер Ол Қудайдың ўәде еткен Қутқарыўшысы болса, онда Ол ҳәмме нәрсеге арзыйды, ҳәттеки, адамлар бизлерди сүймесе де!

### Ийса ким? Бүгин Ол ҳаққында нелерди билип алдық?

# Жуўаплар

1 – Масийх, Қудайдың Баласы.
2 – Қудайдың Баласы, Қудай Оны сүйди ҳәм Одан кеўли толды.
3 – Олар ҳәмме нәрсени таслап, Ийсаның изине ереди.
4 – Олар бул нәрсеге ҳайран қалды.
5 – Қудайдың Мухаддеси.
6 – Шайтан одан шығып кетти.
7 – Ол көп адамларға шыпа берди ҳәм көп жаўыз руўхларды қуўып шығарды.
8 – Олар Қутқарыўшы болған Масийхты күтип атырған еди.
9 – Ол шайтанды жеңеди.
10 – Ол барлық адамларды жарылқайды.
11 – Себеби олар Ийса ҳаққында ҳәм Ол ислеген кәраматлар туўралы көп еситкен еди.
12 – Ийса оларға Ийшаяның китабынан үзинди оқып берди (61-бап).
13 – Олар патша ямаса бас руўханий етип тайынланғанда.
14 – 1) Жарлылар,
2) тутқынлар,
3) соқырлар ҳәм
4) азап шеккенлер.
15 – Бул олардың ақшасы жоқ дегенди аңлатпайды — ал бул олардың Қудайға мүтәж екенлигин билетуғынын аңлатады. Олар кишипейил адамлар.
16 – Жаўыз руўх.
17 – Соқырлар көрсин, көретуғынлар соқыр болсын деп, Мен бул дүньяны ҳүким етиўге келдим.
18 – Бул Қудайдың кеширимине мүтәж екенлигин билмейтуғын адамларды аңлатады.
19 – Бул сизиң жаўыз патшаның қол астында азап шегип атырғаныңызды аңлатады.
20 – Ҳәр биримиз!
21 – Оларға ҳақыйқый байлықты беретуғын Биреў керек.
22 – Оларға шайтанның торынан азат қылатуғын Биреў керек.
23 – Оларға гүнакар екенлигин түсиниўи ушын, олардың көзлерин ашатуғын Биреў керек.
24 – Оларға жақсы патша керек.
25 – *Бүгин бул Мухаддес Жазыў сиз еситиўиңиз бойы әмелге асты.*
26 – Ол бизлерди гүнадан, өлимнен ҳәм шайтаннан азат етиў ушын келди!
27 – Халық Оған исенбеди. Олар Ийсаның айтқан сөзлерин қабыл қыла алмады. Олар Оны өлтирмекши болды!

29-Сабақ:

# Қорқынышлы қайғылы ўақыя жүз берди ме ямаса Қудайдың жобасы әмелге асты ма?



Ийсаның өлими қорқынышлы қайғылы ўақыя болды ма? Ол оғада көп жақсылық қылып атырған ўақытта, Оның өмири қысқарды!

Гей бир адамлар, Ол атанақ ағашта өлмеген, деп айтады. Олар: «Ийса тек ғана өлген сыяқлы болып көринди. Негизинде Оның орнында басқа биреў өлген еди ҳәм Қудай оны Ийсаға уқсатып қойған еди», — деп айтады. Бирақ бул бизлердиң Қудайдың минези ҳаққында билетуғын нәрселеримизге туўры келмейди. Ол адамларды алдамайды! Ийса Өзиниң орнында басқа биреўдиң өлиўине қарап туратуғын ба еди?

Гей бир адамлар Ийса атанақ ағаштан түсирилгенде, Ол шынында өлмеген ҳәм салқын қәбирде Өзине келген, деп айтады. Бирақ бизлер римлилердиң адамларды өлтириў бойынша жүдә уста болғанын билемиз. Олар өлимге ҳүким етилген адамның анық өлгенин билетуғын еди. Бир адам атанақ ағашқа қағылыў ушын өлимге ҳүким етилгенде, оның өлгени анық болатуғын еди. Өйткени ол атанақ ағашта және дем алыў ушын, өзин жоқарыға көтериўге урыныўын тоқтатады. Атанақ ағашқа шегелениў, ойлап табылғанлардың ишиндеги ең аяўсыз өлим жазасы еди!

**Юхан 19:34-аятты** оқың. Рим әскери Ийсаның ҳақыйқаттан да өлгенине исенимли болыў ушын не иследи? [1]

Ийсаның орнына басқа биреў өлген ҳәм Қудай оны Ийсаға уқсатқан, деп айтатуғын адамларға не айтыўымыз мүмкин? [2]

Ийса атанақ ағашта өлмеген ҳәм Ол қәбирде Өзине келген, деп айтатуғын адамларға не айтыўымыз мүмкин? [3]

# Ийса шәкиртлерине өлими туўралы айтып берди

Солай етип, бизлер Ийсаның Өзиниң қалай өлетуғынын анық билетуғыны туўралы оқыймыз.

**Лука 9:18–20** оқың.

Көп кәраматлар көрсетип, ҳеш кимде жоқ бийлик пенен тәлим бергеннен соң, Ийса шәкиртлерине сораў берди. Ийса оларға қандай сораў берди? (20-аят) [4]

Петр не деп жуўап берди? [5]

Сол ўақытта Яҳудия Рим империясының бир бөлеги еди. Ийсаның шәкиртлери Оның жаўыз римлилерден азат қылатуғын патша болыўын қәлейтуғын еди.

**Лука 9:21–22** оқың.

Ийса шәкиртлерине не деди? [6]

Бул қалай жүз бериўи мүмкин? Егер Ийса өлтирилетуғын болса, қалайынша Ол жеңимпаз патша болыўы мүмкин еди? Шәкиртлериниң бул нәрсени қабыл қылыўы сондай дәрежеде қыйын еди, Ийса оларға бул туўралы үш мәрте айтыўға мәжбүр болды (Лука 9:44–45 ҳәм 18:31–34).

Шәкиртлери Ийсаның Қудай Өз халқына жибериўди ўәде қылған Патша екенин түсинди. Бирақ олар Ийсаның қандай Патша болатуғынын түсинбеген еди. Олар ўәде етилген Патша азап шегиўи кереклигин түсинбеди.

Ески Келисимде Масийхтың өлими ҳаққындағы факт аз жазылған. Көплеген пайғамбаршылық сөзлерде Оның күши ҳәм Қудайдың халқына алып келетуғын қутқарылыўы ҳаққында айтылады.

Мысалы ушын **Забур 2:6–8.** Оқып шығың.

Қудай Өз Патшасына не береди? [7]

Бирақ Лука 9:21–22-аятларда Ийса Өзиниң не ушын келгени ҳаққында не айтады? [8]

Не ушын шәкиртлери Ийсаның өлтирилиўин түсиниўи қыйын еди? [9]

Бул нәрсе таң қаларлық дәрежеде еди!

# Ески Келисимдеги қурбанлықлар бизлерди Масийхтың өлимине таярлайды

Қурбанлық туўралы сабақ есиңизде ме? Қудайдың халқы не ушын қурбанлық келтириўи керек еди? [10]

**Еврейлер 10:1–4** оқың.

Ески Келисимде адамлар келтирген қурбанлықлар менен қандай машқала бар? [11]

Қурбанлықлардың пайдалы тәрепи не еди? (3-аят) [12]

Бизлерге гүналарымыздан пүткиллей ҳәм бир өмирликке тазалайтуғын қурбанлық керек.

# Ески Келисимдеги пайғамбаршылық сөзлер бизлерди Масийхтың өлимине таярлайды.

Ески Келисимдеги қайсы пайғамбаршылық бизлерди Масийхтың өлимине таярлайды? [13]

**Ийшая 53:5–6** оқың.

Ийсаның келиўинен жүз жыллар алдын, Қудай Ийшая арқалы не деди? [14]

**Забур 21:15–19** оқың.

Бул сизге нени еслетеди? [15]

Забур 21-бапта еле ҳеш ким ҳеш бир адам атанақ ағашқа шегеленбестен жүз жыллар бурын атанақ ағашты сүўретлеп береди. Енди бизлер бул Масийх ҳаққындағы пайғамбаршылық екенин билемиз.

Масийхтың өлими әўел бастан-ақ Қудайдың жобасы еди!

# Қудайдың әдил жобасы

**Римликлер 3:21–26** оқың.

Ийсаға исенгенлерге Қудайдың әдиллиги берилгенине не нәрсе гүўалық береди? **(21–22-аятларда)** [16]

Бизлер қалайынша қутқарылдық? **(23–25-аятларда)** [17]

Ийсаның қурбанлық өлими бизлердиң гүналарымыздың қунын өтеў ушын ҳәм кеширилиўимиз ушын жалғыз минсиз қурбанлық болды. Мәңгилик өмирге басқа жол жоқ!

**Римликлер 6:23** оқың.

Гүна қылыў арқалы бизлер не нәрсеге еристик? [18]

Бирақ Қудай бизлерге не береди? [19]

Бул дүнья жүзиндеги ең әжайып жаңалық!

### Солай етип, бизлер бүгин нелерди үйрендик?

### Ийса не ушын келген?

## Жуўаплар

1 – Ол найза менен Ийсаның денесин тести.
2 – Бул нәрсе Қудайдың минези туўралы билгенлеримизге туўры келмейди. Ол адамларды алдамайды! Ийса Өзиниң орнына басқа биреўдиң өлгенине қарап турар ма еди?
3 – Бизлер билемиз, римлилер адамларды өлтириў бойынша шебер болған. Олар адамның өлгенин я өлмегенин анық билетуғын еди. Бир адам атанақ ағашқа өлимге ҳүким етилгенде, оның өлгени анық болатуғын еди. Өйткени ол демсиз қалып, денеси ҳәрекет етиўден тоқтайтуғын еди.
4 – *Мени ким деп атайсыз?*
5 – Сен Масийхсаң! Сен Ески Келисимде Қудайдың жиберемен деп ўәде еткен Ийемизсең!
6 – Ол өлтириледи, бирақ үшинши күни қайта тириледи.
7 – Пүткил жер жүзи!
8 – Ийса өлип, қайта тирилиў ушын келгенин айтты.
9 – Егер Ийса өлтирилетуғын болса, Ол қалайынша жеңимпаз Патша болыўы мүмкин?
10 – Қудай мухаддес ҳәм Оған қарсы шыққанлардың ҳәммесин жазалаўы тийис. Егер надурыс ис қылсақ, гүна ислесек, онда бизлер Қудайға қарсы шыққан боламыз. Патшасына сатқынлық қылған адам өлимге ылайық болғаны сыяқлы, бизлер де гүналарымыз ушын өлимге ылайықпыз. Бирақ Ески Келисимде Қудай Өз мийрими менен Өз халқына гүналары кеширилиўи ушын қурбанлық бериў мүмкиншилигин берди. Гүналарымызды тек ғана қан қаплаўы мүмкин.
11 – Қудай алдында бизлерди пәклеў ушын қурбанлыққа ҳайўанлардың усынылыўы жетерли емес.
12 – Олар гүналарымыз ушын еслетпе болатуғын еди. Олар гүналары себепли адамлар өлимге ылайық екенин көрсетеди.
13 – Ийшая 53:5–6.
14 – Қудай Масийхтың бизлердиң гүналарымыз ушын қурбанлық болып өлетуғынын айтты. Ол бизлердиң барлық гүналарымызды алып таслайды!
15 – Ийсаның атанақ ағашта шегелениўи.
16 – Нызам ҳәм Пайғамбарлар.
17 – Ийсаның қурбанлығы арқалы.
18 – Өлим.
19 – Мәңгилик өмир!

30-Сабақ:

# Ийсаның қайта тирилиўи ҳәм аспанға алыныўы



**Лука 24:1–12-аятты** оқың.

Шәкиртлер ҳәм ҳаяллар Ийсаның қайта тирилиўине үмит етпеген, Оның тирилиўин күтпеген еди!

Не ушын ҳаяллар қәбирге барды? [1]

Оларды не нәрсе таң қалдырды? [2]

Периштелер ҳаялларға не деди? (5–7-аятларда) [3]

Масийх өз шәкиртлери менен Ерусалимге баратырғанда, Ийса оларға атанақ ағашта өлтирилетуғынын, бирақ үш күнннен соң қайта тирилетуғынын айтып берди (Лука 9:22). Бул оларды таң қалдырмаўы керек еди!

## Ийсаның өлимнен қайта тирилгенине қалайынша исенимли болыўымыз мүмкин?

- Егер өли дене урланған болса, онда урылар өлиге оралған зығыр кепинди таслап кетпей, оны алып кеткен болар еди. (Лука 24:12)
- Рим ҳүкимдарлары ҳәм яҳудий ҳүкимдарлары Ийсаның тирилмегенин дәлиллеў ушын, Оның өлигин көрсеткен болар еди, бирақ оны таба алмады.
- 40 күн даўамында Ийса көп адамларға көринди. Көп гүўалар бар еди! (1 Коринфлилерге 15:3–8)

Қандай үш жол менен Ийсаның тирилгенине исенимли болыўымыз мүмкин? [4]

1.

2.

3.

**Лука 24:36–43** ҳәм **Юхан 20:24–28** оқың.

Ийса елеге дейин физикалық денеси бар екенин көрсетиў ушын, не иследи? [5]

Ийсаның енди басқаша болғанлығын не көрсетеди? [6]

Қайсы тәрептен Ийсаның денеси тирилгеннен кейин өзгермеген ҳәм оның айырмашылығы қандай? [7]

## Ийсаның қайта тирилиўи бизлерге нени көрсетеди?

1. **Ийса өлимди жеңди!** Ол өлди ҳәм тирилди.

   *Ийса өлимди жоқ қылды!* (2 Тимофей 1:10)

2. **Ийса шайтанды жеңди!** Ол адамларды шайтанның қуллығынан азат қыла алады!

   *Ол руўхый ҳәкимлер менен бийлеўшилерди қуралсызландырды.* (Колосалылар 2:15)

3. **Ийса бизлердиң гүналарымыз ушын қун төледи ҳәм Қудай буны қабыллады!**

   *Масийх пенен қатнаста болған бизлер Оның қаны арқалы құтқарылдық ҳәм Қудайдың бай мийрими бойынша гүналарымыз кеширилди.* (Ефеслилер 1:7)

4. **Ийса Өзине исенгенлерге мәңгилик өмир береди!**

   *Себеби, Қудай бул дүньяны соншелли сүйгенликтен, Өзиниң жалғыз Улын берди. Оның Улына исенген ҳәр бир адам набыт болмай, мәңгилик өмирге ийе болады.* (Юхан 3:16)

Бул ең әжайып жаңалық!

Ийсаның тирилиўи бизлерге қандай 4 нәрсени көрсетеди? [8]

1.

2.

3.

4.

# Ийсаның аспанға алыныўы!

**Елшилер 1:1–11-аятларды** оқың.

Ийса тирилгеннен кейин 40 күн даўамында не иследи 3-аятта? [9]

Ийса шәкиртлерине нени ўәде етти 5-аятта? [10]

Соннан кейинги олардың ўазыйпасы не болады 8-аятта? [11]

Усыдан кейин Ийсаға не болды 9-аятта? [12]

Перište 11-аятта шәкиртлерине не дейди? [13]

Ийса қайтып келеди!

## Ийсаның аспанға көтерилиўи бизлерге нени көрсетеди?

Ийсаның аспанға көтерилиўи бизлерге 4 нәрсени көрсетеди:

**1. Қудай Ийсаны ең жоқарғы орынға көтерди.**

> *Сонлықтан да, Қудай Оны ең бийик мәртебеге еристирди ҳәм Оған барлық атлардан жоқары туратуғын атты берди. Солай етип, Ийсаның аты аталғанда аспандағылардың, жердегилердиң ҳәм жердиң астындағылардың барлығы дизе бүгип, Қудай Әкениң уллыланыўы ушын, ҳәр бир тил Ийса Масийхты Ийемиз деп ашық мойынлайды.* (Филиплилер 2:9–11)

**2. Ийса дүньяны ҳүким етиў ушын жақында қайтып келеди.**

> Бизлер ҳәммеден гөре көбирек Ийсадан қорқыўымыз керек!
>
> *Қудайдың алдында ҳәм тирилер менен өлилерди ҳүким ететуғын Масийх Ийсаның алдында Оның қайта келиўи ҳәм Патшалығы ҳақы қатаң буйыраман.* (2 Тимофей 4:1)

**3. Ҳәзирги ўақытта Ийса бизлер ушын тәўеллешилик етпекте**

*Ким бизлерди ҳүким ете алады? Хеш ким! Себеби өлип, өлимнен қайта тирилген Масийх Ийса Қудайдың оң жағында болып, бизлер ушын тәўеллешилик етпекте.* (Римлилер 8:34)

Ол Қудай Әкеге былай деп айтады: «(сизиң атыңыз) — Сениң әзийз перзентиң. Оның бул гүнасын кешир. Мениң қаным оны қаплады. Бизлер оны Мухаддес Руўх пенен толтырамыз, ол бул гүнаны тоқтата алады ҳәм өз өмиринде Саған даңқ алып келе алады».

**4. Өлимнен кейин де, бизлердиң денемиз болады.**

**1 Коринфлилер 15:35–46-аятларды** оқың.

Өлимнен соң бизлердиң денемиз болады, бирақ ол ҳәзирги денемизден қандай қайырмашылығы болады? [14]

Бизлер минсиз руўхый денемизде мәңги жасаймыз!

Ийсаның аспанға алыныўы бизлерге нени көрсетеди? [15]

1.

2.

3.

4.

Ийса бизлерге Қудайдың алдына кириўимизге мүмкиншилик жаратты, ҳәзирги ўақытта исеним арқалы, ал келешекте ҳақыйқый түрде киремиз!

Ийсаның қайта тирилиўи ҳәм аспанға алыныўы дүньядағы ең әжайып жаңалық! Сиз бул ҳаққында ким менен бөлисе аласыз?

## Бүгин нени үйрендиңиз?

# Жуўаплар

1 – Ҳаяллар Ийсаның денесин хош ийисли май менен майлаў ушын барды.
2 – Қәбир бос еди!
3 – *Тирини өлилердиң арасынан неге излейсизлер? Ол бул жерде жоқ, Ол қайта тирилди! Галилада болғанында, Оның сизлерге не айтқанын еслериңизге түсириңлер. Ол сизлерге: «Адам Улы гүнакар адамлардың қолына услап бериледи, атанақ ағашқа шегеленеди ҳәм үшинши күни қайта тириледи», — деген еди.*
4 – 1) Егер өли дене урланған болса, онда урылар өлиге оралған зығыр кепинди таслап кетпей, оны алып кеткен болар еди.
2) Рим ҳүкимдарлары ҳәм яҳудий ҳүкимдарлары Ийсаның тирилмегенин дәлиллеў ушын, Оның өлигин көрсеткен болар еди, бирақ оны таба алмады.
3) 40 күн даўамында Ийса көп адамларға көринди. Көп гүўалар бар еди!
5 – Ийса қолларындағы ҳәм бүйириндеги жарақатты көрсетти ҳәм Ол бираз балық жеди.
6 – Ол есикти ашпастан пайда болды ҳәм кейин жоқ болып кетти!
7 – Ол аўқат жей алды, бирақ жылдам келип-кете алатуғын еди.
8 – 1) Ийса өлимди жеңди! Ол өлди ҳәм қайта тирилди.
2) Ийса шайтанды жеңди!
3) Ийса бизиң гүналарымыз ушын қун төледи ҳәм Қудай оны қабыллады!
4) Ийса Өзине исенгенлерге мәңгилик өмир береди!
9 – Ийса изине ериўшилерге көринди ҳәм Өзиниң тири екенлиги ҳаққында исенимли көп дәлиллерди көрсетти.
10 – Олар Мухаддес Руўхқа шомылдырылады.
11 – Олар пүткил дүнья бойлап Ийсаның гүўалары болады.
12 – Ол аспанға көтерилди.
13 – *Сизлерден аспанға алынған бул Ийсаның қалай көтерилгенин көргениңиздей, Ол анық солай қайтып келеди.*
14 – Олар мәңги болады, оларда ҳеш қандай машқала болмайды, олар гөззал ҳәм әжайып болады. Бизлер Қудай менен үзликсиз қатнаста боламыз!
15 – 1) Қудай Ийсаны ең жоқарғы орынға көтерди.
2) Ийса тез арада дүньяны ҳүким етиў ушын қайтып келеди.
3) Бул арада (соған дейин) Ийса бизлер ушын тәўеллешилик қылады.
4) Өлимнен кейин бизлер денеде боламыз, ал денелеримиз минсиз болады.

# 31-Сабақ:
# Мухаддес Руўх



## Бизлер Ески Келисимнен Мухаддес Руўх ҳаққында нени билемиз?

1. Бизлер Ески Келисимниң қай жеринде ең биринши рет Мухаддес Руўх ҳаққында оқыймыз? [1]

Мухаддес Руўх әўел бастан-ақ ҳәрекетте еди!

2. Ески Келисимде Мухаддес Руўх арнаўлы себеплерге гөре арнаўлы адамларға келип түскен.

**1 Патшалар 16:13-аятта** Ол кимге келип түскен? [2]

3. Қудай Өзиниң сөзлерин халқына жеткизиў ушын Мухаддес Руўхты пайғамбарларға да берди.

**2 Петр 1:20—21** оқың. Пайғамбарлар Қудайдың сөзин қалай жеткизген? [3]

4. Бирақ Қудай Өз халқының ҳәммеси Мухаддес Руўхты қабыл ететуғын ўақытты ўәде еткен.

Иоел пайғамбардың сөзлери бойынша **Иоел 2:28-аятта** ол қандай көриниске ийе болған? [4]

Ески Келисимде Мухаддес Руўх ҳаққында нени билип аламыз? [5]

1.

2.

3.

4.

# Жаңа Келисимде Мухаддес Руўх ҳаққында нени билип аламыз?

**Елшилер 1:8:** Мухаддес Руўх шәкиртлерге қандай күш берди? [6]

Олар Ийса ҳаққында ҳәммеге айтып бериўи керек!

**Елшилер 2:1—24:** Олар Мухаддес Руўхты қабыл еткенде не жүз берди? [7]

**Елшилер 2:41:** Сол күни қанша адам Ийсаға исенди? [8]

Бул зүрәәт байрамы еди, Елиўинши күни байрамы, яғный Пасха байрамынан кейин елиўинши күн еди. Бул Қутқарылыў асы ямаса Естер байрамынан соң елиўинши күн еди. Базы жәмәәтлер өзлерин «Пентакост», яғный «Елиўинши күн» деп атайды, өйткени сол күни Қудай Өз исин қылған.

**Елшилер 2:38:** Мухаддес Руўхтың сыйын ким алады? [9]

Мухаддес Руўх барлық исениўшилерде жасайды. Сизлер Мухаддес Руўхсыз исениўши бола алмайсыз! (Ефеслилер 1:13)

# Мухаддес Руўх не ислейди?

**Римлилер 8:16-аятта** Мухаддес Руўх не ислейди? [10]

**Римлилер 8:26-аятта** Мухаддес Руўх не ислейди? [11]

**Галатиялылар 5:22—23-аятта** Мухаддес Руўх не ислейди? [12]

**Елшилер 1:8-аятта** Мухаддес Руўх не ислейди? [13]

**1 Коринфлилер 12:7—11-аятта** Мухаддес Руўх не ислейди? [14]

**1 Коринфлилер 12:13-аятта** Мухаддес Руўх не ислейди? [15]

Мухаддес Руўх бизлерге бөлиниў емес, ал бирлик алып келеди. Қудай соңғы жылларда көп исениўшилердиң Мухаддес Руўхтың исин түсиниў бойынша екиге бөлинетуғынынан қапа.

Басқа исениўшилерди жақсы көрмесек, Мухаддес Руўхтың бизлердиң өмиримизде жумыс ислеўине жол qоймай атырғанымызды көрсетеди.

## *Қосымша пикир*

**1 Коринфлилер 14:1—3:** Павел бизлерге бәринен де көбирек қандай сыйды алыўға тырысыўымыз керек екенин айтады? [16]

Бул сый неге уқсайды? (3-аят) [17]

Ҳәр биримиздиң ең әҳмийетли ўазыйпамыз — бул бир-биримизди жигерлендириў, қоллап-қуўатлаў ҳәм жубаныш бериў!

Солай етип, бизлер Мухаддес Руўхтың ислери ҳаққында нелерди билип алдық? [18]

1.

2.

3.

4.

5.

6.

# Мухаддес Руўхқа толы адамның өмири қандай болады?

**Галатиялылар 5:22—23-аятты** оқың.

Мухаддес Руўхқа толы адамның өмири қандай көриниске ийе? [19]

Бизиң өмиримиз сондай көринисте ме? Егер ондай болмаса бизлер не ислеўимиз керек? (**Лука 11:13** оқың.) [20]

**Ефеслилер 4:30:** Мухаддес Руўхты қалай қапа қылыўымыз мүмкин? Мысаллар келтириң [21]

# Өсек

Өсек биз ушын үлкен машқала. Өсек биреўдиң абырайына ҳәм жәмәәтке зыян тийгизиўи мүмкин. Бәлким, басқалар оны өсек қылғаны ушын, жәмәәтке барыўды тоқтатқан адамларды билетуғын шығарсыз. Өсек айтпаў ушын бир-биримизге қалай жәрдем бере аламыз? Егер бир адам өсек айтып басласа, онда бизлер оған не деп айта аламыз? [22]



Бизлер Мухаддес Руўхты ыразы қылыўымыз керек, ал Оны қапа қылмаўымыз тийис!

Ҳәр күни Қудайдан Мухаддес Руўхқа толтырыўын сораўымыз керек, сонда бизлер Ийсаның нуры бола аламыз, сонда ғана әтирапымыздағы ҳәмме ушын жарылқаў бола аламыз!



## Бүгин нени үйрендиңиз?

# Жуўаплар

1 – Жаратылыс 1:2.
2 – Даўыт.
3 – Пайғамбарлар Мухаддес Руўх тәрепинен басқарылып, Қудайдың сөзин сөйледи.
4 – *Ул ҳәм қызларыңыз пайғамбаршылық қылады, Қартайған адамларыңыз түслер, Жасларыңыз аянлар көреди.*
5 – 1) Мухаддес Руўх әўел бастан-ақ ҳәрекет етти!
2) Ески Келисимде Мухаддес Руўх арнаўлы адамларға айрықша себеплерге гөре келди.
3) Қудай Өзиниң сөзлерин халқына жеткизиў ушын, Мухаддес Руўхты пайғамбарларға да берди.
4) Бирақ Қудай Өз халқының ҳәммеси Мухаддес Руўхты қабыл ететуғын ўақытты ўәде еткен.
6 – Тек ғана Ерусалимде емес, ал пүткил дүньяның шетине дейин Ийсаның гүўалары болыўға.
7 – Қудай қорқынышқа толған шәкиртлеринен батыр гүўаларға айландырды. Сол күни олар Ерусалимге барған ҳәр бир адамға, олардың тиллеринде Хош Хабарды түсиникли етип жеткизе алды.
8 – Үш мың адам!
9 – Ҳәмме исениўшилер — тәўбе еткен ҳәм суўға шомылдырылғанлардың ҳәммеси.
10 – Мухаддес Руўх бизлердиң Қудайға тийисли екенимизди ҳәм Оның балалары екенимизди тастыйықлайды.
11 – Мухаддес Руўх бизлерге дуўа етиўимизге жәрдем береди.
12 – Мухаддес Руўх жүрегимизди ҳәм минезимизди өзгертип, бизлерди Ийсаға уқсатып барады.
13 – Мухаддес Руўх бизлерге Ийса ҳаққында ҳәммеге айтып бериў ушын күш береди.
14 – Мухаддес Руўх жәмәәтте бир-биримизге хызмет етиўимиз ушын, ҳәр биримизге сыйлар береди.
15 – Мухаддес Руўх бизлерди бирлестиреди.
16 – Пайғамбаршылық сыйы.
17 – Бизлер адамлар менен жигерлендириў, қоллап-қуўатлаў ҳәм жубаныш бериў ушын сөйлесемиз.
18 – 1) Мухаддес Руўх бизлердиң Қудайға тийисли екенимизди ҳәм Оның балалары екенимизди тастыйықлайды.
2) Мухаддес Руўх бизлерге дуўа етиўге жәрдем береди.
3) Мухаддес Руўх жүрегимизди ҳәм минезимизди өзгертип, бизлерди Ийсаға уқсатып барады.
4) Мухаддес Руўх Ийса ҳаққында ҳәммеге гүўалық бериўимиз ушын күш береди.
5) Мухаддес Руўх жәмәәтте бир-биримизге хызмет етиўимиз ушын, ҳәммеге сыйларын береди.
6) Мухаддес Руўх бизлерди бирлестиреди.
19 – Бул инсан сүйиспеншиликке, қуўанышқа, тынышлыққа, сабыр-тақатқа, мийримлиликке, садықлыққа, мүләйимликке ҳәм өзин тутып билиўге толы.
20 – Бизлер Қудайдан Мухаддес Руўх бериўин сораўымыз керек.
21 – Мысаллар мынадан ибарат: Бизлер жаман сөзлер сөйлесек, жаман ис қылсақ, жалған сөйлесек, жаман нәрселерди айтсақ, өсек сөйлесек ҳәм интернеттеги жаман нәрселерди көрсек.
22 – Қапа болмаң, бирақ мен өсек сөз тыңлағым келмейди. Егер сол адам усы жерде болған ўақытта айтпайтуғын болсаңыз, маған ол жоқ гезде ҳеш нәрсе айтпаң. Егер мен өсекти тыңламасам, онда бул ҳаққында ҳеш кимге жеткере алмайман!

# 32-Сабақ:
# Жәмәәт



## Жәмәәт қай тәризде басланған?

**Елшилер 2:36–41-аятларды** оқың. (Олар Мухаддес Руўхты қабыл еткеннен кейин, Петрдиң ўазының ақырғы сөзлери.)

Ески Келисимде Қудай ўәде еткен Масийхты олар не қылған еди? **(36-аят)** [1]

Олар буны еситкен ўақытта, қандай жағдайға түсти? **(37-аят)** [2]

Петр оларға қандай еки нәрсени ислеў кереклиги ҳаққында айтқан еди? **(38-аят)** [3]

1.

2.

«Тәубе етиў» нени аңлатады? [4]

«Суўға шомылдырылыў» нени аңлатады? [5]

Бул, соның менен бирге, бизлердиң Ийсаға ерип атырғанымызды ҳәм исениўшилердиң шаңарағына, яғный жәмәәтке қосылып атырғанымызды көрсетеди.

Суўға шомылдырылыў ушын үлкен мәртлик керек, әсиресе шаңарақ ағзаларымыз ҳәм досларымыз қарсы болса.

Мухаддес Руўхты ким қабыл етеди? **(38–39-аятлар)** [6]

## Жәмәәттиң өсиўи

**Елшилер 1:15:** Усы күнге шекем ол жерде қанша исениўшилер бар еди? [7]

**Елшилер 2:40—41:** Сол күнниң басында қорқынышқа түскен азғантай ғана бир топар шәкиртлер еди. Ал сол күнниң ақырында қанша адамлар исенимге келди? [8]

Бул жәмәәттиң басланыўы еди!

# Жәмәәт не ислейди?

**Елшилер 2:42—47-аятларды** оқың.

Жәмәәт бул имарат емес, ал шаңарақ!

Жәмәәттиң пайда болыўы бул айрықша ўақытлар еди. Ҳәр күни ушыраса алмасақта, бизлер бир шаңарақпыз. Ийса изинен ериўшилердиң жасырын түрде ериўин қәлемейди. Бизлер бир-биримизге мүтәжбиз. Сонлықтан бизлер биргеликте жыйналыўымыз керек.

**42-аятта** исениўшилер қандай 4 нәрсени ислеген еди? [9]

1.

2.

3.

4.

«Өзимизди Елшилердиң тәлиматына бағышлаў» деп айтылған сөз, бизлер ушын нени аңлатады? [10]

Сиз ҳәр күни Қудайдың сөзин оқыйсыз ба? Қудай ҳаққында илажы барынша көбирек үйрениўди қәлейсиз бе?

«Бир-бири менен қарым-қатнаста болыў» — биз ушын нени аңлатады? [11]

Сиз буны қалай ислеўиңиз мүмкин?

Не ушын олар «өзлерин биргеликте нан сындырыў кешесине бағышлады»? [12]

Исениўшилер ушын Ийсаның соңғы кешесин бирге бөлисиўи жүдә әҳмийетли.

Бизлердиң ҳәр дайым дуўада екенимизди адамлар тастыйықлай ма?

Қудайдың басқа адамларды Өз Патшалығына алып келиўи ушын, бизлер дуўа етип атырмыз ба?

## Шақырық



Сиз ҳәр күни телефонда неше минут яки неше саат ўақтыңызды сарплайсыз? Сиз күнине неше минут яки саатты дуўа етиўге ҳәм Мухаддес Китапты оқыўға сарплайсыз? Қайсы бири әҳмийетлирек?

## Ийсаның аты менен дуўа етиў не мәнини аңлатады?



Бул гүналарымыз бизлерди Қудайдан айырып қоятуғынын тән алыўымызды аңлатады. Бизлер өзлигимизден Әке Қудайдың алдында турыўға ҳуқықымыз жоқ. Бирақ Ийса атанақта төгилген қаны арқалы бизлерди кеширгени ушын, бизлер Қудайдың алдында тура аламыз. Сонлықтан, енди Қудай ҳақларды еситкени сыяқлы, бизлердиң де дуўамызды еситеди.

Бул ең әжайып үстинлик!

Ийсаның аты менен дуўа етиў — бул бизлердиң Оның еркине бойсыныўымызды да билдиреди.

**44—45-аятларда:** Исениўшилер не ислеген еди? [13]

(Бул ҳаққында 1 минут ишинде сөйлесемиз.)

**46—47-аятларда:** Исениўшилер және не ислеген еди? [14]

Қудайды алғыслаған ўақтымызда, бул Қудайды да, бизлерди де қуўандырады!

Қанша ўақытта көп адамлар исениўши болды? [15]

Қудай бизлердиң жәмәәтимизде де усыны әмелге асырсын!

Бул әжайып күнлер еди!

# Жәмәәтимизде бизлер бир-биримизге қалайынша бағышланған (садық) болыўымыз мүмкин?

Жәмәәтимизде бир-биримизге қалай сүйиспеншилик көрсетиўимиз мүмкинлиги ҳаққында қандай пикирлериңиз бар? Кеминде 7 жуўап табың (айтың)! [16]

1.

2.

3.

4.

5.

6.

7.

Жәмәәт жетекшилери сизлерге дуўа етиўи ушын, өз тәшиўишлериңиз бенен бөлисиўге тартынбаң. Бул олар ушын жигерлениў болады: бул сизиң оларға болған исенимиңизди көрсетеди ҳәм Қудай олардың дуўаларына қалай жуўап бергенин көрип, қуўанышқа толады. Және де, олар ўазлар арқалы жәмәәтке еле де жақсы тәлим бере алады.

Қудай ҳәр күни жәмәәтимизде исениўшилердиң санын көбейте берсин!

## Шақырық

Жаңа Келисимде оқығанымызда, тез арада жәмәәтлерде машқалалар пайда бола баслағанын көремиз. Минсиз жәмәәт жоқ! Жаңа Ерусалимге бараман дегенше, минсиз жәмәәт болмайды!

Бирақ келиңлер адамлар Қудайды көбирек өмиримизде көриўи ҳәм сөзлеримиз арқалы Ийсаның ким екенин билип алыўы ушын қолымыздан келгенин ислейик!

## *Қосымша:* Ақша



Ақша жәмәәт ағзалары арасында көп машқалалар келтирип шығарыўы мүмкин! Келиңлер, Павелдиң ақша ҳаққында не айтқанын көрип шығайық.

- **1 Тимофей 6:10-аятта** Павел ақша ҳаққында не деген? [17]

  Егер бизлер ақшаны Қудайдан да көбирек сүйсек не болады? [18]

- **1 Коринфлилер 16:2-аятта** Павел ақша ҳаққында не айтқан еди? [19]

  Павел оларды қандай әдетлерди қылыўға шақырған? [20]

- **2 Салоника 3:10-аятта** Павел ақша туўралы не деген еди? [21]

  Буның мәниси не? [22]

- **Рим 13:8-аятта** Павел ақша ҳаққында не деген еди? [23]

  Бул бизлер ушын нени аңлатады? [24]

Ўақтында қайтарылмаған қарыз дослықты ҳәм жәмәәтти бузады.

Бизлер Павелден ақша ҳаққында нелерди үйренемиз? [25]

1.

2.

3.

4.

Сиз тек ғана ўақтында қайтара алатуғын болсаңыз қарыз алып турың. Егер сиз ақшалай жәрдемге мүтәж болсаңыз, бул ҳаққында шопаныңыз бенен сөйлесиң. Ақша машқалалары уялатуғын нәрсе емес. Дослығымызды ҳәм жәмәәтимизди бузыў — бул уят ис есапланады.

Бизлер басқаларға жақсылық қылыўымыз керек. Басқа адамларды алдаў гүна болады.

## Өзиңизди тексерип көриң, ақшаға деген қатнасыңыз қандай, өзгертетуғын нәрселер бар ма?

# Жуўаплар

1 – Олар Оны атанақ ағашта өлтирди.
2 – Олар жүдә қапа болды.
3 – 1) Тәўбе етиң ҳәм
2) Суўға шомылдырылың.
4 – Олар Қудайға бойсынбағанлығы ушын өкиниште екенлигин айтыўы керек. Олар Қудай жиберген Масийхтың изинен жүрип баслаўы керек.
5 – Бизлердиң барлық гүналарымызды жуўып атырған Ийсаның сүўретлемеси. Бизлер өзимиз ушын өлдик ҳәм енди Ийса ушын жасап атырмыз.
6 – Қудай шақырып атырған ҳәммеге. Тәўбе еткен ҳәм суўға шомылдырылған барлық исениўшилер.
7 – 120.
8 – Шама менен 3,000 адам!
9 – 1) Олар өзлерин елшилердиң тәлиматына бағышлады.
2) Олар өзлерин қарым-қатнасқа бағышлады.
3) Олар өзлерин нан сындырыў кешесине бағышлады.
4) Олар өзлерин дуўа етиўге бағышлады.
10 – Бизлер оқыймыз, ой жуўыртамыз, талқылаймыз ҳәм Қудайдың сөзлеринен үйренгенлеримиз ҳаққында дуўа етемиз. Бизлер буны өзлеримиз, және де басқа исениўшилер менен биргеликте қылыўымыз керек.
11 – Бизлер бир-биримизди сүйемиз ҳәм ғамхорлық қыламыз. Биргеликте ушырасыў өткеремиз.
12 – Олар Ийсаның өлими арқалы кеширилгени ҳаққында еслеп жүретуғын болған.
13 – Олар жүдә сақый және, садық еди.
14 – Олар Қудайды алғыслады.
15 – Ҳәр күни!
16 – Мысаллар:
1) Жәмәәттен басқаларға қоңыраў етиң.
2) Хабар жибериң.
3) Мүмкиншилиги болғанда ушырасамыз.
4) Ҳәр ҳәптеде Ибадатханаға келиң. Басқалар сизди Ибадатханада көрип, жигерленеди!
5) Бир-бириңизге жәрдем бериўге тайын болың, мысалы, егер биреў аўырып қалса ямаса балалы болса.
6) Басқалар ушын дуўа етиң.
7) Мухаддес Китап сабақларынан үйренгенлериңизди басқалар менен бөлисиң. Бизлер Қудайдың сөзинен қанша көп үйренсек, Қудай бизлерден басқаларға жарылқаў болыў ушын соншелли көп пайдалана алады!
17 – Ақшаға болған сүйиспеншилик барлық жаўызлықлардың тамыры.
18 – Бизлер ақшамызды Қудайды қуўандырыў ушын емес, ал өзимизди бахытлы етиў ушын сарплаймыз.
19 – *Ҳәр ҳәптениң биринши күнинде, ҳәр бириңиз өз табысыңызға туўры келетуғын дәрежеде ақша ажыратың.*
20 – Үзликсиз, қолыңыздан келгенше ақшаны бир шетке алып койың, сонда сиз ақша бериўге тайын бола аласыз.
21 – *Ким жумыс ислеўди қәлемесе аўқатланбасын!*
22 – Ериншек, мийнет ислеўди қәлемейтуғын адамға ақша бермең!
23 – *Хеш кимге қарыздар болмаңлар. Хеш қашан толық өтеп болмайтуғын қарыз болған, бир-биреўди сүйиўди тоқтатпаңлар, себеби өз туўысқанын сүйген адам Нызамды орынлаған болады.*
24 – Бизлер қарызларымызды мүмкиншилиги болғанынша тезирек төлеўимиз керек!
25 – 1) Оның бизлерге берген ақшасын дурыс пайдалана алыўымыз ушын, Қудайдың даналығына мүтәжбиз.
2) Сақый болыўға таяр турың.
3) Бизлер басқаларды бийкаршылыққа, жумыс ислемеўге шақырмаймыз.
4) Дослық ҳәм жәмәәт бузылмаўы ушын қарызларды тезирек төлең.

33-Сабақ:

# Басқаларға Хош Хабар айтыў!



## Барлық миллетлер

**Жаратылыс 12:1—7-аятларда** Қудай Ибрайымға нени ўәде еткен? [1]

Ал енди арадан 2,000 жыл өтип, Қудай Өз ўәделерин қалайынша әмелге асырғанын көрип атырмыз!

Бизлер Ески Келисимде Қудай ўәде еткен Масийхты қалай жибергенин көрдик. Енди барлық халықлардың Масийх ҳаққында еситетуғын ҳәм қутқарылатуғын ўақты келди.

**Матта 28:18—20-аятларда** Ийса шәкиртлерине не деди? [2]

**Елшилер 1:8** оқың. Шәкиртлер барлық халықлардан қалайынша шәкиртлер арттырыўы мүмкин? [3]

Бул ис еле ақырына жетпеди — Ийса Масийх туўралы еситпеген адамлар ҳәзирге шекем бар. Өз тиллеринде жазылған Мухаддес Китаплары ҳәм өз тилинде сөйлесетуғын исениўшилер болмаған халықлар да бар, мысалы ушын, Дагистанда (Каспий теңизи бойындағы) , ол жерде 40 тан аслам тиллерде сөйлесетуғын халықлар бар!

Барлық халықларға Ийса туўралы еситтириў — бул бизлердиң ўазыйпамыз!

Елшилер китабында бул жағдай қалай басланғанын көремиз.

## Ерусалимде

Ийса шәкиртлерине қайсы жерлерде Оның гүўалары болыўы кереклигин айтқан? **(Елшилер 1:8)** [4]

Келиңлер, сол ҳәр түрли жерлер ҳаққында ойлап көрейик.

## 1. Ерусалимде

Елшилер китабында Ийсаның 12 шәкирти «Елшилер» деп аталған.

Яҳуда Исқариот Ийсаға сатқынлық қылып, өзин өлтиргеннен соң, басқа елшилер оның орнына кимди елши етип тайынлады? **(Елшилер 1:26)** [5]

Ең дәслепки жәмәәттиң биринши жетекшилери бар-жоғы 12 елши еди.

Кейин ала ким елши болды? **(1 Коринфлилер 1:1)** [6]

**Елшилер 6:7:** Олар дәслеп қай жерде ўаз айтқан? [7]

Бирақ Яҳудия ҳәкимлери ҳәм Яҳудий патшасы елшилерге қарсы шықты.

**5:17—20-аятларда** олар не иследи? [8]

**7:59—60-аятларда** олар не иследи? [9]

**5:41—42-аятларда** елшилер не ислеген? [10]

Көп адамлар Ийса Масийхқа исенди!

## 2. Яҳудия және Самария бойлап

**8:2—5:** Күшли қуўдалаў болған ўақытта не жүз берди? [11]

Картаға қараң. Самария Ерусалимниң арқа тәрепинде жайласқан қала.




## 3. Пүткил дунья

**10-бапты** оқың.

Қудай Петрге нени үйреткен? [12]

Биринши исениўшилер Хош Хабардың яҳудий емеслерге де қаратылғанлығын билген, бул ең әҳмийетли ўақыт еди!

**Елшилер 11:19—21:** Исениўшилер қай жерге барған? [13]

Картаға қараң.




Финикия — бүгинги күнде Ливан.

Кипр бүгинги күнде Түркияның қубла тәрепинде жайласқан үлкен атаў.

Антиохия Түркияның қубла-шығыс тәрепинде жайласқан болып, бүгинги күнде Антакия деп аталады.

Көп яҳудийлер және греклер Ийсаға исенди!

# Саяхаттың даўамы




**Елшилер китабының 13-баптан 20-бапқа** дейинги бөлиминде Павелдиң, және басқа да исениўшилердиң ҳәзирги Түркия ҳәм Греция бойлап саяхат қылғаны ҳәм сол ўақытлары ашылған көплеген жәмәәтлер туўралы оқыймыз. Кейинирек Павел өзи ашқан жәмәәтлерге барып, хызмет етеди.

Елшилер китабында барлық халықлардың Ийса туўралы еситиўи қалай басланғанын көремиз.

8:26–40-аятларда, биринши эфиопиялы ўәзир қалай исениўши болғаны туўралы оқыймыз.

Бул исти қалайынша даўам еттириўимиз мүмкин?

Бурын улыўма еситпеген адамларға Хош Хабарды қалайынша бөлиссек болады?

Елшилер китабында басланған ўазыйпаны қалай даўам еттириўиңиз мүмкинлиги туўралы қандай пикириңиз бар? [14]

### Бул ўазыйпаны даўам еттириў мақсетинде бир-бириңиз ушын дуўа етиң!

# Жуўаплар

1 – Қудай оннан уллы халық шығарыўға, оған жер бериўге, және ол арқалы жер жүзиндеги барлық халықларды жарылқайтуғынын айтып, ўәде берди.
2 – Сонлықтан да барып, барлық халықларды Маған шәкирт қылыңлар: оларды Әкениң, Улдың ҳәм Мухаддес Руўхтың аты менен шомылдырып, Мениң сизлерге буйырғанларымның ҳәммесин орынлаўды оларға үйретиңлер.
3 – Мухаддес Руўх сол исти орынлаўға оларға күш береди.
4 – Ерусалимде, пүткил Яҳудияда, Самарияда, ҳәтте, дүньяның шетине дейин Мениң гүўаларым боласызлар, — деди.
5 – Матияс.
6 – Павел.
7 – Ерусалимде.
8 – Олардың бир нешесин қамаққа таслады.
9 – Олар Степанды өлтирди.
10 – Олар Ийса ҳаққында ўаз айтыўды даўам еттирди!
11 – Көп исениўшилер Ерусалимнен қашып кетти. Олар Ерусалимниң арқа тәреплерине, яғный пүткил Яҳудия ҳәм Самария бойлап тарқап кетти.
12 – Дәслеп олар Ийса ҳаққында тек яҳудийлер менен сөйлескен, бирақ енди олар басқа халықларға (яҳудийлер оларды ғайрыяҳудий деп атаған) түсиндириўи керек еди. Сол халықлар яҳудий емес еди, Ески Келисимди билмейтуғын еди ҳәм Жалғыз Қудайға сыйынбайтуғын еди.
13 – Финикия, Кипр ҳәм Антиохияға.
14 – Пикирлер:
- Ийса Масийх туўралы еситпеген адамлар ушын дуўа етиң (өз елиңиздеги ҳәм басқа еллердеги).
- Досларыңыз бенен бирге дуўа етиң, сонда Ийса ҳаққында шаңарақ, дослар ҳәм қоңсылар менен бөлискениңизде бир-бириңизди қоллап-қуўатлай аласыз.
- Мухаддес Китаптағы ўақыяларды басқаларға түсиндириўге исенимли болыўыңыз ушын, әмелий түрде бир-бириңизге түсиндирип, бөлисиң.
- Жәмийетиңизге Ийсаның сүйиспеншилигин әмелий жоллар менен көрсетиўиңиз ҳаққында ойлап көриң.
- Қудай сизден Хош Хабарды еситиў мүмкиншилиги болмаған еллерге көшип барыўыңызды сорап атыр ма?

## 34-Сабақ:

# Жаңа Келисимдеги хатлар



## Келисим

Исениўшилерде Жаңа Келисим жоқ еди. Олар көплеген қыйыншылықларға ушырады. Және оларға Ийса ушын қалайынша туўры жасаў керек екенлиги ҳаққында даналық керек еди.

Жаңа Келисимде 21 хат бар. Жәмәәтлер ҳәр тәрепке тарқалып кеткенлиги себепли елшилер жәмәәтлерди руўхландырыў ушын узақтан оларға хат жазған.

### Жаңа Келисимниң мазмуны өзгертилген бе?

Айырым адамлар Жаңа Келисимдеги хатлар өзгертилген деп айтады. Бирақ буның мүмкиншилиги жоқ еди, себеби хатлар менен Хош Хабарлар гүўалар яки гүўа болған адамларды билетуғынлар тәрепинен жазылған. Олар дәслепки исениўшилер тәрепинен ҳақыйқат деп қабыл қылынған ҳәм кейин жүдә көплеген жерлерге тарқалған. Олардың ҳәммесин бир жерге топлаў ҳәм басқа жаңа нусқаларды жибериў мүмкин емес еди. Дәслепки исениўшилерге келсек, олар өзлери билген ҳақыйқатты ҳеш кимниң өзгертиўине жол қоймаған болар еди!



Жаңа Келисимниң 24,000 нусқадан артық қолжазба бөлеклери табылған. Бул қолжазбалардың 230 бөлеги Мухаммед туўылыўынан алдыңғы дәўирге тийисли. Бул қолжазбалар жүдә әҳмийетли, себеби олар Жаңа Келисимниң өзгертилмегенлигин тастыйықлайды!

Не ушын Жаңа Келисимди өзгертип болмайды? [1]

## Хатлар:

- Исениўшилерге Ийса ҳаққында ҳәм Ийса беретуғын қутқарылыў ҳаққында үйретип, исенимде садық қалыўы ушын оларды жигерлендирди.

- Олар ҳақыйқатлықты билиўи ушын, надурыс ислер ислеп қәтелескенде, оларды туўрылап барды.
- Исениўшилерге Қудайдың кеўлин таўып өмир сүриўи ушын, әдил жолда қалай жасаўы кереклиги ҳаққында үйретти.

Хат жазыўшылар бул хатларды жазғанда қандай үш мақсетти гөзлеген? [2]

1.

2.

3.

# Бул хатларды кимлер жазған?

**Яқып, Пётр, Юхан және Яҳуда** исениўшилерди руўхландырыў ушын бул хатларды жазған.

**Павел** жәмәәтлерге 9, ал жеке адамларға 4 хат жазып қалдырған. Ол жәмәәтлерди дурыс басқарыўына жәрдем бериў ушын **Тимофейге** 2 хат ҳәм **Титусқа** 1 хат жазып қалдырды. Және ол **Филимонға** жеке хат жазды.

Бизлер **Еврейлерге жазылған хатты** ким жазғанын билмеймиз, бирақ көплер буны Павел ямаса қасында бирге хызмет еткенлердиң бири (мысалы: Банаба, ямаса Аполлос) жазды, деп есаплайды.

Жаңа Келисимде жазылған хатлардың көпшилигин ким жазған? [3]

# Бизлер бул хатларды қалай түсиниўимиз мүмкин?

Хатты түсиниўге жәрдем бериў ушын 4 сораў беремиз:

1. Бул хат жазылған ўақытта жәмәәтте қандай машқалалар бар еди?
2. Қайсы сөзлер және сөз дизбеклери көбирек тәкирарланған? Көп адамлар тәкирарланған сөзлердиң және сөз дизбеклериниң астын сызыўды жақсы көреди.
3. Ең баслы тема қандай ҳәм жазыўшы оларға нени үйретпекши? Буни әпиўайы сөз бенен айта аласыз ба?
4. Бул жәмәәт бизлердиң жәмәәтимизге қай тәрепинен уқсайды? Бизлердиң қыйыншылықларымыздың олардики менен қандай уқсаслығы бар? Бул бөлимдеги қайсы әҳмийетли пикир бүгинги жәмәәтимизге тийисли?

Қандай 4 сораў Жаңа Келисимниң хатларын түсиниўимизге жәрдем береди? [4]

1.

2.

3.

4.

Келиң, Колосалыларға жазылған хаттың айырым аятларын биргеликте үйренип шығайық.

**Колосалылар 1:9–20** оқың.

1. Сиз **олардың қандай машқалаларға ушырағанын** айта аласыз ба? [5]

Жалған устазлар оларға исениўшилердиң еле билмейтуғын басқа да тәлимат бар екенлигин ҳәм Ийса менен болған қарым-қатнас жетерли емес екенлигин айтады.

2. **Қандай гәплер ямаса сөзлер көбирек тәкирарланады?** [6]

«**Ҳәммеси/ҳәр бири**» сөзлери қайсы сөз дизбеклеринде қолланылады? [7]

Павел оларға Ийсада бизлер ушын Қудай менен қарым-қатнаста болыўымыз ушын ҳәм мәңгилик өмирге ийе болыўымыз ушын **ҳәмме нәрсе** бар екенин айтпақшы еди!

3. **Әҳмийетли тема қандай еди ҳәм жазыўшы оларға нени үйретпекши еди?** [8]

4. **Бул жәмәәт бизлердиң жәмәәтимизге қайсы тәрепинен уқсайды? Бизлердиң қыйыншылықларымыздың олардики менен қандай уқсаслығы бар? Бул бөлимдеги қайсы әҳмийетли пикир бүгинги жәмәәтимизге тийисли?** [9]

Ийсаның Өзи жетерли емес, бизлерге Одан кейин келген басқа пайғамбар керек, деген адамларға не айтыўымыз мүмкин? [10]

## *Қосымша*

Хатларды (яки Муқаддес Китаптың қандай да бир бөлимин) үйрениўдиң және бир усылы — өзиңиз оқып шыққан бап ҳаққында өзиңизге төмендеги 5 сораўды бериў. Келиң, буны бирге ислеймиз.

**1. Бул бөлим бизлерге Қудай (Әке, Ул ҳәм Мухаддес Руўх) ҳаққында не айтады?** [11]

**2. Бул бөлим бизлерге адамлар ҳаққында не айтады?** [12]

**3. Бизлерди бойсыныўға шақыратуғын, ескертетуғын ямаса бизлерге үлги болатуғын нәрсе бар ма?** [13]

**4. Қудай усы бөлим арқалы бизлерге нени үйретеди?** [14]

**5. Бул ҳаққында ким менен бөлисе аламан?** [15]

Ийсада бизлердиң Қудай менен қарым-қатнаста болыўымыз ушын ҳәм мәңгилик өмирге ийе болыўымыз ушын **ҳәмме нәрсе** бар!

## Үйге тапсырма

Кейнги сабақта биргеликте үйрениўимиз ушын Салоникалыларға жазылған 1-хатты оқың.

# Жуўаплар

1 – Себеби хатлар ҳәм Хош Хабарлар гүўалар тәрепинен яки көрген гүўалардың өмири даўамында жазылған. Олар биринши исениўшилер тәрепинен ҳақыйқат деп қабыл қылынған ҳәм көп жерлерге тарқалған. Олардың бөлеклерин бир жерге топлаў ҳәм басқа жаңа нусқаларын жибериў мүмкин емес еди. Дәслепки исениўшилер ҳеш кимге ҳақыйқат деп билгенлерин өзгертиўине жол қоймаған болар еди!

2 – 1) Исениўшилерге Ийса және Ийса берген қутқарылыў ҳаққында үйретип, исенимде садық қалыўы ушын оларды жигерлендирди.

2) Олар ҳақыйқатлықты билиўи ушын, надурыс ислер ислеп қәтелескенде, оларды туўрылап барды.

3) Исениўшилерге Қудайдың кеўлин таўып өмир сүриўи ушын, әдил жолда қалай жасаўы кереклиги ҳаққында үйретти.

3 – Павел.

4 – 1) Бул хат жазылған ўақытта оларда қандай машқалалар бар еди?

2) Қайсы сөзлер және сөз дизбеклери көбирек тәкирарланған?

3) Ең баслы тема қандай ҳәм жазыўшы оларға нени үйретпекши? Буни әпиўайы сөз бенен айта аласыз ба?

4) Бул жәмәәт бизлердиң жәмәәтимизге қай тәрепинен уқсайды? Бизлердиң қыйыншылықларымыздың олардики менен қандай уқсаслығы бар? Бул бөлимдеги қайсы әҳмийетли пикир бүгинги жәмәәтимизге тийисли?

5 – Олар Ийса жетерли емес деп ойлаған болыўы мүмкин.

6 – Павел «ҳәмме» және «ҳәр бир» сөзлерин тәкирарлайды.

7 – Оны **ҳәр тәреплеме** ыразы қылың.

**Ҳәр бир** жақсы исте өз мийўесин бериў.

**Пүткил** күш пенен беккемлениў.

**Барлық** жанзатлардың ишиндеги ең дәслепки жаратылыс.

Себеби **ҳәмме нәрсе** Ол арқалы жаратылған.

**Ҳәмме нәрсе** Ол арқалы ҳәм Ол ушын жаратылған.

Ол ҳәмме нәрседен үстин.

Ол арқалы **ҳәмме нәрсе** бир-бирине байланған.

**Ҳәмме нәрседе** Ол үстинликке ийе бола алады.

Қудай пүткил барлықтың Оған тийисли болғанынан кеўли тоқ еди.

**Ҳәмме нәрсени** Өзи менен жарастырыў.

8 – Ийса Қудайдың Өзинен кем емес (15-аят), Ол көринетуғын және көринбейтуғын ҳәмме заттың үстинен ҳүкимдарлыққа ийе (16-аят), ҳәм Оның өлими арқалы Ийемиз Қудай Өзиниң жаратылысы менен жарасты (20-аят). Солай етип, Ийса бизге ең керекли болған Қутқарыўшы!

9 – Айрым ўақытлары адамлар бизге Мухаддес Китап яки Ийсаның Өзи жетерли емес екенин ҳәм бизге басқа нәрсе керек екенин айтыўға ҳәрекет етеди.

10 – Бул бөлимнен өзиңиз ислетиўиңиз мүмкин болған сөз дизбеклерин табың!

11 – Мухаддес Руўх бизге даналық және түсиник береди.

Әке Нур Патшалығында мухаддес халқының мийрасына шерик қылыў ушын бизлерди ылайықлы қылды.

Әке бизлерди қараңғылықтан қутқарды ҳәм бизлерди Өзиниң сүйген Баласының Патшалығына алып келди.

Ийса көринбес Қудайдың сүўрети.

Ийса пүткил жаратылыстың туңғышы.

Ийса арқалы ҳәм Ийса ушын аспандағы және жердеги ҳәмме нәрсе жаратылған.

Ийса ҳәмме нәрседен алдын ҳәм Ол арқалы ҳәмме нәрсе бирлеседи.

Ийса дененин, яғный жәмәәттиң басы.

Ийса ҳәмме нәрсениң басланыўы, өлилердиң ишинен биринши тирилген туңғыш.

Ҳәмме нәрседе Ийса үстинликке ийе.

Қудайдың қәлеўи бул хәмме нәрсениң Ийсада болыўы еди.

Бизлердиң қутқарылыўымыз ушын, және гүналарымыздың кеширилиўи ушын Ийса Өз жанын берди.

Ийса арқалы Қудай ҳәмме нәрсени Өзи менен жарастырады ҳәм Ийсаның атанақ ағашта төгилген қаны арқалы ҳәмме нәрсе менен қарым-қатнаста болады.

12 – Бизлер Қудай тәрепинен жаратылғанбыз ҳәм Оның Баласы тәрепинен қутқарылғанбыз.

13 – Павел ҳәмме ўақытта Колосадағы жәмәәт ушын дуўа қылды(ететуғын еди) — ол бизлер ушын жақсы үлги болды.

Бизлердиң ўазыйпамыз:

- Ийемизге ылайықлы жасаў ҳәм ҳәмме нәрседе Оны ыразы етиў.
- Тынбай ийгиликли ислер қылыў.
- Қудайды көбирек, еле де көбирек билип алыў.
- Оның күш-қудирети арқалы күшли болып, шыдамлы, сабырлы ҳәм қуўанышлы болыў.
- Бизлерди Нур Патшалығында мухаддес халқының мийрасынан үлес алыўға ылайықлы қылған Аспандағы Әкемизге миннетдаршылық билдириў.

14 – Бул аятлар арқалы Қудай сизге көрсеткенлерин басқалар менен бөлисиң.

15 – Бул ҳаққында бөлисиўиңиз мүмкин болған адамның аты ким?

# 35-Сабақ:

# 1 Салоникалылар



## Бул хат ҳаққында улыўмалық мағлыўмат

Бул хат Грециядағы Салоникадағы исениўшилерге жазылған. Салоника елши Павелдиң дәўиринде ең үлкен ҳәм ең әҳмийетли қалалардың бири болды. Картаға қараң ҳәм Салониканы табың.




Бул Павелдиң жазған биринши хаты болыўы мүмкин.

**Елшилер 17:1–10:** Салоникадағы жәмәәт қалай басланғанын айтады.

Павел ол жерде қанша ўақыт болған? [1]

Салоникаға биринши сапарынан кейин, Павел оларды және көриўге бармақшы еди, бирақ бара алмады. Сонлықтан ол бул хатты жазған. Бул жерде Қудайдың бизлердиң машқалаларымызды қалайынша жақсылық ушын пайдаланатуғыны ҳаққында сөз етилип, бизлер ушын жақсы үлги көрсетеди. 2,000 жыл даўамында Қудай бул хат арқалы миллионлап адамларды жарылқады!

## Бул хатта, Павел 4 нәрсе ҳаққында жазыўды қәлеген еди:

1. Айырым Қудайға исенбейтуғынлар ол хаққында жаман гәплер айтқанлықтан, Павел өзиниң жақсы инсан екенин тастыйықлаўы керек еди **(2:1–3:10)**.

   Егер исениўшилер оны жақсы адам емес деп есапласа, онда олар Павелдиң үйреткенлерине исениўди даўам етпейтуғын еди.

2. Павел исеними ушын қуўғын қылынып атырған исениўшилерди руўхландырыўды қәлеген еди. **(1:2–9; 2:14; 3:1–5)**.

3. Павел оларға мухаддес өмирде жасаўды еслетип өтеди **(4:1–12; 5:12–22)**.
4. Павел исениўшилердиң бул дүньядан өткенде не болатуғынын ҳәм Ийса қайтып келгенде не жүз беретуғынын түсиниўин қәледи **(4:13–5:11)**.

Павел Салоникадағы исениўшилерге қандай 4 нәрсе ҳаққында жазыўды қәлеген еди? [2]

1.

2.

3.

4.

# 1-Бап

Келиңлер, Мухаддес Китаптың қәлеген бөлимин үйрениўде пайдаланыўымыз мүмкин болған 5 сораўға жуўап берейик.

Бул 5 сораў қандай? [3]

1.

2.

3.

4.

5.

**1. Бул бөлим бизлерге Қудай (Әке, Ул, ҳәм Мухаддес Руўх) ҳаққында не деп айтады?** [4]

**2. Бул бөлим адамлар ҳаққында не айтады?** [5]

**3. Бизлерге бойсыныў ушын буйрық, ескертиў, яки үйрениўге үлгили сабақ бар ма?** [6]

**4. Бул бөлимнен Қудай бизлерге нени үйретеди?** [7]

## Исеним, сүйиспеншилик ҳәм үмит

Исеним, үмит ҳәм сүйиспеншилик Павелдиң хатларындағы әҳмийетли сөзлер есапланады. Исеним, сүйиспеншилик ҳәм үмит өмиримиз тийкары болып есапланады. Егер булардың биреўи жоқ болса, исенимимиз көпке бармайды.

**Исеним:** Ийсаның жақын арада дүньяның Ҳүкимдары болып қайтып келетуғынын билиў, ҳәр минутта, ҳәр күни қылып атырған ислериме тәсири бар ма?

**Сүйиспеншилик:** Маған жақпайтуғын яки жақсы көриўим қыйын болған адам бар ма? Егер солай болса, мен оларға сүйиспеншилик көрсетиў имканиятын бериўин Қудайдан сораўым керек. Сүйиспеншилик көрсетиў арқалы биз оларды жақсы көриўди баслаймыз!

**Үмит:** Адамлар Ийсаға болған исенимимиз себепли бизлерге жаман мүнәсибетте болса, Ийсаның тез арада бизлерди Өзи менен бирге мәңги жасаўға алып кететуғынын билемиз. Ийса бизлерге беккем турыўымыз ушын күш береди!

Ийса келген ўақытта, бизлердиң машқалаларымыз жаңа жер, жаңа аспан менен салыстырғанымызда ҳеш нәрсе болмай қалатуғынын билемиз!

Ҳәттеки, азап шегиў ўақтында да, бизлерде қуўаныш ҳәм тынышлық болады, адамлар бизлердиң өмиримизден Мухаддес Руўхтың күшин көре алады. Қызығы сонда, әсирлер даўамында жәмәәтлер қуўғын болған ўақтында, олар жүдә тез өскен ўақытлары көп болған.

**Қудайдан мыналардың қайсы биринде өсиўимизге жәрдем бериўин сораўымыз керек: исеним, сүйиспеншилик яки үмит?**

**5. Бул ҳаққында ким менен бөлисиўим мүмкин?** [8]

## Үйге тапсырма

Бул ҳәптеде толық хатты қайта оқып шығың ҳәм ҳәр бир баптан кейин өзиңизге жоқарыдағы 5 сораўды бериң.

# Жуўаплар

1 – Тек еки ҳәпте (3 шемби).
2 – 1) Павел өзиниң жақсы адам екенин дәлиллеўи керек еди, себеби айырым Қудайға исенбейтуғынлар ол ҳаққында жаман гәплер айтқан еди. Егер исениўшилер оны жақсы адам емес, деп қарар қабыл қылса, онда олар Павелдиң айтқан сөзлерине исениўди даўам етпейтуғын еди.
2) Павел исеними ушын қуўғын қылынып атырған исениўшилерди руўхландырыўды қәлеген еди.
3) Павел оларға мухаддес өмир сүриўин еслетип өтеди.
4) Павел исениўшилер өлгеннен кейин не болатуғынын ҳәм Ийса қайтып келген ўақытта, не жүз беретуғынын түсиниўин қәлейди.
3 – 1) Бул бөлим бизлерге Қудай (Әке, Ул, ҳәм Мухаддес Руўх) ҳаққында не деп айтады?
2) Бул бөлим адамлар ҳаққында не айтады?
3) Бизлерге бойсыныў ушын буйрық, ескертиў, яки үйрениўге үлгили сабақ бар ма?
4)Бул бөлимнен Қудай бизлерге нени үйретеди?
5) Бул ҳаққында ким менен бөлисиўим мүмкин?
4 – Қудай оларды сүйеди. (4-аят)
Қудай оларды таңлады. (4-аят)
Елшилер салоникалыларға Мухаддес Руўхтың жетелеўи ҳәм күши менен Хош Хабарды алып келген. (5-аят)
Мухаддес Руўх азап ҳәм қыйыншылықта бизлерге қуўаныш береди. (6-аят)
Ол ҳақыйқый ҳәм тири Қудай. (9-аят)
Ол Ийсаны өлимнен қайта тирилтти. (10-аят)
Ийса қайтып келеди. (10-аят)
Ийса бизлерди Қудайдың ғәзебинен қутқарады. (10-аят)
5 – Бизлер олардың исениминиң мийўеси, сүйиспеншилиги арқалы ислеген ислери ҳәм Ийемизге болған үмитинен илҳамланған сабыры туўралы билип аламыз. (3-аят)
Олар Павелге, Силаға ҳәм Тимофейге еликлегениндей, басқалар да олардан үлги алып атыр. (1, 6–7-аятлар)
Олар көп азап шексе де, Хош Хабарды қуўаныш пенен қабыллағанлықтан, басқалар олардың исеними ҳаққында еситти. (8-аят)
Бурын олар бутларға табынатуғын еди, ал енди тири ҳәм ҳақыйқый Қудайға сыйынады. (9-аят)
6 – Павел ҳәмме ўақытта сол исениўшилер ушын Қудайға шүкирлик билдиреди. (2-аят)
Ол сол исениўшилер ушын тынбастан дуўа етеди. (2-аят)
Исениўшилер үлкен үлги болды: Ислери исениминиң мийўеси болды, сүйиспеншилик пенен мийнет етти ҳәм Ийса Масийхқа болған үмити арқалы жигерленип, сабырлы болды. (3-аят)
Олар азапты қуўаныш пенен қабыл етти. Булар басқа исениўшилер ушын үлги болды. (6-аят)
Олар ушын ең әҳмийетли болған нәрсе — Ийсаның ақырғы заманда қайтып келип, ҳүким етиўи. (10-аят)
7 – Ҳәр бир адам өз жуўабын берсин.
8 – Өзиңиз усы ҳаққында бөлисиўди қәлеген бир адамның атын айтың ҳәм усыны жақсы орынлаўыңыз ушын бир-бириңиз ушын дуўа етиң.

## 36-Сабақ:

# Ийсаның қайтып келетуғын ҳәм ҳүким ететуғын күни



## Ийсаның қайтып келиўи

Ийемиз Ийсаның қайтып келетуғыны ҳаққында Жаңа Келисимниң көп жерлеринде жазылған. Ол бизлерди үйине алып кетеди! Ақыр ақыбет, Қудай Ибрайымға берген ўәдесин орынлайды!

Жаратылыс 12:1—7-аятларда Қудай Ибрайымға қандай ўәде берди? [1]

Қудайдың **халқы** бизлер көз алдымызға келтиргенимизден де көплеў **жарылқанатуғын** әжайып жаңа **дүньяда** жасайды!

Бизлер Ийсаның қайтып келмесинен алдынғы ўақыт ҳаққында билип алыў ушын **Матта 24:1—44-аятларды** оқыйық.

Ийса 6—8-аятларда не айтты? [2]

Ийса 14-аятта не айтты? [3]

### *Қосымша*

**Матта 24:15—21-аят:** *Ал Даниел пайғамбар алдын ала айтқан ўайран қылатуғын жеркенишли бир заттың мухаддес орында турғанын көргенińизде, ...*

Бул жерде Ибадатхананың қорқынышлы қурбанлықлар ушын ислетилетуғын дәўир ҳаққында ҳәм кейин ҳүким болатуғынын айтып өткен Даниелдиң пайғамбаршылығына силтеме береди (Даниел 9:27; 11:31 ҳәм 12:11).

Б.э.ш. 167-жылы Грек ҳүкимдары Антиох Епифан Ерусалимдеги Ибадатханада жалған қудайы ушын ҳарам қурбанлық усынады. Сонда еврейлер буған қарсы көтерилис қылады.

Деген менен, Ийса бул сөзди еки ўақыяны болжаў ушын қолланды:

1. Ибадатхана ўайран болады. Бул б.э. 70-жылында жүз берди. Бул яҳудийлер ушын ең қорқынышлы апат болды. Бирақ бизлер Қудайдың енди Өз халқын кешириўи ушын Ибадатханаға ҳәм оның қурбанлықларына мүтәж емеслигин билемиз. Не ушын бундай болды? [4]

2. Ийса Өзиниң қайтып келетуғыны ҳаққында да айтады. Ол қайтып келмесинен алдын, Қудайдың халқына күшли қарсылықлар болады.

Ийса 15—20-аятларда қандай еки ўақыя ҳаққында айтып өтеди? [5]

Ийса қайтып келмесинен алдын, жағдай қандай болады? **(21-аятта)** [6]

Ийса Ийшая китабынан үзиндини айтады. Ол не айтты? **(29—30-аятларда)** [7]

Ийсаның қашан қайтып келетуғынын ким биледи? **(30-аятта)** [8]

Дүньяда қандай да бир апат жүз берсе, мысалы жер силкиниўи болса, көп адамлар бул ҳаққында телевизор хәм телефондағы жаңалықлардан билип алады. Ал айырым инсанлардың бул ҳаққында хабары болмайды.

Ийса қайтып келгенде, бул ҳаққында дүньядағы ҳәмме адамлардың хабары болады. Уйықлап атырғанлар оянады ҳәм бул ҳаққында билмейтуғын бирде-бир адам қалмайды.

Ийса периштелерин не ушын жибереди? **(31-аят)** [9]

Нелер жоқ қылынады ҳәм нелер мәңги болады? **(35-аят)** [10]

Ийсаның қашан қайтып келетуғынын ким биледи? **(36-аят)** [11]

Ийса жер бетине адам болып келген ўақытта, Ол ҳәмме нәрсени билмейтуғын еди, қашан қайтып келетуғынын да билмейтуғын еди. Егер адамлар Ийсаның қайтып келетуғын сәнесин билемен десе, бизлер оларға исенбеўимиз керек. Әсирлер даўамында адамлар Ийсаның қайтып келетуғын сәнесин болжаўға ҳәрекет етип келди. Ҳеш қайсысы дурыс емес еди! Аспандағы Әкемиз Қудай бул қашан жүз беретуғынын биледи ҳәм бизлер Оған исениўимз керек!

Нухтың дәўиринде Нух адамларға топан хаққында айтқанда, олар не иследи? **(37—39-аятлар)** [12]

Кейин оларға не болды? [13]

Ҳәзирги адамлардың Нухтың дәўириндеги адамларға қандай уқсаслық тәрепи бар? [14]

Бул аятлар Ийсаның келетуғыны ҳаққында не дейди? **(42–43-аятлар)** [15]

Бизлер не ислеўимиз керек? **(44-аят)** [16]

# Ҳүким күни

Ҳүким күнин түсиниўимиз ушын Ийса бизлерге төмендеги мысалды келтирди.

**Матта 25:31–46-аятты** оқың.

Ийса барлық адамларды еки топарға ажыратады. Ийса бул еки топарды қайсы еки хайўанға салыстырған? [17]

Ийса қайсы топарды Өз патшалығына мирәт етеди? [18]

Қойлар ким? [19]

Ийса бизлерди қалайынша ҳүким етеди? [20]

Бирақ ...Юхан 3:16-аят бойынша ким мәңгилик өмирге ийе болады? [21]

Олар бир-бирине қарсы тура ма? [22]

- Ҳәммемиз гүна қылғанбыз. Бирақ Қудайдың мийрими арқалы Масийх гүналарымызды өтеди ҳәм бизлер кеширилдик. Усылайынша бизлер Қудайдың алдында ақландық! (Рим 3:23–24)
- Ийсаның салыстырма мысалын пайдалана отырып, ҳәр биримиз «ешкилермиз», бирақ Қудай бизлерди кеширип, қойға айландырды (Римлилер 3:23 ҳәм 24). Бизлердиң қандай әжайып Қудайымыз бар!
- Ийса бизлерди қутқарғанда, халқымызға хызмет етиўди жақсы көриўимиз ушын жүреклеримизди өзгертеди.
- Ислеп атырған исимиз, бизлердиң Ийсаға исенетуғынымызды ямаса исенбейтуғынымызды, ешки ямаса қой екенимизди анық көрсетеди.

**Ис-ҳәрекетлеримиз бизлер ҳаққымызда не дейди?**

**Бизлер коймыз ба я ешки ме?**

Матта менен Юхан бизлердиң ис-ҳәрекетлеримиз исенимимиз ҳаққында гууалық беретуғынын түсинген. Егер бизлер Ийсаға исенсек, сауап ислерди қылатуғын адамлар болыуымыз кереклигин екеуи де жазған. Юхан тек ғана 3:16-аятты жазып қоймаған, ал **5:28—29-аятларды** да жазған. Усы аятлар бойынша жақсылық қылғанларға не болады? [23]

Жаманлық қылғанларға не болады? [24]

## Жәннет ҳәм дозақ

Бизлер Матта жазған Хош Хабары бойынша еки түрли орын, жәннет ҳәм дозақ бар екенин Матта 25:31—46-аятларда көремиз.

34-аятта Ийса Өзи ушын жасағанларға не дейди? [25]

Еситкенлеримиздиң ишиндеги ең әжайып сөзлер!

Қудай Өз Патшалығын бизлердиң Оның менен бирге мәңги зауықланыуымыз ушын таярлады! (Аян китабы 21:3—4)

Егерде бизлер Ийсаға исенип, Оған бойсынсақ, Қудай бизлерди жүдә көп жарылқайды!

41-аятта Ийса өзлери ушын жасап, Қудайға қарсы қозғалаң көтергенлерге не дейди? [26]

Бул жерде еситкенлеримиздиң ишиндеги ең жаман сөзлер бар. Қудай Өзине бойсыныуды қәлемегенлерди жазалайды.

Олар Қудайдан бөлекленип, шайтан хәм жауыз руухлар менен бирге жасайды. Ол жер мәңги өлим орны болады.

## Исеним

**1 Юхан 4:15—18-аятларды** оқың.

Ҳүким күнин исеним менен күтиуимизге ким жәрдем береди? [27]

Қудай бизлерде жасайтуғыны ҳаққындағы ең уллы дәлил қандай? **(16—17-аят)** [28]

## Қудай бизлерде жасап атырғаны ҳаққында өмиримизде қандай уақыялар бар?

## Бизлер Ийсаны қаншелли сүйип, Оған бойсыныўды қәлеймиз?

### Өзимизди сынап көриў ушын сораўлар

**Уйде:**
Шаңарағымызда бир-биримизди сүйиў ҳәм қоллап-қуўатлаў ушын қолымыздан келгенин қыламыз ба?
Бизлерге хызмет етип атырғанларға (писиргенге, тазалағанға, кир жуўғанға ҳ.т.б.) рахмет айтамыз ба?
Кимдур жәрдемге мүтәж екенлигин көргенимизде, оған жәрдем бериўге асығамыз ба?

**Жумыста:**
Бизлер қалай жумыс ислеймиз? Жумысымызды жаман қарым-қатнаста болып ислеймиз бе? Илажы барынша азғантай ислеп, илажы барынша тез ислеп, қутылыўды қәлеймиз бе? Яки Ийсаның да, баслығымыздың да кеўлинен шығыў ушын, қолымыздан келгенинше қуўаныш пенен ислеймиз бе?

**Ушырасыўда:**
Бизлер жетекшилерди қоллап-қуўатлап, олар ушын дуўа етип ҳәм оларға ҳүрмет көрсетемиз бе?
Басқалардың хызметине жәрдем беремиз бе ҳәм жыйналыс ақырында сол орынды тазалаймыз ба?
Кимдур жәрдемге мүтәж болса, оннан бас тартып, оған немқурайды қараймыз ба? Ямаса «Булар мениң машқалам емес, олар өз машқаласын өзлери шешсин», деймиз бе?

**Дослық:**
Басқа адамлар ҳаққында қалай сөйлесемиз? Бизлер олар ҳаққында жақсы сөз айтамыз ба ямаса жаман сөз бе?
Қағыйда: Егер өз сөзиңизди сол адамның алдында айтыўды қәлемесеңиз, онда ол ҳаққында улыўма айтпаң.
Бизлерди қапа қылғанлар ҳәм бизлерге унамаған нәрсени айтқанлар ушын дуўа етемиз бе?
Егер бизлер биреў менен жәнжеллессек, оның менен жарасыў ушын қолымыздан келген ҳәмме нәрсени қыламыз ба?

### Сизди усылардың қайсы биринде өзгертиўге жәрдем бериўин Ийсадан сорағыңыз келеди?

## Шақырық

Ийсаның қайтып келиўине қалайынша таяр болыўымыз мүмкин? Ийсаның қайтып келиўине бизлер қалайынша таярлық көре аламыз? [29]

### Бул сабақта Қудай сизди неге шақырып атыр?

## Жуўаплар

1 – Адамлар, жер ҳәм жарылқаў.
2 – Ҳәр дайым машқалалар болады, бирақ бул жақында дүньяның(заманның) ақыры келеди дегени емес.
3 – Хош Хабар пүткил дүнья жүзине жәрияланады ҳәм кейин Ийса Масийх қайтып келеди.
4 – Ийсаның өлими бизлердиң гүналарымыз ушын үзликсиз жалғыз қурбанлық болды.
5 – Ийса қайтып келмесинен алдын Ибадатхана ўайран етиледи ҳәм Қудайдың халқына күшли қарсылықлар болады.
6 – Жүдә аўыр күнлер болады.
7 – Аспанда қорқынышлы нәрсе жүз бергенде, бул Ийсаның қайтып келиўиниң белгиси болады.
8 – Ҳәммеси!
9 – Пүткил халықты Өз үйине алып кетиў ушын жыйнайды.
10 – Затлар мәңги турмайды! Бирақ Ийсаның сөзлери мәңгилик! Ийсаның сөзлери мәңгилик ҳәм ҳеш қашан умытылмайды.
11 – Тек ғана Қудай.
12 – Олар әўелгидей жасаўды даўам етти. Олар өмирден заўықланып, қәлегенинше жасады. Олар Қудайға бойсынбады. Олар бул өмир мәңги даўам ететуғынына исенди.
13 – Қудай оларды ҳүким етти ҳәм топан суўда набыт болды.
14 – Халық әўелгидей жасаўды даўам етти. Олар өмирден заўықланып, қәлегенинше жасады. Олар Қудайға қулақ салмады. Олар бул өмир мәңги даўам ететуғынына исенди.
15 – Бул тез ҳәм күтилмегенде болады.
16 – Бизлер Ийсаның қайтып келиўине таяр болыўымыз керек.
17 – Қой ҳәм ешкилер.
18 – Қойлар.
19 – Жақсылық қылғанлар.
20 – Ийса бизлерди қылған ислеримизге қарап ҳүким қылады.
21 – Ийсаға исенгенлердиң ҳәммеси.
22 – Яқ.
23 – Олар мәңгилик өмирге ийе болады.
24 – Олар ҳүким етиледи.
25 – *Келиңлер, Әкемнен жарылқанғанлар, дүнья жаратылғаннан бери сизлер ушын таярлап қойылған Патшалықты мийрас етип алыңлар.*
26 – *Ҳәй, ғарғыс алғанлар! Мениң қасымнан арман, шайтан ҳәм оның хызметшилери ушын таярланып қойылған мәңгилик отқа кетиңлер!*
27 – Егер бизлер Ийсаны Қудайдың Улы деп тән алсақ, Оған исенсек, Қудай бизлерде жасайды ҳәм ҳүким күнин күтиў ушын бизлерге исеним береди.
28 – Қудайға ҳәм бир-биримизге болған сүйиспеншилигимиз.
29 – Бизлер ҳәр күни Ийса тап ертең қайтып келеди, деп күтип жасаўымыз керек.
Тәўбе қылыўымыз ушын, Қудайдан гүналарымызды көрсетиўин сораң.
Бизлер кешириўимиз керек болған адам болса, Қудайдан соны көрсетиўин сораң.
Досларымыз ҳәм ағайин-туўысқанларымызға Ийса ҳаққында еситиўине мумкиншилик жаратайық.

## 37-Сабақ:

# **Аян Китабы** (1-бөлим)



Бизлер Аян Китабын еки бөлимге бөлип үйренемиз. Биринши бөлимде бизлер китапта жазылған базыбир пикирлерди көрип шығамыз. Ал екинши бөлимде болса, бул китаптан үзиндилерди үйренемиз.

## Жигерлендириў

Юхан Аян китабын жазған ўақытта, көплеген исениўшилер Ийсаға исенгени ушын өлтирилип атырған еди. Рим императоры адамлардың оған табыныўын қәледи, ал исениўшилер буны ислей алмайтуғын еди.

Аян китабы исениўшилерди жигерлендириў ушын ҳәм исениўшилерге мыналарды еслетиў ушын жазылған еди:

- Ийса дүньяны басқаратуғын ҳақыйқый Патша!
- Шайтан күшли ҳәм жаўыз болыўы мүмкин, бирақ Ийса өлимнен қайта тирилгенде ол жеңилди.
- Жақын арада Ийса дүньяны ҳүким қылыў ушын келеди ҳәм шайтанды, және де Өзиниң душпанларын дозаққа жибереди.
- Соннан соң, Ийсаға исенгенлердиң ҳәммеси әжайып Жаңа Жерде мәңги жасайды!

Не ушын Юхан адамлар жигерлендириўге мүтәж деп жазған? [1]

Қудай бул китап арқалы исениўшилерге нени еслетиўди қәлейди? [2]

1.

2.

3.

4.

Бизлерге қашан жигерлениў керек? [3]

Қудай бизлерге бул китап арқалы нени еслетиўди қәледи? [4]

# Ашықлық

Бул китаптың Мухаддес Китаптағы басқа китапларға қарағанда үлкен айырмашылығы бар. Бул аянды Қудай Юханға берген. Усы аянда ол өзгеше нәрселерди көреди ҳәм еситеди. Бул тарийх емес. Бул Елшилердиң ислери китабына уқсамайды. Қандай да бир өзгеше нәрсени оқысақ, «бул нени аңлатады?» деп өзлеримизден сораўымыз керек.

Бизлер Ески Келисимде пайғамбарлардың аян көрген жерлерин табамыз. Олардың көрген аянларының да өз мазмунлары бар еди. Буған Даниел, Езекиел ҳәм Захарияның китапларындағы базы үзиндилерди мысал етип айтсақ болады.

Аян китабындағы барлық сүўретлениўлерди Ески Келисимнен таба аламыз. Ески Келисим бизлерге тек ғана Аян китабын түсиниўимиз ушын емес, ал соның менен бирге, Жаңа Келисимдеги ҳәр бир китапларды түсиниўимизге жәрдем береди!

Бул китаптың Мухаддес Китаптағы барлық китаплардан айырмашылығы қандай? [5]

Ески Келисимде айрықша мәниси бар нәрселерди өз аянларында қайсы пайғамбарлар көрген? [6]

Келиңлер, Аян китабындағы усы белгилердиң базыларын көрип шығайық:

# Айдарҳа ҳәм оның шақлары



**Аян 12:3-аятта** Юхан қандай ҳайўанды көрген? [7]

Айдарҳа қандай ҳайўан? [8]

Айдарҳа нени аңлатады? [9]

Оның неше шақы бар? [10]

Келиңлер, Ески Келисимдеги он шақлы қорқынышлы ҳайўан ҳаққында жазылған базы орынларды көрип шығайық.

**Даниел китабы 7:7-аятта** Даниел нени көрген? [11]

**Даниел китабы 7:24-аятта** бизге сол ҳайўанның не екенин түсиндиреди.

Он шақ нени аңлатады? [12]

Барлық жаўыз сиясий күшлердиң артында шайтан турыпты. Қандай мысалларды келтире аласыз? [13]




## Санлар

Аян китабында бизлер өз мәнисине ийе болған көп санларды көремиз. Санлар белгилер болып, әпиўайы сан мәнисинде жазылмаған.

Келиңлер, Аян китабында көрген бул санлардың базыларын көрип шығайық.

### Жети:




**Жаратылыс китабы 2:2-аятты** оқың.

Сизиңше, жети саны нени аңлатады? [14]

**Аян китабы 1:11-аятты** оқың. Ийса Юханға не ислеўди айтты? [15]

Солай етип, Аян китабы сол дәўирдеги ҳәм ҳәзирги ўақыттағы барлық жәмәәтлерге жазылған хат екенин билдиреди!

Базыда бизлер математика бойынша есаплаўымыз керек!

**Аян китабы 12:6-аятты** оқың. Ҳаял — бул жәмәәтти сүўретлейди.

Қашанға шекем Қудай оған ғамхорлық қылады? [16]

Бул неше ай? [17]

Бул неше жыл? [18]

Егер жети жыл — мәңгилик дегенди билдирсе, онда үш ярым жыл жети жылдың ярымы болып, яғный шөлистандағы ўақтымыз мәңги даўам етпейтуғынын аңлатады!

## Алты:



Алты нени аңлатады? Бул жети менен мәниси бирдей ме? [19]

Алты «жети емес» дегени. Бул толық емес сан есапланады, соның ушын, жаўызлық саны.

Шайтан Қудайға еликлеўди жақсы көреди. Гейде бир нәрсе дерлик «жети» ге уқсап көринеди ҳәм бизлер оны «жети» деп шешимге келиўимиз мүмкин. Бирақ бул жети емес, ал алты. Шайтан бизлерди Қудайға емес, оған бойсыныўымыз ушын алдаўды жақсы көреди.

Қандай да бир нәрсениң Қудайдан екенин қалай билемиз? [20]

Егер яҳудийлер қандай да бир нәрсени түсиндирмекши болса, оны үш мәрте айтады.

**Ийшая китабы 6:3-аятта** серафлар Қудайды қалай сүўретлейди? [21]

Олар Қудай толық мухаддес екенин айтады.

Егер 7 толықлықты билдирсе ҳәм бизлер Қудайға сан беретуғын болсақ, онда бизлер Оған 777 санын беремиз, себеби Ол толық минсиз.

Деген менен, шайтан бизлерди алдаўды жақсы көреди. Ол ҳеш қашан жақсы болмаған. Ол пүткиллей жаўыз. Ол Қудай сыяқлы бола алмайды.

Солай етип, ол **Аян китабы 13:18-аятта** қандай санды алады? [22]

Бул не дегени? [23]

## Он:



Юхан ўақыт дәўирлери ҳаққында жазған ўақытта, он күн қысқа, ал мың жыл узақ дәўирди билдиреди.

Мысалы:

**Аян китабы 2:10-аятты** оқың. Олардың қуўғын болыўы қаншаға дейин созылады? [24]

Бул қысқа ўақыт.

**Аян китабы 20:1—6-аятларды** оқың. Шайтан қанша ўақытқа дейин қамап қойылды? [25]

Исениўшилер Ийса менен бирге қанша ўақыт патшалық етеди [26]

Мың жыл узақ дәўирди аңлатады. Бул Ийсаның биринши келиўи менен екинши келиўиниң арасындағы ўақыт аралығы (Оның өлимнен қайта тирилген ўақты менен дүньяны ҳүким етиў ушын екинши

келиўиниң ўақыт аралығы). Сол ўақыт ҳәзирги ўақыт! Ийса Өз жәмәәтин басқарып, оны қурып атыр. Шайтан қамап қойылғаны ушын, ол өзи қәлегенинше көп жаўызлық қыла алмайды. Бирақ ол қорқынышлы ислер қылыўы ушын қысқа ўақытқа босатып жибериледи, кейин Ийса қайтып келеди.

Он күн нени аңлатады? [27]

Мың жыл нени аңлатады? [28]

Бүгинги күнде көп масийхыйлар Аян китабы 20:1–6-аятлардың түсиниги бойынша келисим бермейди.

Келиңлер мыналарды есте сақлайық:

Аян китабында көплеген мәниге ийе белгилер бар, солардың ишине «1,000 жыл» да киреди.

Егер де бир нәрсе жүдә әҳмийетли болса, Қудай сол ҳаққында бизлерге Мухаддес Китапта көп тәкирарлап айтады.

Бизлер Мухаддес Китаптағы түсиникли сөзлерге көп дыққат аўдарыўымыз керек: Ийса гүналарымыз ушын өлди, Ол өлимнен қайта тирилди, Ол дүньяны ҳүким етиў ушын, қайтып келеди ҳәм Ийса ушын өмир сүргенлер Оның менен бирге әжайып Жаңа жаратылыста мәңги жасайды.

Бизлер Мухаддес Китап ақырғы ўақыт ҳаққында анық ҳәм қайталап айтқан сөзлерге бир нәрсе қосыўдан абайлы болыўымыз керек.

Және де, бизлер менен келисим бермейтуғынларды сүйиўимиз тийис.

Масийхыйлар бизлер менен келисим бермеген ўақытта, бизлер нени есте сақлаўымыз керек? [29]

1.

2.

3.

4.

5

## Он еки:



**Шығыў 24:4-аятын** оқың. Израилда неше урыў болған? [30]

**Лука 6:13-аятты** оқың. Ийса неше елшини таңлап алды? [31]

Солай етип, сиз он еки санының мәниси қандай деп ойлайсыз? [32]

**Аян китабы 21:12—14-аятларды** оқың. Бул жерде Жаңа Ерусалим ҳаққында сүўретлейди.

Жаңа Ерусалимниң неше дәрўазасы бар [33]

Ол жерде неше периште бар? [34]

Неше тийкары бар [35]

Бул толық қәўипсиз қала!

Қәне, математикалық бойынша есаплап көрейик.

12x12 нешеге тең болады? [36]

144x1000 нешеге тең болады? [37]

**Аян китабы 7:4-аятты** оқың. Аспанда Ийса менен бирге неше адам болады? [38]

(12) мәрте исениўшилердиң толық санына (12) мәрте исениўшилердиң толық санына көбейтилип, үлкен сандағы топар яғный санаў ушын жүдә көп болған (1000) ға көбейтиледи. 12x12x1000=144,000.

Солай етип, 144,000 саны нени аңлатады? [39]

Барлық исениўшилер ушын орынлар бар! Таңланған азғантай ғана исениўшилер ушын орын бар, деп айтатуғынларға исенбең.

Аян китабындағы санлар белги болып, өз мәнислерине ийе, буларды сөзбе-сөз түсинбеўимиз керек. Қудайдың бизлерге усы санлар арқалы не айтатуғыны ҳаққында ойланыўымыз керек.

Сонда Юхан не ушын Аян китабын жазған? [40]

## Ядлаў ушын аят



Мына жерде Ийсаның жәмәәт ушын берген әжайып ўәдеси бар. Бул Өз халқы ушын айтқан Ийсаның сөзи. Ол бизлердиң қасымызда болады! Ол бизлерди Өзи менен жақын қарым-қатнаста болыўға шақырып атыр!

**Аян 3:20:** «*Мине, Мен қапы алдында қағып турман. Егер ким де ким даўысымды еситип, қапыны ашса, оның үйине киремен. Мен оның менен, ол Мениң менен бирге аўқат жейди*».

## *Қосымша:* Санлар тести



7 саны нени аңлатады? [41]

6 саны нени аңлатады? [42]

10 күн нени аңлатады? [43]

12 саны нени аңлатады? [44]

### Сиз қуўдаланып атырған адамды қалайынша жигерлендире аласасыз?

### Олар менен Аян китабынан қандай пикирди бөлисе аласыз?

# Жуўаплар

1 – Өйткени көп исениўшилер Ийсаға болған исеними себепли өлтирилип атыр.
2 – 1) Ийса дүньяны басқаратуғын ҳақыйқый Патша!
2) Шайтан күшли ҳәм жаўыз болыўы мүмкин, бирақ Ийса өлимнен қайта тирилгенде ол жеңилди.
3) Жақын арада Ийса дүньяны ҳүким қылыў ушын келеди ҳәм шайтанды, және де.
4) Өзиниң душпанларын дозаққа жибереди.
5) Соннан соң Ийсаға исенгенлердиң ҳәммеси әжайып Жаңа Жерде мәңги жасайды!
3 – Ҳәр күни.
4 – Ийса дүньяны басқаратуғын ҳақыйқый Патша!
Шайтан күшли ҳәм жаўыз болыўы мүмкин, бирақ Ийса өлимнен қайта тирилгенде ол жеңилди.
Жақын арада Ийса дүньяны ҳүким қылыў ушын келеди ҳәм шайтанды, және де Өзиниң душпанларын дозаққа жибереди.
Соннан соң, Ийсаға исенгенлердиң ҳәммеси әжайып Жаңа Жерде мәңги жасайды!
5 – Бул Қудайдың Юханға берген аяны. Бул тарийх емес.
6 – Даниел, Езекиел ҳәм Зехария.
7 – Юхан қызыл айдарҳаны көрди.
8 – Бул жаўыз ҳәм қәўипли.
9 – Шайтан.
10 – Он шақ.
11 – Ол он шақлы қорқынышлы мақлуқты көрди.
12 – Он патша.
13 – Гитлер, Сталин, ИГИЛ, Талибан.
14 – Қудай алты күнде дүньяны жаратты ҳәм жетинши күни дем алды. Жети «жетик» ямаса «толықлық» дегенди билдиреди. Жети саны Мухаддес Китаптағы жетик, толық сан есапланады.
15 – Жети жәмәәтке хат жаз.
16 – 1,260 күн.
17 – 42 ай (1260 күн 30 ға бөлинген = 42).
18 – Үш ярым жыл (42 ай 12 ге бөлинген = 3,5).
19 – Яқ!
20 – Бизлер Қудайдың сөзин қаншелли көп оқысақ, соншелли шынлықты жалғаннан ажырата аламыз.
21 – Мухаддес, мухаддес, мухаддес.
22 – 666.
23 – Ол пүткиллей ҳәм жүдә жаўыз.
24 – 10 күн.
25 – 1,000 жыл.
26 – 1,000 жыл.
27 – Қысқа ўақыт.
28 – Жүдә узақ ўақыт.
29 – 1) Аян китабында көплеген мәниге ийе белгилер бар, солардың ишине «1,000 жыл» да киреди.
2) Егерде бир нәрсе жүдә әҳмийетли болса, Қудай сол ҳаққында бизлерге Мухаддес Китапта көп тәкирарлап айтады.
3) Бизлер Мухаддес Китаптағы түсиникли сөзлерге көп дыққат аўдарыўымыз керек: Ийса гүналарымыз ушын өлди, Ол өлимнен қайта тирилди, Ол дүньяны ҳүким етиў ушын, қайтып келеди ҳәм Ийса ушын өмир сүргенлер Оның менен бирге әжайып Жаңа жаратылыста мәңги жасайды.
4) Бизлер Мухаддес Китап ақырғы ўақыт ҳаққында анық ҳәм қайталап айтқан сөзлерге бир нәрсе қосыўдан абайлы болыўымыз керек.
5) Және де, бизлер менен келисим бермейтуғынларды сүйиўимиз тийис.
30 – Израилда 12 урыў болды.
31 – 12.
32 – Толық муғдар яки толықлық — бирде биреўи қалдырылмады.
33 – 12.
34 – 12.

35 – 12.
36 – 144.
37 – 144,000.
38 – 144,000.
39 – Бул сан исениўшилердиң толық санын аңлатады. Бунның мәниси: исениўши болғанлардың ҳәммеси ҳәм ҳәзир исениўши болғанлар ҳәм бизлерден кейин исенетуғынлардың ҳәммесин өз ишине алады.
40 – Ол қатты қуўдалаў астында қалған исениўшилер жәмәәтин жигерлендириў ушын жазған.
41 – «Жетик» яки «Толық».
42 – Жаўыз.
43 – Қысқа ўақыт.
44 – Улыўмалық муғдар яки толықлық.

# 38-Сабақ:

# **Аян китабы** (2-бөлим)



Аян китабының 1-бабынан бир үзиндини үйренип шығайық.

**Аян 1:12–18-аятларды** оқың.

7 шыра қойғыш нени аңлатады? **(12-аят)** [1]

**Юхан 8:12-аятта** Ийса Өзин не деп атайды? [2]

Жарықлық қандай жумыс атқарады? [3]

Израиллылар шөлде қаяққа қарай жүретуғынын қалай билди? (Шығыў 13:21) [4]

**Забур 26:1-аятта** Құдайды қалайынша тәриййиплейди? [5]

**Забур 118:105-аятта** Құдайдың сөзин қандай деп сүўретлейди? [6]

Ал, Ийса Өзин «дүньяның нуры» деп атағанда, нени нәзерде тутқан? [7]

Егер жәмәәтлер шыра қойғыш болса, онда олардың ўазыйпасы не? [8]

**Аян 1:13-аятта** Ийса қайсы жерде? [9]

Бул қандай мәнини аңлатады? [10]

Ийса не кийген еди? [11]

**Шығыў 28:4-аятта** белбеўли узын кийимди ким кийген? [12]

Оның шашлары ҳаққында не жазылған? **(Аян 1:14-аятта)** [13]

Ақ шашлар нени аңлатады? [14]

Даниел 7:9-аятта Даниел аянда Қудайды көргенде, Оның шашлары да ақ еди.

Бул Қудай ҳаққында нени аңлатады? [15]

**Аян 1:14-аятта** Оның көзлери ҳаққында не жазылған? [16]

Сизиң пикириңизше, бул нени аңлатады? [17]

Оның аяқлары ҳаққында не жазылған? **(Аян 1:15-аятты)** [18]

Қола қатты ҳәм жылтыр метал болып табылады. Олар қоланы айна ретинде қолланыў ушын жылтыратып, ислеў берген. Қола нени аңлатады? [19]

Соның менен бирге, Даниел аянда көзлери жанып турған, қолы ҳәм аяқлары қолаға уқсаған таң қаларлық адамды көрди (Даниел 10:6).

**Аян 1:15-аятта** Ийсаның даўысы ҳаққында не жазылған? [20]

Сизиң пикириңизше, бул нени аңлатады? [21]

Бул Езекиел 43:2-аятта Езекиелдиң көрген аянында еситкен даўысы болып табылады.

Ийсаның оң қолы не еди? **(Аян 1:16-аятты)** [22]

Бул нени аңлатады? **Аян 1:20-аятты** оқың. [23]

Ийса барлық периштелердиң үстинен толық ҳүкимдарлыққа ийе!

Периштелер не ислейди? **Еврейлер 1:14-аятты** оқың. [24]

Ийсаның аўызынан не шығады? [25]

Бул қандай мәнини аңлатады? **Ийшая 11:4-аятты** оқың. (Масийх ҳаққында пайғамбаршылық.) [26]

Оның жүзи ҳаққында не жазылған? [27]

Хош Хабарда Ийсаның жүзи қашан жарқыраған? **Матта 17:1—2-аятларды** оқың. [28]

Бул нени корсетеди? [29]

Ийса Яқыяға не деди? **(Аян 1:17-аятты)** [30]

Мухаддес Китапта «Қорқпа!» сөзи неше рет жазылған? [31]

Жылдың ҳәр күни ушын бир мәрте! Қудай бизлерге ҳәр күни қорықпаўымыз керек екенин еслетпекши! Бизлер тек ғана Қудайдан қорқыўымыз керек!

Ийса және не деди? **(Аян 1:17—18-аятларды)** [32]

Бул қандай мәнини аңлатады? [33]

## Досларыңызға Ийсаны қалайынша сүўретлеген болар едиңиз?

## Ийсаға алғыс айтыў ушын усы үзиндилердеги сөзлерден пайдаланың.

# Жуўаплар

1 – Жети жәмәәт.
2 – Дүньяның нуры.
3 – Нур бизлерге көриў имканиятын береди!
4 – Қудай оларды күндиз булт минарасы болып, түнде болса жақтылық бериў ушын от минарасы болып оларды алып жүрди.
5 – *Ол мениң нурым ҳәм қутқарыўшым.*
6 – *Сениң сөзиң аяғыма шыра, жолыма нур болып табылады.*
7 – Ол Өзиниң Қудай екенлигин жәриялап атырған еди. Өйткени тек ғана Қудай жүреклеримиздиң қандай екенин ҳәм қалай жасаўымыз керек екенин көрсете алады.
8 – Ийсаның нуры жәмәәт арқалы жәмийетимизге жарқыраўға жол қойыў ушын! Адамлар бизлер арқалы Ийсаның сүйиспеншилигин ҳәм жақсылығын көрсин!
9 – Ол шыра қойғышлар арасында.
10 – Ийса бизлер менен — Ол бизлерди таслап кетпеди!
11 – Үстине узын кийим кийген, көкирегине алтын өңирше байлаған еди.
12 – Булар бас руўханий Харонның кийимлери еди.
13 – Басының шашлары ақ жүн ямаса қардай аппақ еди.
14 – Бул сизде даналық бар екенин аңлатады — сол себепли Орта Азияда ғаррыларды «ақсақаллылар» деп атайды!
15 – Қудайда толық ҳәм минсиз даналық бар.
16 – Оның көзлери жанып турған отқа уқсайтуғын еди.
17 – Қудай ҳәмме нәрсени биледи. Бизлер Қудайдан ҳеш нәрсени жасыра алмаймыз!
18 – Оның аяқлары ошақта қыздырылған жылтырақ қола сыяқлы еди.
19 – Даңқ, күш ҳәм қәўипсизлик.
20 – Бул күшли сарқырап турған суўдың сестиндей еди.
21 – Ийса күш ҳәм бийлик пенен сөйлейди.
22 – Жети жулдыз.
23 – Булар жети жәмәәттиң хабаршылары ямаса периштелери болып табылады.
24 – Периштелер бизлерге ҳәмме ўақытта жәрдем береди, ҳәттеки бизлер оларды көрмесек те!
25 – Еки жүзли қылыш.
26 – Ийса пүткил дүньяны ҳүким етеди!
27 – Оның жүзи күшли жарқырап турған қуяштай еди.
28 – Ийса Петрди, Яқыпты ҳәм Юҳанды таўға бирге алып кеткенде, олардың алдында Оның түр-түси өзгерип кетти.
29 – Бул Ийсаның уллылығын көрсетеди.
30 – Қорқпаң!
31 – 365 мәрте.
32 – *Мен биринши ҳәм соңғыман, Мен тиримен! Өлген едим, бирақ, мине, мәңгиге тиримен! Өлимниң ҳәм өлилер мәканының гилтлери Мениң қолымда!*
33 – Масийх Ийса мәңги. Ол өз жанын қурбанлыққа берди ҳәм қайта тирилди. Сондай-ақ, Масийх өлимди жеңип шықты! Соның ушын, Ол бизлерге бул дүньяда не жүз беретуғынын шешеди ҳәм Ол бизлердиң мәңгилик келешегимизди шешеди.

39-Сабақ:

# Жаңа Жаратылыс



## Қудай Өз ўәделерин орынлайды!

**Жаратылыс 12:1—7-аятларда** Қудай Ибрайымға қандай ўәделер берген? [1]

Қудай Ибрайымға берген ўәделерин қашан толық орынлайды? [2]

## Халық, жер ҳәм жарылқаў қандай болады?

Жаңа Жаратылыста адамлар арасында ким болады? Ким Қудай менен мәңги жасайды? **Аян 7:9-аятты** оқың. [3]

Жаңа жер неге мегзейди? **Аян 22:1—5-аятларды** оқың. [4]

Қудай бизлерге қандай жарылқаў береди? **Аян 21:3-аятты** оқың. [5]

Келиңлер, усы үш нәрсе ҳаққында көбирек түсиниўге жәрдем бериў ушын **Аян 21:1—8-аятларды** оқып шығайық.

## Жаңа жер



Жаратылыс 3:17—18-аятларда Адам-ата менен Ҳаўа-ене гүна ислегенде, жерде не жүз берди? [6]

**Аян 21:1-аятта:** Биринши аспан менен жерге не болады? [7]

**Аян 21:5-аятта:** Қудай нени жаңалайды? [8]

Қудай Өз халқы ушын жаңа үй ўәде етти. Бул ўәде етилген жерден ямаса Эден бағынан әдеўир жақсы болады! Жаңа үйимизди ҳеш ким бузбайды. Қудайдың барлық душпанлары менен шайтан ол жерде болмайды.

**1 Коринфликлер 15:42–44-аятларды** оқың. Бизлердиң денемиз қандай болады? [9]

Қудай бизлерди кеселсиз ҳәм гүнасыз болған минсиз денелер менен минсиз қылады!

# Адамлар



**Аян 21:2-аятты** оқың. Жәмәәтти сүўретлейтуғын 3 түрли сөз дизбеги ямаса сөзлер қандай? [10]

Бул сөзлер бизлерге нени үйретеди?

- **Мухаддес қала** — Сиз мийримсиз адамлары ҳәм бир-бирине өшпент адамлары жоқ жәмийетти көз алдыңызға келтире аласыз ба?

- **Жаңа Ерусалим** — бул ең әжайып қаланы аңлатады! Ҳәмме нәрсе жаңа ҳәм ҳеш қашан ескирмейди! Ҳеш қандай патаслық, шығынды, ўайрангершиликке айланған үйлер, жолларында шуқырлар, тиленшилер, сизди алдайтуғын өтирик рекламалар жоқ!

  Ҳәммеси шырайлы, жаңа, таза, тыныш ҳәм жақсы ислейди!

  Ҳәр сапар бул дүньяда гейпара нәрселер бизлерди ғәзеплентиреди. Қудайдың бизлерге бул жер ҳақыйқый үйимиз емес екенин ескертиўи ушын, бул мүмкиншилик болып табылады. Ол бизлер ушын жүдә жақсы үй таярлап атыр!

- **Өз күйеўи ушын таярланып безенген келин** — бул исениўшилердиң жүдә сулыў ҳәм сүйиўши адамларға айланғанын билдиреди!

Ийса бизлерди қалайынша гөззал қылады? **Ефесликлер 5:25–27-аятларды** оқың. [11]

Әлбетте, Мухаддес Руўх бизлерди Ийсаға көбирек уқсатыў ушын өмиримизде көп жумыс ислеп атыр.

Усы тәрийиплеўлерден жәмәәттиң Қудайдың көз-қарасы менен қаншелли қәдирли екенин түсиниўимизге жәрдем береди? Сонлықтан, бизлер бир-биреўимизге қәдирли аға-ини ҳәм апа-сиңли сыяқлы мүнәсибетте болыўымыз керек. Жәмәәттиң ҳәр бир ағзасы қымбатлы болып есапланады!

Қудай бизлерди Ийсаға көбирек уқсатыў ушын ҳәр-биримизде Өз жумысын ислеп атыр. Бирақ Жаңа Ерусалимге бараман дегенимизше, сабырлы болып, бир-биримизди кешириўимиз керек! Жаңа Жаратылысқа ерисиў ушын бир-биримизге қолымыздан келгенинше ҳәмме нәрсени ислеўимиз тийис!

# Жарылқаў

**Аян 21:3-аятты** оқың. Қудай қай жерде? [12]



Бизлер жаңа үйде тек ғана жаңа адамлар болып қоймаймыз, ал Қудай менен жаңа дослыққа да ийе баламыз! Егер Ийсаға исенсек, биз әлле қашан Қудай менен доспыз! Бирақ жаңа жаратылыста бул еле де күшли болады! Бул әжайып болады!

**Аян 21:4-аятты** оқың. Қудай бизлерге не ислейди? [13]

Жаңа Ерусалимде не болмайды? [14]

**Ийшая 35:10-аятты** оқың. Жаңа Ерусалимде адамлар өзлерин қалай сезеди? [15]

**Аян 21:6-аятты** оқың. Ийса Өзин қалайынша сүўретлеген? [16]

Бул нени аңлатады? [17]

Ийса бизлерге не береди? [18]

Ийса өмир суўын кимге береди? [19]

Шөллеп қалыў нени аңлатады? [20]

Өмир суўынан ишиў нени аңлатады? **Юхан 7:37—39-аятларды** оқың. [21]

Сиз ҳәр күни өмир суўынан ишесиз бе?

# Дүньяның ҳәзирги ҳәм ақырғы дәўир аралығы

**Аян 21:7-аятты** оқың. «Жеңимпаз болғанлар» деген нени аңлатады? [22]

Ийсаның изине ериў қандай ўақытта қыйын болады? [23]

Бизиң сыйлығымыз не болады? [24]

Жаңа үйимизге киргенимизде, бул көз алдымызға келтиргенимизден де жақсырақ болады!

**Аян 21:8-аятты** оқың. Сол жаман адамлар менен не жүз береди? [25]

## Шақырық



Усы аят басқалар, яғный жаман адамлар ҳаққында айтып атыр, деп ойлаў жүдә аңсат. Бирақ...

- Бизлер Ийсаның изине ериўден қашан болса да қорққанбыз ба?
- Бизлер қашан болса да Оған қыянет еттик бе?
- Бизлер қашан болса да жаўыз(бузық) болғанбыз ба (ой-пикиримизде болса да — Матта 5:27–29)?
- Бизлер қашан болса да адам өлтириўши болғанбыз ба (ой-пикиримизде болса да — Матта 5:21–22)?
- Бизлер қашан болса да бутқа табыныўшы болғанбыз ба? Бизлер бир нәрсени қатты жақсы көрсек, сол бизлердиң бутымыз болып есапланады.

**Нызамның қайталаныўы 6:5-аятты** оқың. Бизлер Қудайды қаншелли сүйиўимиз керек? [26]

Бизлер дүньядағы барлық нәрседен гөре Қудайды көбирек жақсы көриўимиз керек, себеби Қудай усыны қәлейди!

Бирақ бизлер Жаңа Жаратылысқа бараман дегенше, ҳәр биримиз Қудайдың алдында надурыс ислер ислеймиз.

Солай етип, Қудай бизлердиң гүналарымызды ашып бергенде, бизлер не ислеўимиз керек? [27]

Қудай ҳәмме ўақытта бизлерди кешириўге таяр!

### Қудайдың сизди Ийса сыяқлы етип өзгертиўине жол қойып атырсыз ба?

Солай етип, бүгин Жаңа Жаратылыс ҳаққында не үйрендик? [28]

### Келиңлер, Қудай қәлегениндей сулыў келин болыўға күш салайық!

# Жуўаплар

1 – Адамлар, жер ҳәм жарылқаў.
2 – Пүткил Мухаддес Китап бойынша Қудайдың Өз ўәделерин қалай орынлап баслағанын көремиз. Деген менен, Қудай сол ўәделерин Жаңа Жаратылыста, яғный Жаңа Ерусалимде толығы менен орынлайды.
3 – Қудайдың халқы ҳәр бир урыўдан, ҳәр бир миллеттен ҳәм ҳәр бир тилден болады!
4 – Бул ең әжайып жер болады: ашлық, гүна, аўырыў, өлим, қараңғылық, машқала болмайды, ҳеш қандай қорқыныш та болмайды.
5 – Қудай бизлерди өзлеримиз көз алдымызға келтиргеннен гөре көп жарылқайды! Әлемниң Жаратыўшысы, мийримли, рeҳимли ҳәм сүйиўшиниң Өзи бизлер менен бирге жасайды.
6 – Қудай жерди нәлетледи. Бизлердиң дүньямыз бузылып, ўайран етилди.
7 – Олар тез арада жоқ болып кетеди.
8 – Ҳәммесин!
9 – Ширимейтуғын, салтанатлы, күшли ҳәм руўхый болады.
10 – Мухаддес Қала, Жаңа Ерусалим ҳәм Өз күйеўи ушын таярланып безенген келин.
11 – Ол Өзиниң сөзи арқалы сөйлейди, солай етип, гүналарымыз ҳаққында түсинип, Оннан өзгериўимиз ушын жәрдем сораймыз.
12 – Ол Өз халқы менен бирге!
13 – Олардың көз жасларын сүртеди. Ол бизлердиң шеккен азапларымызды түсинеди ҳәм бизлерди жубатады.
14 – Ол жерде ҳеш қандай өлим де, қайғы да, зар жылаў да, азап-ақырет те болмайды.
15 – Олар бизлер ойлағанымыздан да көбирек бахытлы болады.
16 – Альфа ҳәм Омега, Биринши ҳәм Соңғы.
17 – Альфа ҳәм Омега грек әлипбесиниң биринши ҳәм соңғы ҳәриплери болған (Жаңа Келисимниң негизги нусқасы грек тилинде жазылған). Ийса дүнья жаратылғанда бар болған ҳәм Ийса дүньяның ақырында келеди.
18 – Өмир суўы.
19 – Шөллеп қыйналып атырғанларға.
20 – Бул бизлердиң Қудайға қаншелли мүтәж екенимизди билиўимизди билдиреди. Бизлер Қудайсыз өлетуғынымызды түсинемиз.
21 – Ийсадан бизлерди Өз Мухаддес Руўхы менен толтырыўын сораўды билдиреди!
22 – Булар не жүз берсе де, Ийсаның изине ериўди тоқтатпаған адамлар. Олар ақырына дейин садық қалады.
23 – Мынадай ўақытта:
- Исенимимиз себепли адамлар бизлерге жаман қатнаста болғанда.
- Адамлар бизлерди қуўдалағанда.
- Бул өмирде ҳеш нәрсемиз келиспей атырғандай болып сезгенимизде, ҳәмме нәрсе керисинше болып кетеди.

24 – Бизлер ҳәмме нәрсениң мийрасхоры ҳәм Қудайдың балалары боламыз! Мәңгиликке Қудайға тийисли боламыз!
25 – Олар күкирт жанған от көлине тасланады.
26 – Шын жүрегимиз, жан-тәнимиз ҳәм бар күшимиз бенен.
27 – Тәўбе етиң ҳәм Ийсадан жүрегиңизди өзгертиўин сораң.
28 – Ийса қайтып келгенде, Қудай Ибрайымға берген ўәдесин толығы менен орынлайды.
Бизлер жаңа үйимизде, минсиз денемизде жаңа адам боламыз ҳәм Қудай менен жаңадан қарым-қатнасқа ийе боламыз!
Ийса сол жерге барыўымыз ушын, бизлерге керекли болған барлық нәрсени береди.
Бизлер ақырына дейин Оған садық болыўымыз шәрт.

40-Сабақ:

# 8 сүўрет бойынша Мухаддес Китаптағы ўақыялар

Бул сабақлықта үйренгенлеримизди көрип шығыў ушын, бизлер усы сүўретлерден ең ақырғы мәрте Мухаддес Китаптағы уллы ўақыяның әҳмийетли пикирлерин түсиндириў ушын пайдаланамыз.




Бизлер биринши сүўрет ҳаққында оқыймыз, кейин топардағы бир адам бул мағлыўматты оқымай қайталаўы керек. Кейин екинши сүўрет ҳаққында оқыймыз ҳәм басқа адам оны тәкирарлайды. Бизлер ақырына жеткенимизде, жазыўға қарамай барлық 8 сүўретти нәўбет пенен тәкирарлаймыз. Биргеликте барлық 8 сүўрет бойынша талқылағаныңызда, өзиңизге унаған сабақлардан қосымша мағлыўматлардан қоссаңыз болады.




## 1. Жаратылыс

Қудай ҳәмме нәрсени жақсы етип жаратты. Қудай дәслепки адамлар, яғный Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ене менен бирге Эден бағы деп аталған гөззал бағда жасады.




## 2. Гүнаның басланыўы

Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ене Қудайға бойсынбай, ал шайтанға қулақ салды. Солай етип, олар Қудайдың жарылқаўынан, мәңгилик өмирден айырылды.

Сүўреттеги оқ сызық, Қудайдың оларды бағдан ҳәм Өзиниң дәргайынан қуўып шығарғанын көрсетеди.

Сол ўақыттан берли адамлар және Қудай менен байланысыўды әрман етип келеди.



## 3. Ўәде

Қудай Ибрайымға Өзи ушын айрықша болған **халықтың** әкеси болатуғынын айтып, ўәде етти.

Қудай Ибрайымға Өзи арасында жасаў ушын оларға **жер** бериўди ўәде етти.

Және Қудай ол арқалы бәрше халықларды **жарылқайтуғынын** айтып, ўәде етти.

Таж — Қудай олардың әдил Патшасы болатуғынын аңлатады.

Айқулақ — Қудайдың Өз ўәдесин орынлайтуғынын аңлатады (Жаратылыс 9:13–16). Сиз ҳәмме ўақытта Оған исенсеңиз болады!



## 4. Шығыў

Қудайдың халқы Мысыр елинде қул болған. (Пирамидалар Мысырды билдиреди.)

Оқ сызық — Қудай Өз халқын азап-ақыретли қуллықтан қутқарғанын көрсетеди.



## 5. Жер

Қудай Өз халқын ўәде еткен жерине алып барды. Олар сол жерде жасайтуғын жаўызлыққа толған кенаан халқын жеңилиске ушыратты.

Қудай Өз халқын берекетледи, бирақ олар басқа қудайларға табынып кетти. Қудай оларға көп мәрте ескертиў берди, бирақ соңында Қудай оларды сүргинге жиберди. Соннан соң, Қудай оларды ўәде еткен жерине қайтарып алып келди, бирақ олар және Қудайдың нызамларына бойсынбады ҳәм гүна ислеўди даўам етти.

Оларға гүналарынан азат ететуғын Қутқарыўшы ҳәм оларды туўры басқаратуғын Патша керек еди. Қудай бир күн келип, сондай Адамды, яғный Масийхты жибериўди ўәде еткен еди.



## 6. Ийса Масийх

Қудай ўәдесин орынлады! Қудай бул дүньяға Қутқарыўшы болып келди. Ийса деген ат — «Қудай қутқарады» деген мәнисти билдиреди. Ийса Қудайдың майлаған Қутқарыўшысы еди. Ол минсиз израиллы сыпатында Қудай менен жақсы қарым-қатнаста болып жасады ҳәм атанақ ағашта жан берди. Оның өлими Қудайдың бизлерди кешириўи ушын минсиз қурбанлық болды.

Оның тирилиўи гүна, өлим және шайтанды жеңгенин көрсетеди!

Енди адамлар және Қудай менен дос болып өмир сүре алады!



## 7. Ийса Масийхтың қайтып келиўи

Ийса ҳәзир аспанда.

Оқ сызық Ийсаның дүньяны жоқ қылыў ушын ҳәм адамларды ҳүким етиў ушын келетуғынын көрсетеди.

Қудай Ийса арқалы барлық адамларды ҳүким етеди.




## 8. Жаңа Жаратылыс

Патшамыз болған Ийса Масийх Өз халқын үйине алып келеди. Бизлер Қудай менен жаңа, мәңги ҳәм ўәде етилген жерде жасаймыз!

Енди гүна, қайғы және өлим болмайды!

Ийемиз Ийса шайтанды дозаққа жибереди.

Солай етип, Қудайдың халқы Жаңа Жаратылыста Қудай менен бирге мәңгилик өмирде шадланып жасайды!

### Усы ҳәптеде жоқарыдағы сүўретлерди кимлерге түсиндирип бере аласыз?

### Бүгин Қудайдың уллы ўақыясын билгеннен соң, бул сизди қаншелли руўхландырады?

# Мазмуны


| | | |
|---|---|---|
| **1-Сабақ:** | Мухаддес Жазыўдағы китаплар | 5 |
| **2-Сабақ:** | Ең баста | 11 |
| **3-Сабақ:** | Гүна | 16 |
| **4-Сабақ:** | Қудай жаўызлықты ҳүким етеди | 21 |
| **5-Сабақ:** | Ибрайымға берилген ўәде | 25 |
| **6-Сабақ:** | Қудайдың берген ўәделери Ибрайымның урапқларына өтти | 29 |
| **7-Сабақ:** | Қудай қутқарыўшы | 35 |
| **8-Сабақ:** | Қудай қурбанлықлар арқалы қутқарады | 40 |
| **9-Сабақ:** | Теңизден өтиў | 44 |
| **10-Сабақ:** | Қурбанлықлар | 48 |
| **11-Сабақ:** | Он буйрық | 52 |
| **12-Сабақ:** | Мухаддес шатыр | 59 |
| **13-Сабақ:** | Шөлдеги өмир | 63 |
| **14-Сабақ:** | Мухаддес Китап 8 сүўретте | 68 |
| **15-Сабақ:** | Ешуа | 70 |
| **16-Сабақ:** | Бийлер | 75 |
| **17-Сабақ:** | Патшалар | 82 |
| **18-Сабақ:** | Даўыт — ең уллы патша | 88 |

**19-Сабақ:** Даналық китаплары: Аюп. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 94

**20-Сабақ:** Даналық китаплары: Забур . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 98

**21-Сабақ:** Забур 90 . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 102

**22-Сабақ:** Даналық Китаплары: Ҳикметлер, Ўазшы ҳәм Қосықлар қосығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 107

**23-Сабақ:** Израил ҳәм Яҳуда пайғамбарлары . . . . . . . . . . . . . . . 112

**24-Сабақ:** Ийшая пайғамбар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 118

**25-Сабақ:** Нехемия . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 122

**26-Сабақ:** 8 Сүўрет бойынша Муқаддес Китап Ўақыялары . . . . . . . . . . 127

**27-Сабақ:** Қудай жер жүзине Адам болып келди . . . . . . . . . . . . . . 130

**28-Сабақ:** Масийх . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 133

**29-Сабақ:** Қорқынышлы қайғылы ўақыя жүз берди ме ямаса Қудайдың жобасы әмелге асты ма? . . . . . . . . . . . . . . . . 138

**30-Сабақ:** Ийсаның қайта тирилиўи ҳәм аспанға алыныўы . . . . . . . . . 142

**31-Сабақ:** Мухаддес Руўх . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 147

**32-Сабақ:** Жәмәәт . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 152

**33-Сабақ:** Басқаларға Хош Хабар айтыў! . . . . . . . . . . . . . . . . 158

**34-Сабақ:** Жаңа Келисимдеги хатлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . 162

**35-Сабақ:** 1 Салоникалылар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 168

**36-Сабақ:** Ийсаның қайтып келетуғын ҳәм ҳүким ететуғын күни . . . . . 172

**37-Сабақ:** Аян Китабы (1-бөлим). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 178

**38-Сабақ:** Аян китабы (2-бөлим) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 187

**39-Сабақ:** Жаңа Жаратылыс . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 191

**40-Сабақ:** 8 сүўрет бойынша Мухаддес Китаптағы ўақыялар . . . . . . . . 196

Мына 40 сабақлық китапша сизди Мухаддес Китап ўақыялары бойлап алып өтеди. Олардың ҳәр бир бөлеги бизди усы ўақыялар қалай етип Ийсаға қарай бағдарлайтуғынын көрсетеди. Бул сабақлықлар китапша бойлап Орта Азия мәдениятына сәйкес келетуғын мәселелерди қозғайды. Ҳәр бир сабақ көплеген сораўларды өз ишине алып, олардың жуўаплары сол сабақлардың соңында берилген. Солай етип, бул китапша Мухаддес Китапты изертлеўде барлық дәрежедеги Масийхыйлар тәрепинен пайдаланылыўы мүмкин. Китапшаның мақсети барлық Масийхыйлардың Қудайдың сөзин оқыўды жақсы көриўди үйретиўге жәрдем бериў болып есапланады.

KAA